PENOKOHAN WONTEN ING NOVEL *ADILING PANGERAN ANGGITANIPUN ANY ASMARA* (SATUNGGALING *TINJAUAN PSIKOLOGI SASTRA*)

SKRIPSI

Dipunaturaken Dhumateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Minangka Saperangan Prasarat

Kangge Pikantuk Gelar Sarjana Pendidikan

dening :

Ismi Kamilah

NIM 09205244008

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2013

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Penokohan wonten ing novel Adiling Pangeran Anggitanipun Any Asmara Satunggaling Tinjauan Psikologi Sastra* sampun pikantuk palilah dening *dosen pembimbing* kangge dipunujekaken salebeting *pendadaran*

Yogyakarta, 30 Mei 2013

Pembimbing I	Pembimbing II
Dr. Suwardi, M.Hum	Afendy Widayat, M.Phil
NIP 19640403 199001 1 004	NIP 19620416 199203 1 002

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Penokohan wonten ing Novel Adiling Pangeran Anggitanipun Any Asmara Satunggaling Tinjauan Psikologi Sastra* menika sampun dipunandharaken wonten sangajenging *Dewan Penguji* ing tanggal 10 Juni 2013 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Asma	*Jabatan*	Tapak Asma	Tanggal
Hardiyanto, M.Hum.	Ketua Penguji	.....	25/6-2013
Afendy Widayat, M.Phil.	Sekretaris Penguji	.....	25/6-2013
Sri Harti Widyastuti, M.Hum.	Penguji I	.....	25/6-2013
Dr. Suwardi, M.Hum.	Penguji II	.....	27/6-2013

Yogyakarta, 28/6 2013
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Dekan,

Prof. Dr. Zamzani, M. Pd.

NIP 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingkang tandha tangan wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama	: **Ismi Kamilah**
NIM	: 09205244008
Program Studi	: Pendidikan Bahasa Jawa
Fakultas	: Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika damelan kula piyambak. Samangertos kula, *karya ilmiah* menika wosipun boten dipunserat dening tiyang sanes, kajawi bab-bab tartamtu ingkang kula pendhet minangka *acuan* kanthi adhedhasar tata cara saha etika nyerat *karya ilmiah* ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 3 Juni 2013

Penulis,

Ismi Kamilah
NIM 09205244008

SESANTI

"Aja lunga yen tan wruh ingkang pinaran"

"Aja abukti lamun durung wruha rasane kang pinaran"

"Aja nganggo-anggo ugi, yen durung wikan arane busana di"

(Serat Dewaruci)

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur dhumateng Allah SWT. *karya ilmiah* menika kula pisungsungaken dhateng: Bapak kaliyan Ibu kula ingkang sampun paring panyengkuyung saha pandonga.

PRAWACANA

Alhamdulillah wa Syukurillah konjuk dhumateng Allah SWT ingkang tansah paring lumubering rahmat, barokah, saha hidayah dhateng panyerat, saengga skripsi kanthi irah-irahan ***"Penokohan wonten ing Novel Adiling Pangeran Anggitanipun Any Asmara Satunggaling Tinjauan Psikologi Sastra"*** menika saged kaimpun kanthi sampurna nir ing sambekala. Skripsi menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat pikantuk *gelar* Sarjana Pendidikan.

Skripsi menika saged pungkasan anggenipun nyerat amargi awit sampun dipunsengkuyung saking mapinten-pinten *pihak*. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun kanthi tulus dhateng.

1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat skripsi menika.
2. Bapak Dr. Suwardi, M. Hum. minangka Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun maringi bimbingan saha pandom salebeting kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
3. Dr. Suwardi, M.Hum. saha Drs. Affendy Widayat, M.Hum., minangka *pembimbing* ingkang tansah kanthi sabar saha tlatos maringi bimbingan tumrap panyerat.
4. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni inggih ingkang murakabi tumrap panyerat.
5. *Dewan penguji* sadangunipun Ujian Tugas Akhir Skripsi ingkang sampun paring pitedah saengga anggen kula damel skripsi saha ujian saged katampi.
6. Bapak Komarudin, Ibu Rusmiyati, saha Azizah Rahman ingkang sampun paring panyengkuyung saha pandonga tumrap panyerat.
7. Kanca-kanca kula Naratungga Indit Prahasita, kelompok arisan CCCM Uni, Endhut, Erika, Jebang, Ocha, Kiki, Desi, Fania, Intan, Putri, Firda, Ana, lan mBak Yayuk. Lajeng sedaya kanca-kanca Jurusan PBD, ingkang boten saged kula sebutaken sadaya ingkang sampun paring donga saha panjurung tumrap panyerat saengga skripsi menika saged kaimpun.

Temtu kemawon skripsi menika dereng saged kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika sadaya pangandikan menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning skripsi menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun.Wasana kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajap mugi-mugi skripsi menika saged murakabi tumrap pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, 3 Juni 2013

Panyerat,

Ismi Kamilah

WOSING ISI

Kaca

IRAH-IRAHAN..……..... i

PASARUJUKAN……... ii

PANGESAHAN……..... iii

WADHARAN……...……... iv

SESANTI.....……. v

PISUNGSUNG…....…… vi

PRAWACANA.....…….. vii

WOSING ISI…...……. ix

DHAFTAR *TABEL*…….…….... xi

DHAFTAR *LAMPIRAN*……. xii

SARINING PANALITEN....……... xiii

BAB I PURWAKA.....…….. 1

A. Dhasaring Panaliten…….…….... 1

B. Underaning Perkawis…….…….... 5

C. Watesaning Perkawis……... 6

D. Wosing Perkawis..…….…….... 6

E. Ancasing Panaliten.…….…….... 6

F. Paedahing Panaliten..……..... 7

BAB II GEGARAN TEORI..……..... 8

A. Psikologi lan Sastra..... 8

B. Struktur Kepribadian..... 14

1. *Id (Das Es)*..... 14

2. *Ego (Das Ich)*..... 16

3. *Superego (Das Uber Ich)*..... 17

D. Konflik..... 19

E. Panaliten ingkang Jumbuh..... 23

F. Cengkoronganing Pikir..... 24

BAB III CARA PANALITEN.....…….…... 26

A. *Pendekatan*.....…….....….... 26

B. Fokus Panaliten.....…..……. 26

C. Sumber Data Panaliten……..……..……..…….. 26

D. Cara Ngempalaken Data...…….…….. 27

E. Pirantining Panaliten .....…….……..…… 28

F. Keabsahan Data..... 29

G. Cara Analisis Data..... 30

BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN..... 31

A. Asiling Panaliten..... 31

1. Wujudipun Konflik Psikologis wonten ing novel Adiling Pangeran..... 32

2. Sebabipun Konflik saha Pungkasaning Konflik wonten ing Novel Adiling Pangeran..... 35

B. Pirembaganipun.....… 46

1. Wujudipun Psikologis nalika Konflik wonten ing novel Adiling Pangeran..... 46

2. Sebabipun saha Pungkasaning Konflik wonten ing Novel Adiling Pangeran..... 90

BAB V PANUTUP……..... 149

A. Dudutan...……..…… 149

C. Implikasi...…….…….. 150

D. Pamrayogi..... 151

..

KAPUSTAKAN.....…….…….... 152

LAMPIRAN…….…… 154

DHAFTAR *TABEL*

		Kaca
Tabel 1	Wujudipun Psikologis nalika Konflik wonten ing Novel *Adiling Pangeran* Anggitanipun Any Asmara.....	32
Tabel 2	Sebabipun saha Pungkasaning Konflik wonten ing Novel *Adiling Pangeran* Anggitanipun Any Asmara.....	35

DAFTAR *LAMPIRAN*

			Halaman
	Lampiran 1	Sinopsis Novel *Adiling Pangeran*.....…….....	1 54
	Lampiran 2	Tabel Analisis Wujudipun Psikologis nalika Konflik, Sebabipun saha Pungkasaning Konflik wonten ing Novel *Adiling Pangeran* Anggitanipun Any Asmara.	1 55

PENOKOHAN WONTEN ING NOVEL *ADILING PANGERAN* ANGGITANIPUN ANY ASMARA SATUNGGALING *TINJAUAN PSIKOLOGI SASTRA*

Dening Ismi Kamilah
NIM 09205244008

SARINING PANALITEN

Panaliten ingkang ancasipun kangge ndheskripsekaken Wujudipun psikologis nalika konflik, sebabipun saha pungkasaning konflik wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara kanthi migunakaken teori psikoanalisis Sigmund Freud.

Panaliten menika migunakaken *pendekatan* psikologi sastra kanthi migunakaken teori psikoanalisis Sigmud Freud. Sumber dhata wonten ing panaliten menika inggih menika novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara, kanthi wosing perkawis Wujudipun psikologis nalika konflik, sebabipun saha pungkasaning konflik ingkang dipunlampahi dening sedaya paraga. Cara ngempalaken data ingkang dipunginakaken inggih menika maos lan nyathet, lajeng dipunanalisis lan dipunandharaken kanthi deskriptif. Keabsahan data pikantuk saking *validitas semantis* lan *reliabilitas intrarater* kanthi cara maos lan neliti *subjek* panaliten kanthi wongsal-wangsul ngantos pikantuk data ingkang *konsisten*, *saha reliabilitas interrater*, inggih menika kanthi nglampahi *tanya jawab* kaliyan dosen pembimbing lan kancanipun ingkang dipunwastani nggadhahi pangertosan babagan psikologi sastra.

Asiling panaliten antawisipun: 1) wujudipun psikologis nalika konflik; 2) sebabipun saha pungkasaning konflik ingkang kedadosan wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara. Sedaya paraga ingkang karembag wonten ing panaliten menika inggih menika, Yanto, Yatun, Pak Karyo, Erlinah, Pak Suradiman, saha Sutopo. Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening para paraga inggih menika, sedhih, meri (iri), kuciwa, nekad, sadhar, bingung, kaget, grogi, mareming manah, ajrih, berontak, kuwatos, keduwung, pasrah, duka, isin, mangkel, trenyuh, saha males. *Temuan* wonten ing panaliten menika inggih menika *struktur kepribadian* Sigmund Freud inggih menika *id*, *ego*, lan *superego* ingkang wonten ing sedaya paraga ing novel *Adiling Pangeran*. *Struktur Kepribadian id*, dipunwakili wujud konflik sedhih, *ego* dipunwaliki wujud konflik kuwatos, lajeng superego dipunwakili wujud konflik sadhar. Saking *struktur kepribadian* menika, ingkang langkung *dominan* inggih menika *id*. Nalika *id* wonten, lajeng nuwuhaken *ego* saha *superego.* Sebabipun saha pungkasaning konflik dipunandharaken mawi cara njlentrehaken sebabipun konflik, lajeng nuwuhaken Wujudipun psikologis nalika konflik, lan kapungkasan kanthi pungkasaning konflik ingkang kedadosan.

Kata-kata kunci: novel, paraga, konflik, psikologi sastra.

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Novel inggih menika karya sastra prosa ingkang arupi cariyos ingkang dawa lan saged nuwuhaken kedadosan saking *alur*, paraga, lan *latar* utawi papanipun ingkang *kompleks* utawi jangkep. Sipatipun novel ingkang *kompleks* utawi jangkep (Sayuti, 2000: 10) paring kalodhangan dhateng panganggit kangge ngandharaken kawontenan para paraga wonten ing karyanipun. Ewadene novel menika karya fiksi utawi reka-reka, ananging gambaran paraga wonten ing novel kados dene ‘manungsa ingkang sejatosipun’. Saengga hakekatipun ing antawisipun aspek fisiologis, sosiologis, lan psikologisipun. Dipuntingali saking segi fisik, tuladhanipun nggambaraken yuswanipun, pasuryanipun, werni kulitipun, lan rikmanipun. Saking segi sosiologisipun, paraga saged katingal saking gambaran pakaryanipun lan sedaya lingkungan gesangipun wonten ing masarakat. Lajeng saking segi psikis, paraga saged katingal lumantar gambaran gejala-gejala penggalihipun, raosipun, lan kekajenganipun saengga pamaos saged mangertosi kadospundi watak paraganipun.

Kawontenan paraga wonten ing satunggaling novel menika perkawis ingkang penting, amargi kawontenan paraga paedahipun boten namung minangka tiyang ingkang ngasta cariyos, ananging ugi paring nyawa dhateng karya sastra (novel). Konflik-konflik ingkang dipunasta dening paraga saged paring pagesangan ingkang *dinamis*, utawi wonten gandheng raketipun antawis aluripun lan wosipun, saengga pamaos saged ngraosaken lan mangertosi alur cariyosipun.

Pangrembakaning novel Jawi sampun nate manggihi *masa kebuntuan* utawi wekdal ingkang boten lancar rikala taun 1990-an, nalika pangayom istana sampun boten saged paring upah dhateng pujangga ingkang sejatosipun sastrawan istana ingkang kedah nyerat kangge raja lan kerajan (Pradopo lumantar Utomo, 2002: vi). Panganggit nalika semanten nggantos objek pamaos dhateng rakyat, amargi piyambakipun sampun wonten ing njawi istana. Objek pamaos dhateng rakyat, ateges ngetrepaken ugi wosipun lan gaya utawi cara panyeratipun miturut kekajenganipun rakyat ingkang sejatosipun kathah-kathahipun taksih sinau maos.

Nalika semanten (panganggit sastra picisan (sastra Jawi) nate tuwuh subur rikala taun 1960—1970an), kathah panganggit ingkang ngasilaken novel namung dados karya panglipur kemawon. Wontenipun novel-novel ingkang ukuranipun alit lan reginipun mirah asring dipunsebat minangka ‘sastra picisan’. Panganggenipun tembung ‘picisan’ amargi karya sastra kasebat reginipun setunggal picis utawi sedasa sen nalika jaman rumiyin, dene wosipun saking karya sastra kasebat dipunwastani ‘murahan’ utawi boten nggadhahi mutu ingkang sae. Tema-tema ingkang dipunsuguhaken asring ngginakaken kisah romansa utawi katresnan. Kisah romansa (*romance*) inggih menika novel utawi cariyos ingkang titikanipun biasanipun ngengingi bab lelampahan kapahlawanan lan kasmaran kanthi gambaran ngengingi katresnan sarta paraga ingkang ayu lan bagus pidheksa (Utomo, 2002: 19). Lajeng gambaran wonten ing sampul karya sastra kasebat ingkang dipunwastani boten seronok.

Sastra picisan wonten ing sastra Jawi dipunwastani kanthi istilah ‘panglipur wuyung’ utawi panglipur manah. Karya sastra ingkang dipunripta namung

minangka pirantos ingkang paedahipun kangge nglipur manah ingkang saweg sedhih (Utomo, 2002: 52-53).

Panganggit sastra picisan ingkang langkung katingal nalika semanten salah satunggalipun inggih menika Any Asmara (AA). Bapakipun sastrawan Imam Budi Santosa menika panyerat novel Jawi nalika taun 1950-1987 lan sampun ngasilaken karya sastra ingkang cacahipun atusan. Karya-karyanipun AA lajeng boten namung dipunlalekaken kemawon. Ewadene kathah-kathahipun karya-karyanipun arupi sastra picisan, ananging kawontenanipun saged ngisi khasanah sastra Jawi ingkang kala rumiyin boten nggadhahi sastrawan kanthi karya sastra ingkang mutunipun sae. Wontenipun AA saged nyengkuyung sastrawan Jawi kangge makarya ing wekdal samenika.

Wonten ing panaliten menika badhe ngandharaken babagan aspek psikologis saking para paraga wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara. Anggenipun mendhet objek menika (miturut wiwit maos) amargi para paraga ingkang dipunwontenaken dening AA nggadhahi *kompleksitas* ingkang jangkep, inggih menika alur ingkang runut, sistematis, lan logis. Panganggenipun basa wonten ing pacelathon antawis paraga ugi sampun sae, ateges trep kaliyan tata basa Jawi. Beda kaliyan karya-karya ‘panglipun wuyung’ kala rumiyin (*Gerombolan 13, Gagak Mataram, Gagak Ngampar*, lan sanes-sanesipun) utawi panganggit ‘panglipur wuyung’ sanesipun, ingkang wonten ing karyanipun aluripun kadhang kala boten logis lan asring ngginakaken tembung ‘ndilalah’ saha panganggening tata basa ingkang dipuncampur antawis basa ngoko lan krama.

Kompleksitas paraga wonten ing novel *Adiling Pangeran* langkung ngandharaken babagan aspek psikologis (kapribadenipun paraga). Perkawis menika saged dipuntingali saking wujudipun psikologis nalika konflik, sebabipun saha pungkasaning konflik ingkang kedadosan dening para paraganipun. Karakter utawi watak ingkang katingal saking konflik kanthi cara ingkang jangkep ngemu teges pangertosan pamaos dhateng kapribaden saking paraga kasebat. Pramila, analisis psikologi sastra (*struktur kepribadian*) boten saged uwal saking wontenipun para paraga sarta konflik ingkang kalampahan wonten ing karya sastra.

Santrock (lumantar Minderop, 2010: 4) ngandharaken bilih kapribaden inggih menika perkawis ingkang ngemot babagan penggalih, pangraos, lan tingkah laku sarta karakteristik utawi watakipun manungsa ingkang nyukani pirsa caranipun anggenipun gesang sesarengan kaliyan tiyang sanes wonten ing pagesangan. Kanthi mekaten, pakempalan saking watak-watak ingkang dipunbekta dening paraga menika kapribaden ingkang hakiki. Analisis lumantar penokohan saged mangertosi karakter utawi watak paraga. Panganggening disiplin ngelmu psikoanalisis Sigmund Freud dados teori kangge njlentrehaken gejala kejiwaan utawi wujudipun psikologis nalika konflik, sebabipun saha pungkasaning konflik ingkang kalampahan dening para para wonten ing novel *Adiling Pangeran*.

Kathah tiyang ingkang ngginakaken psikoanalisis wonten ing sastra, amargi psikoanalisis mula bukanipun metode utawi cara terapi kanthi ancasipun medis. Ananging, Freud ngandharaken bilih psikoanalisis saged dipunginakaken kangge

sedaya asiling karya sastra manungsa. Kanthi mekaten, cara psikoanalisis saged mbiyantu kangge mangertosi badanipun piyambak lan mangertosi pagesangan.

Adhedhasar kasebat, kajian menika dipunlampahi. Kajian menika kangge mangertosi utawi kangge ngregani dhateng karya-karyanipun AA ingkang dipunwastani minangka karya panglipur wuyung. Langkung utami, kajian menika dipunlampahi kangge nambahi pangertosan babagan studi sejarah sastra Jawi ingkang saged dados gambaran paraga novel-novel panglipur wuyung kala rumiyin.

B. Underaning Perkawis

Adhedhasar dhasaring panaliten wonten ing inggil kasebat, wonten perkawis-perkawis ingkang badhe dipuntliti gayut kaliyan *Penokohan* wonten ing Novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara, inggih menika.

1. Wujudipun psikologis nalika konflik wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara.
2. Sebabipun konflik ingkang kedadosan wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara.
3. Pungkasaning konflik ingkang kedadosan wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara.
4. *Perwatakan* paraga-paraga wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara.

C. Watesaning Perkawis

Tumuju panaliten ingkang *fokus* lan wonten gayutipun kaliyan pokoking perkawis, boten sedaya perkawis badhe dipunteliti. Pramila panaliten menika badhe ngrembag babagan (1) wujudipun psikologis nalika konflik wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara, lan (2) sebabipun konflik saha pungkasaning konflik wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara.

D. Wosing Perkawis

Supados tujunipun panaliten menika langkung *fokus*, perkawis ingkang badhe dipuntliti wonten ing panaliten menika saged dipunrumusaken kanthi pitakenan mekaten.

1. Kados pundi wujudipun psikologis nalika konflik wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara?
2. Menapa kemawon sebabipun saha pungkasaning konflik wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara?

E. Ancasing Panaliten

Panaliten menika nggadhahi ancas kangge mangsuli pitakenan wonten ing wosing perkawis wonten ing inggil, inggih menipa kangge.

1. Ngandharaken menapa kemawon wujudipun psikologis nalika konflik wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara.

2. Ngandharaken menapa kemawon sebabipun saha pungkasaning konflik wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara.

F. Paedahing Panaliten

Panaliten menika nggadhahi paedah, ing antawisipun paedah teoritis lan paedah praktis. Supados langkung cetha, kalih paedah menika dipunandharaken mekaten.

1. Paedah Teoritis

Kanthi teoritis panaliten menika paedahipun inggih menika kangge nambahi pangertosan ngengingi bab wujudipun psikologis nalika konflik, sebabipun saha pungkasaning konflik ingkang kedadosan wonten ing kajian karya sastra minangka salah satunggaling panaliten ingkang jumbuh wonten ing salebeting kritik sastra.

2. Paedah Praktis

Kanthi praktis asiling panaliten menika nggadhahi paedah kangge ngandharaken jumbuhipun teori psikologi wonten ing panaliten sastra, inggih menika nambahi pangertosan ingkang gayutipun kaliyan karya sastra. Kejawi menika, asiling panaliten menika saged ugi dipundadosaken bahan tetandhingan kangge panaliten-panaliten salajengipun ingkang gegayutan kaliyan panaliten menika.

BAB II
GEGARAN TEORI

A. Psikologi lan Sastra

Dipuntingali saking ngelmu basa, tembung psikologi mula bukanipun saking Basa Yunani, inggih menika *psyche* lan *logos*. Tembung *psyhes* tegesipun inggih menika jiwa utawi ruh, lan tembung *logos* tegesipun inggih menika ngelmu utawi *ilmu pengetahuan*. Dados psikologi inggih menika ngelmu kangge mangertosi kawontenan jiwa utawi ruhing manungsa. Trep kaliyan ngendikanipun Atkinson (lumantar Minderop, 2011: 3) bilih *"psikologi berarti ilmu jiwa atau ilmu yang menyelidiki dan mempelajari tingkah laku manusia"*. Sedhih, meri (iri), kuciwa, nekad, sadhar, bingung, lan sapanunggalanipun, menika sedaya kelebet ing babagan psikologis ingkang kalampahan dening manungsa utawi dening paraga ing salebeting cariyos.

Pangandikan sanes ingkang nyengkuyung kaliyan ngendikanipun Minderop, inggih menika wonten ing bukunipun Wiyatmi kanthi irah-irahan *"Psikologi Sastra"*. Miturut Walgito (lumantar Wiyatmi, 2011: 2), bilih *"psikologi merupakan suatu ilmu yang meneliti serta mempelajari tentang perilaku atau aktivitas-aktivitas yang dipandang sebagai manifestasi dari kehidupan psikis manusia"*. Ateges, psikologi inggih menika ngelmu ingkang neliti lan mangertosi tingkah laku lan lelampahan-lelampahan ingkang dipunsebat minangka asiling utawi andharan-andharan saking pagesangan *psikis* manungsa.

Ngelmu psikologi menika ancasipun kangge ngandharaken kawontenan *kejiwaan* paraga-paraga wonten salebeting karya sastra. Kados dene ingkang dipunandharaken dening Ratna (2004: 342), bilih *"Secara definitif tujuan*

psikologi sastra adalah memahami aspek-aspek kejiwaan yang terkandung dalam suatu karya sastra". Ateges, psikologi sastra inggih menika sarana kangge mangertosi kawontenan utawi aspek-aspek kejiwaan saking paraga-paraga ingkang kamot wonten ing karya sastra. Karya sastra paring pangertosan dhateng masarakat kanthi boten langsung. Lumantar mangertos dhateng paraga-paraga wonten ing karya sastra, tuladhanipun masarakat saged mangertosi owahipun, lan lelampahan-lelampahan ingkang boten trep ingkang kedadosan wonten ing masarakat, khususipun ingkang gegayutan kaliyan *psike* (jiwa).

Miturut Hardjana (1985: 66) ngandharaken, bilih ngelmu psikologi kangge mangertosi tingkahing laku para paraga wonten ing salebeting karya sastra. Andharan menika dipunsengkuyung dening Siswantoro (2005: 26), bilih *"Psikologi sebagai ilmu jiwa yang menekankan perhatian studinya pada manusia, terutama pada perilaku manusia (human behavior or action)".* Dados ngelmu psikologi inggih menika dipunginakaken kangge mangertosi kawontenan jiwanipun para paraga kanthi cara ningali tingkah lakunipun manungsa ingkang kalampahan wonten ing salebeting karya sastra.

Wiwit andharan-andharan saking para ahli wonten ing inggil menika, saged kadudut, bilih psikologi inggih menika ngelmu kangge mangertosi babagan jiwa *(kejiwaan)* wonten ing gesanging manungsa. Mliginipun wonten ing babagan psikologi sastra, inggih menika gesanging manungsa wonten ing salebeting karya sastra. Lelampahan-lelampahan lan tingkah lakunipun manungsa menika mujudaken wangsulan utawi *respon* saking menapa ingkang kedadosan dhateng piyambakipun.

Jiwa inggih menika perangan saking manungsa ingkang boten saged katingal. Ewadene boten saget katingal mawi mripat ingkang kados umumipun, ananging jiwa menika “wonten”. “Wontening” jiwa menika katedahaken sarana wontening “rasa”. Raos ingkang mapan wonten ing salebeting batos kados dene raosipun-raosipun, penggalih lan pepenginan, ing salebeting donyaning *fiksi* utawi karya sastra (Endraswara, 2008: 18). Dados, jiwa menika saged dipumangertosi lumantar raos-raos ingkang wonten ing salebeting batos kanthi cara ngandharaken wonten ing ing satunggaling karya sastra. Saged kadudut bilih karya sastra menika wonten amargi raos, kekajengan, *gagasan* utawi penggalihipun ingkang wonten ing salebeting batosipun panganggit utawi saking para paraganipun, lan dipunserat ingkang awujud karya sastra menika. Lelampahan-lelampahan ingkang katindakaken dening manungsa menika nggambaraken kawontenan jiwanipun manungsa kasebat. Manungsa, utawi wonten ing salebeting karya sastra, mliginipun novel inggih menika paraga, gampil sanget menawi badhe dipuntingali lan dipunmangertosi kawontenan jiwanipun. Tuladhanipun, nangis. Nangis biasanipun nggambaraken kawontenan jiwanipun paraga ingkang saweg sedhih, sisah, trenyuh, lan nelangsa. Ewadene nalika saweg bingah ugi saged dipungambaraken kanthi nangis *(tangisan bahagia)*.

Wonten tigang cara ingkang dipunlampahi kangge mangertosi gayutipun antawis psikologi kaliyan sastra. Ingkang kaping setunggal, inggih menika mangertosi unsur-unsur kejiwaan pangripta minangka panyerat, ingkang kaping kalih inggih menika, mangertosi unsur-unsur kejiwaan paraga-paraga fiksional (reka-reka) wonten ing karya sastra, lan ingkang kaping tiga inggih menika

mangertosi unsur-unsur kejiwaan pamaos. Ananging umumipun psikologi sastra langkung maringi wigatosipun dhateng perkawis *kejiwaan* para paraga *fiksional* (reka-reka) ingkang kamot wonten ing karya sastra (Ratna 2004: 343). Wonten ing panaliten menika mliginipun badhe ngrembag babagan psikologis ingkang nomer kalih, inggih menika ngrembag babagan ingkang gegayutan kaliyan *unsur-unsur kejiwaan* paraga-paraga fiksional ingkang kamot wonten ing salebeting karya sastra.

Minderop (2011: 54), ngandharaken bilih *"Psikologi sastra adalah telaah karya sastra yang diyakini mencerminkan proses dan aktivitas kejiwaan".* Sarujuk kaliyan Minderop, wonten ing bukunipun Endraswara kanthi irah-irahan *Metode Penelitian Psikologi Sastra* (2008: 7-8), ngandharaken bilih, psikologi sastra dipunwastani penting sanget amargi, ingkang kaping setunggal, karya sastra inggih menika asil saking kawontenan kejiwaan lan penggalihipun panganggit ingkang wonten ing salebeting kawontenan setengah sadhar *(subconsicious)*, lajeng dipunandharaken kanthi gamblang wonten ing salebeting kawontenan ingkang sadhar *(consicious)* nalika ngripta satunggaling karya sastra. Ateges, proses ngripta karya sastra kalampahan wonten kalih perangan, inggih menika nalika ngracik *ide-ide* utawi *gagasan* menika ing wekdal kawontenan ingkang *imajinatif* utawi *abstrak*, lajeng dipunpindhahaken ing panyeratipun karya sastra ingkang asipat *konkritisasi* utawi kawontenan ingkang kasunyatan.

Ingkang kaping kalih, mutu satunggaling karya sastra menika dipuntemtokaken dhateng perangan ingkang nomer setunggal, inggih menika nalika wonten ing kawontenan sadhar. Saged ugi bilih nalika wonten ing

kawontenan kaping setunggal gagasan menika sae sanget, ananging nalika dipuncakaken wonten ing kawontenan ingkang kaping kalih andadosaken bubrah utawi boten sae, saengga mutunipun karya sastra kasebat gumantung sanget wonten ing pangripta piyambak anggenipun ngracik lan dipunandharaken kanthi basa ingkang gampil dipunmangertosi. Ingkang kaping tiga, boten namung ngandharaken proses ngracik karya sastranipun, dene makna, lan falsafah wonten ing salebeting karya sastra ugi penting sanget dipunmangertosi.

Saking andharan wonten ing inggil menika saged katingal bilih gayutipun antawis nalika ngripta karya sastra lan kawontenan *(alam)* ingkang boten sadhar kaliyan pagesangan ingkang *psikis* andadosaken satunggaling asil ingkang awujud karya sastra. Sejatosipun, menawi karya sastra menika awujud ingkang *riil* utawi *konkret* (nyata), ananging nalika ngracik nalika *ide* taksih wonten ing angen-angen menika awujud *abstrak*.

Wonten ing bab menika ingkang badhe dipunginakaken kangge neliti *Penokohan* wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara inggih menika psikologi ingkang khusus, inggih menika *psikologi kepribadian*.

Kados dene ingkang dipunandharaken dening Wellek lan Warren (1990: 90), psikologi sastra nggadhahi sekawan pangertosan. Ingkang kaping setunggal, inggih menika studi psikologi pengarang (panganggit) minangka pribadi. Ingkang kaping kalih, inggih menika *studi proses kreatif*. Ingkang kaping tiga, inggih menika *studi tipe* lan *hukum-hukum psikologi* ingkang dipuncakaken wonten ing karya sastra. Lan ingkang kaping sekawan, inggih menika mangertosi *dampak* (akibatipun) sastra dhateng pamaos. Wonten ing pangertosan ingkang kaping tiga

menika, sejatosipun ngandharaken kadospundi psikologi saged dipunginakaken kangge ngecakaken lan mbiji karya sastra. Wonten ing babagan menika, Wellek lan Warren paring tuladha kadospundi paraga-paraga wonten ing karya sastra (wonten ing panaliten menika inggih menika novel) dipuntingali menapa sampun "leres" kanthi psikologis.

Wonten ing panaliten menika sedaya paraga wonten ing novel *Adiling Pangeran* dados objek lan ancasing panaliten. Kados dene ingkang dipunandharaken dening Ratna (2004: 343) bilih wonten ing *analisis*, umumipun ingkang dados ancasipun inggih menika paragatama, paraga ingkang nomer kalih, paraga ingkang nomer tiga, lan salajengipun. Dados, boten namung paragatama kemawon ingkang badhe dipunjlentrehaken ingkang gegayutan kaliyan panaliten menika, ananging sedaya paraga ingkang mlebet wonten ing Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kedadosan ugi badhe dipunandharaken.

Ancasing panaliten menika inggih menika badhe ngandharaken babagan wujudipun psikologis nalika konflik, sebabipun saha pungkasaning konflik wonten ing satunggaling novel, ingkang tiga-tiganipun menika gegayutan antawis setunggal kaliyan sanesipun. Boten wonten Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kadadosan menawi boten wonten sebabipun. Lajeng saking sebab lan wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kadadosan menika kedah wonten pungkasaning konflik wonten ing salebeting novel ingkang badhe dipunteliti kasebat. Pramila paneliti badhe ngandharaken babagan konflik, wiwit saking sebabipun, wujudipun, saha pungkasaning konflik ingkang kedadosan.

B. *Struktur Kepribadian*

Miturut Freud (lumantar Endraswara, 2003: 101), bilih kapribaden kaperang dados tigang *unsur kejiwaan*, inggih menika: *id, ego,* lan *superego.* Tiga-tiganipun menika gegayutan antawis ingkang setunggal kaliyan ingkang sanesipun, sami-sami njangkepi, lan asiling saking *id, ego*, lan *super ego* inggih menika tingkah lakunipun manungsa.

a). *Id (Das Es)*

Id, utawi *das es,* dipunsebat *System der Unbewussten*. Miturut Endrasawara (2003: 101), bilih *"Id (das es) adalah sistem kepribadian manusia yang paling dasar"*. *Id* wosipun inggih menika menapa kemawon ingkang kanthi psikologis sampun wonten nalika lair, kalebet *insting-insting*. *Id* menika wonten ing salebeting *alam bawah sadar,* ingkang arupi insting-insting lan nepsu-nepsu. Sarujuk kaliyan andharanipun Wiyatmi (2011: 6), *"Id berkaitan dengan ketidaksadaran yang merupakan bagian yang primitif dari kepribadian, yang mencakup insting seksual dan insting agresif". Id* inggih menika naluri psikis ingkang njalari manungsa supados saged nyekapi kabetahan ingkang dhasar, kados dene nedha, *seks*, lan nolak raos ingkang kirang trep.

Miturut Koeswara (1991: 32), *id* inggih menika *sistem* ingkang tumindak kangge paring kekiyatan ingkang dipunbetahaken dhateng *ego* lan *superego* kangge menapa kemawon ingkang dipunlampahi. *Id,* cara makaryanipun adhedhasar *prinsip kenikmatan (pleasure principle),* inggih menika tansah pados kanikmatan lan tansah ngindhari raos ingkang boten sekeca utawi menapa

kemawon ingkang boten trep kaliyan ingkang dipunkajengaken. *Tegangan*, utawi raos boten sekeca inggih menika satunggaling kawontenan ingkang boten ngremenaken. Hall lan Linzey (1993: 64) ngandharaken, kangge ngicalaken *ketegangan* kasebat lan nggantos kaliyan raos ingkang sekeca, *id* nggadhahi kalih cara. Cara ingkang kaping stunggal inggih menika *reflex action* utawi *tindakan-tindakan refleks*, inggih menika salah satunggaling tingkah laku utawi lelampahan ingkang cara makaryanipun kanthi *otomatis* lan enggal-enggal. *Reflex action* menika sampun wonten nalika lair, tuladhanipun kedheping mripat, watuk, wain, lan ambegan. Ingkang kaping kalih inggih menika *proses primer*, utawi cara ingkang dipunlampahi kanthi mbayangaken menapa kemawon ingkang saged ngirangi utawi ngicalaken *tegangan*, tuladhanipun inggih menika menawi sampun kepengin nedha sanget lajeng mbayangaken tetedhan ingkang eca. Ngimpi, lamunan, lan *halusinasi psikotik* inggih menika tuladha saking proses damel *gambaran objek* ingkang saged ngirangi *tegangan* ingkang dipunsebat *pemenuhan hasrat (wish fulfillment).*

Awit saking andharanipun para ahli kala wau, saged dipunmangertosi bilih *id* inggih menika sistem kapribaden manungsa ingkang langkung andhap, ingkang gegayutan kaliyan *ketidaksadaran* lan gegayutan kaliyan naluri *seksual* lan naluri ingkang *agresif*. *Id* namung saged mbayangaken menapa ingkang dipunkajengaken, tanpa mbedakaken pundi ingkang khayalan kaliyan pundi ingkang kasunyatan. *Id* boten saged mbiji lan mbedakaken ingkang leres lan ingkang lepat, lan boten mangertos moral. Kanthi mekaten, *individu* mbetahaken sistem sanesipun ingkang saged ngarahaken kangge ngirangi tegangan ingkang

kanthi nyata, ingkang saged paring kanikmatan lan saged puwas tanpa nuwuhaken perkawis ingkang gegayutan kaliyan moral. Sistem ingkang dipunbetahaken inggih menika *ego*.

b). Ego (Das Ich)

Ego inggih menika sistem kapribaden ingkang tumindak ngarahaken *individu* dhateng donyanipun objek saking kasunyatan, lan nglampahi paedahipun kanthi *prinsip kenyataan (reality principle)* (Koeswara, 1991: 33-34). *Ego* menika ngrembakanipun saking *id*, lan *ego* paring kepuwasan ingkang dipunsuwun dhateng *id* kanthi nyata, boten namung lamunan lan khayalan kemawon.

Ego dipunsebat *system der Bewussten Verbewussten* dening Freud. Miturut Hall lan Lindzey (1993: 65), bilih *"Ego timbul karena kebutuhan-kebutuhan organisme memerlukan transaksi-transaksi yang sesuai dengan dunia kenyataan objektif"*. Beda kaliyan *id* ingkang namung dumugi mbayangaken tetedhan nalika kepengin sanget nedha, ananging *ego* ugi nglampahi kadospundi caranipun supados tetedhan menika saestu dipuntedha dhateng kita. Hall lan Lindzey (1993: 65), nambahi malih, bilih *"Perbedaan pokok antara id dan ego ialah bahwa id hanya mengenal kenyataan subjektif – jiwa sedangkan ego membedakan antara hal-hal yang terdapat dalam batin dan hal-hal yang terdapat dalam dunia luar". Id* namung mangertosi donyaning batos *(subyektif)*, dene *ego* boten namung mangertosi donyaning batos, ananging ugi mangertosi donya ingkang kasunyatan *(obyektif, realita)*.

Ego wonten ing antawis *alam sadar* lan *alam bawah sadar*. Paedahing *ego*, miturut Sujanto lkk (1993: 61), bilih *"das ich berpegang pada "prinsip*

kenyataan" atau "prinsip realita" dan bereaksi dengan proses sekunder". Proses sekunder menika *proses berpikir realitas*. Ateges, kanthi *migunakaken proses sekunder ego* kangge mangertosi menapa rencana *pemuasan kebutuhan* menika kasil menapa boten. Tuladhanipun, tiyang ingkang kepengin nedha, badhe ngrencanakaken wonten pundi tiyang menika pados tetedhan, lajeng tumuju dhateng papan ingkang wonten tetedhan menika kangge mangertosi menapa rencana kasebat kasil utawi cocok kaliyan *realita* utawi kasunyatan menapa boten. Lelampahan ingkang kados menika dipunsebat kanthi *"reality testing".*

Das Ich saged ugi dipunsebat minangka *aspek eksekutip* saking kapribaden, kanthi mekaten *Das Ich* menika saged ngontrol menapa ingkang dipunlampahi, milih kabetahan-kabetahan ingkang saged dipuncekapi sarta caranipun kangge nyekapi kebetahan, lan saged milih *obyek-obyek* utawi papan pundi kemawon ingkang saged kangge nyekapi kebetahan. Nalika nglampahi paedah menika, asring sanget *ego (Das Ich)* kedah manunggalaken tetandhingan-tetandhingan antawis *id* lan *superego*. Ananging kedah dipunmangertosi, bilih *ego (Das Ich)* inggih menika wonten amargi kangge njangkepi kabetahan saking *id.*

c). *Superego (Das Ueber Ich)*

Miturut Hall lan Lindzey (1993: 67), bilih *"Super ego adalah perwujudan internal dari nilai-nilai dan cita-cita tradisional masyarakat sebagaimana diterangkan orang tua kepada anak, dan dilaksanakan dengan cara memberinya hadiah-hadiah atau hukuman-hukuman"*. Kangge pikantuk hadiah-hadiah lan ngindhari paukuman-paukuman, si anak dipungladhi supados tingkah lakaunipun

katujokaken dhateng menapa ingkang kedahipun dipunlampahaken jumbuh kaliyan garis-garis utawi tata cara saking tiyang sepuhipun. Sarujuk kaliyan Hall lan Lindzey, Sujanto lkk ugi nambahi, bilih *superego* saged dipunsebat aspek moral saking kapribaden (Sujanto lkk, 1993: 62). Paedahing *superego* ingkang pokok inggih menika, nemtokaken menapa ingkang leres utawi menapa ingkang lepat, trep menapa boten trep, pantes menapa boten pantes, kanthi mekaten si anak saged tumindak ingkang leres kaliyan moral masarakat. Dados *superego* wosipun wonten kalih perkawis, inggih menika *"conscientia"* lan *Ich-ideal*. *Conscientia* inggih menika paring paukuman dhateng tiyang kanthi *efek jera*, dene *Ich-ideal* inggih menika paring hadhiah dhateng tiyang kanthi *bangga* dhateng piyambakipun.

Gayutipun antawis *id, ego*, lan *superego*, awit saking menika, saged kadudut bilih kanthi umum, *id* saged dipunsebat minangka *komponen biologis kepribadian*, dene *ego* minangka *komponen psikologis*, lan *superego* minangka *komponen sosialipun*. Miturut Sujanto lkk (1993: 59), *"Kendatipun ketiga aspek itu masing-masing mempunyai fungsi, sifat komponen, prinsip kerja, dan dynamika sendiri-sendiri, namun ketiganya berhubungan dengan rapatnya sehingga sukar (tidak mungkin) untuk memisah-misahkan pengaruhnya terhadap tingkah laku manusia; tingkah laku selalu merupakan hasil kerja sama dari ketiga aspek itu"*. Ewadene tiga-tiganipun nggadhahi paedah ingkang beda-beda, ananging tiga-tiganipun gegayutan sanget kaliyan tingkah laku manungsa, lan tingkah laku manungsa menika tansah dipunasilaken saking *id, ego*, lan *superego*.

C. Konflik

Konflik *(conflict)*, miturut kamus istilah sastra (Zaidan dkk, 1994: 205), inggih menika *"pertentangan antara kedua kekuatan dalam cerita rekaan, drama atau sajak klasik".* Konflik, menika ateges tetandhingan antawis kalih kekiyatan wonten ing salebeting karya sastra ing antawisipun cariyos ingkang reka-reka, drama, utawi sajak klasik. Sarujuk kaliyan Wellek lan Warren (lumantar Nurgiyantoro, 2010: 122), bilih konflik menika mujudaken satunggaling lelampahan ingkang ndadosaken tetandhingan antawis kalih kakiyatan ingkang imbang utawi sami-sami kiyat lan mertandhakaken wontening piwales. Konflik ingkang kados mekaten, wonten ing kaca paningalan pagesangan ingkang normal – wajar – nyata, tegesipun boten wonten ing salebeting cariyos, menika nedahaken dhateng konotasi ingkang negatif lan ateges menapa kemawon ingkang boten ngremenaken lan dipunlampahi dening paraga wonten ing cariyos. Menika sebabipun tiyang langkung sae ngindhari konflik lan kepengin nglampahi pagesangan ingkang tenang, boten manggihi konflik.

Konflik saged dipunpanggihi amargi wonten titikanipun, (Dirgagunarsa, 1978: 99), inggih menika.

1. *Terjadi pada setiap orang dengan reaksi-reaksi yang berbeda untuk rangsang yang sama, hal ini tergantung pada faktor-faktor yang pribadi sifatnya.*
2. *Konflik terjadi bilamana motif-motif mempunyai nilai yang seimbang atau kira-kira sama, sehingga menimbulkan kebimbangan dan ketegangan.*
3. *Konflik akan segera hilang kalau keputusan telah ditetapkan.*
4. *Konflik dapat berlangsung dalam waktu yang singkat, mungkin beberapa detik, tatapi juga bisa berlangsung lama, berhari-hari, berbulan-bulan, bahkan bertahun-tahun.*

Titikanipun ingkang saged dipunpanggihi inggih menika, 1) saged kedadosan dhateng tiyang kanthi *reaksi-reaksi* ingkang beda kangge rangsang ingkang sami, bab menika gumantung saking faktor-faktor ingkang asipat pribadi, 2) konflik saestu kedadosan menawi *motif-motif* utawi dhorongan-dhorongan nggadhahi nilai ingkang imbang utawi kinten-kinten sami, saengga nyebabaken *kebimbangan* lan *ketegangan*, 3) konflik badhe pungkasan menawi putusan sampun dipuntetepaken, lan 4) konflik saged kedadosan ing wekdal ingkang boten dangu, saged namung pinten dhetik, ananging saged ugi dumugi dangu, ngantos dumugi taun-taunan.

Konflik dipunbedakaken dados kalih perangan, inggih menika konflik *internal* lan konflik *eksternal*. Nurgiyantoro (2010: 124), ngandharaken bilih konflik *internal* inggih menika konflik ingkang kedadosan wonten ing manah utawi jiwanipun paraga wonten ing karya sastra, dados konflik menika awujud perkawis *intern* saking manungsa (paraga). Ingkang kalebet wonten ing konflik internal inggih menika Wujudipun psikologis nalika konflik, utawi *psychological conflict (konflik kejiwaan).* Dene konflik *eksternal* inggih menika konflik ingkang kedadosan wonten sajawinipun manah utawi jiwanipun paraga wonten ing karya sastra. Konflik *eksternal* menika awujud konflik fisik lan konflik sosial. Konflik *internal* saged ugi kedadosan ingkang sumberipun saking konflik *eksternal.*

Sayuti (2000: 14), ngandharaken bilih konflik ingkang kedadosan wonten ing salebeting cariyos dipunbedakaken dados tiga. Konflik ingkang kaping setunggal, inggih menika konflik sosial utawi *social conflict*, inggih menika konflik antawis setunggal tiyang utawi tiyang-tiyang wonten ing satunggaling masarakat. Konflik

ingkang kaping kalih, inggih menika konflik antawis manungsa lan alam ingkang asring dipunsebat kanthi *physical or element conflict* utawi konflik fisik utawi alamiyah, ingkang biasanipun wonten nalika paraga boten saged manfangataken utawi ngginakaken alam ingkang wonten ing sakiwa tengenipun kanthi kadospundi kedahipun. Konflik ingkang kaping tiga, inggih menika konflik *psychological conflict (konflik kejiwaan)* utawi Wujudipun psikologis nalika konflik. Wujudipun psikologis nalika konflik inggih menika konflik ingkang wonten ing tiyang menika piyambak (paraga), ingkang biasanipun awujud *perjuangan*ipun paraga kangge nglawan paraga menika piyambak saengga saged nemtokaken menapa ingkang badhe dipunlampahi. Panaliten wonten ing novel *Adiling Pangeran* inggih menika awujud panaliten psikologis, saengga ingkang dipunanalisis lan dipunteliti ingkang gegayutan kaliyan bab kejiwaan ingkang dipunlampahi dening sedaya paraga wonten ing novel kasebat wonten ing babagan kulawarga, pakaryan, lan katresnan, ananging kanthi mekaten sebabipun sumberipun saged saking konflik sosial menapa dene konflik fisik.

Konflik kejiwaan utawi psikis ingkang dipunlampahi dening paraga-paraga wonten ing novel *Adiling Pangeran*, salah setunggalipun inggih menika Yanto, ingkang awujud perkawis babagan perjuangan. Piyambakipun nggadhahi semangat, niyat, lan tekad kangge nglajengaken sekolah supados saged dados ABRI Lan dados abdining bangsa lan negari. Perkawis ingkang kedadosan dipunwiwiti nalika Yanto boten dipunpangestoni lan boten dipunragadi dening bapakipun ingkang taksih ngugemi watak ingkang kolot. Miturut bapakipun, tinimbang artanipun dipunangge kangge sekolah, langkung sae kangge mendhet

sapi utawi kebo kangge ulah tetanen. Ananging wonten manahipun Yanto, ewadene boten sangu pangestu lan arta saking bapakipun, piyambakipun tetep badhe bidhal saking griyanipun saperlu pados padhaning pikir lan badhe pados papan kangge sekolah samangke. *Klimaks* saking konflik ingkang dipunlampahi dening Yanto, inggih menika nalika piyambakipun dipuntugasaken perang dhateng dhaerahing mengsah, piyambakipun dipundadosaken tawanan, lan nate badhe dipunukum pejah. Yanto sedhih, amargi menawi dipunukum pejah, ateges piyambakipun ninggal pacanganipun (Erlinah), rayinipun (Yatun), lan ibunipun ingkang boten bosen-bosenipun ngentosi wonten griya. Konflik psikis ingkang dipunlampahi dening Yanto lan paraga-paraga sanesipun menika nggambaraken penokohan wonten ing satunggaling novel ingkang badhe dipunandharaken wonten ing panaliten menika.

Konflik kejiwaan utawi psikis wonten ing salebeting karya sastra awujud tetandhingan antawis pangarep-arep lan *putus asa*, perjuwangan lan boten kasil, nyuwun lan boten paring, wantun lan ajrih, lan sanes-sanesipun. Konflik biasanipun gagayutan sanget kaliyan makna ingkang badhe dipunandharaken dening panganggit ingkang awujud tema cariyos. Kanthi wontening geyutipun antawis tema cariyos lan makna cariyos, pamaos kanthi gampil badhe manggihi lan mangertosi wosing cariyos, maknanipun cariyos, lan pesan amanat ingkang kamot wonten ing satunggaling cariyos.

Konflik wonten ing teori psikoanalisis Sigmund Freud dipunandharaken minangka tetandhingan antawis pepenginan utawi dhorongan ingkang sami-sami kosok balen, biasanipun andadosaken *ketegangan emosional*, utawi duka.

Kawontenan konflik inggih menika satunggaling kawontenan nalika manungsa (paraga) ngraosaken bingung lan badhe kadospundi amargi kedah milih antawis kalih utawi langkung saking kalih pilihan ingkang wonten kanthi wekdal ingkang sesarengan. Bingungipun menika dipuntandhani ugi kaliyan wontening ketegangan nalika mutusaken pilihan pundi ingkang badhe dipuncakaken.

Adhedhasar andharan konflik wonten ing inggil, saged kadudut bilih konflik wonten ing salebeting karya sastra gegayutan sanget kaliyan penokohan lan tokoh (paraga). Gayutipun antawis konflik lan paraga dipunsebabaken amargi menawi satunggaling cariyos boten badhe kalampahan lan narik tanpa wontening konflik ingkang andadosaken gesanging cariyos saking paraga-paraganipun. Paraga-paraga ingkang ndadosaken gesangipun manggihi konflik batos lan konflik kejiwaan.

D. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh wonten ing panaliten menika, supados ngindhari *indikasi duplikasi*, lan ngandharaken bilih panaliten kanthi fokus lan objek panaliten menika dereng nate dipuntliti dening paneliti sases kanthi konteks ingkang sami. Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika inggih menika.

1. *"Penokohan dalam Novel Nalika Langite Obah Karya Esmiet (Sebuah Tinjauan Psikologi Sastra)"* dening Dian Putri Jauhari (awujud skripsi) taun 2009. Panaliten menika ngrembag babagan watak paragatama, sebab-sebab ingkang njalari sikap paraga, ngrembakaning *kejiwaan* ingkang dipunlampahi

paraga, lan bedanipun *gejolak jiwa* ingkang dipunlampahi dening paraga wonten ing novel *Nalika Langite Obah* kasebat.

2. *"Perwatakan Tokoh Utama dalam Novel Astirin Mbalela Karangan Peni Sebuah Tinjauan Psikologi Sastra"* dening Chendy Mayayuanita M. (awujud skripsi) taun 2011. Panaliten menika ngrembag babagan watak paragatama lan konflik psikis ingkang dipunlampahi paragatama wonten ing Novel *Astirin Mbalela*.

Bab ingkang sami saking kalih panaliten ing inggil menika kaliyan panaliten *"Penokohan Wonten ing Novel Adiling Pangeran Anggitanipun Any Asmara Satunggaling Tinjauan Psikologi Sastra"* inggih menika sami-sami ngandharaken babagan psikologi sastra lan sami-sami migunakaken teori Psikoanalisis Sigmund Freud. Ananging ugi wonten bedanipun ingkang langkung mligi, amargi wonten ing panaliten menika ngandharaken babagan wujudipun psikologis nalika konflik, sebabipun saha pungkasaning konflik wonten ing Novel *Adiling Pangeran*.

E. Cengkoronganing Pikir

Novel *Adiling Pangeran*, inggih menika novel ingkang nggambaraken pagesangan tiyang Jawi ingkang nggadhahi pepenginan supados saged nyepeng menapa ingkang dados cita-citanipun. Wujudipun psikologis nalika konflik, sebabipun saha pungkasaning konflik paraga-paraga wonten ing novel *Adiling Pangeran* kasebat saged dipundadosaken minangka fokus panaliten kanthi migunakaken *pendekatan psikologi sastra. Pendekatan psikologi* ingkang dipunginakaken inggih menika teori psikoanalisis Sigmund Freud.

Kangge ngandharaken wujudipun psikologis nalika konflik, sebabipun saha pungkasaning konflik paraga-paraga wonten ing novel *Adiling Pangeran* menika, dipunginakaken teori Psikoanalisis Sigmund Freud ingkang ngrembag babagan *struktur kepribadian* ing antawisipun *id, ego*, lan *super ego*. Wujudipun psikologis nalika konflik sebabipun saha pungkasaning konflik dipuntemtokaken jumbuh kaliyan kutipan ingkang dados pratandha wujudipun konflik, sebabipun saha pungkasaning konflik kasebat. Lajeng dipunandharaken kanthi migunakaken *struktur kepribadian* Sigmund Freud.

BAB III

CARA PANALITEN

1. *Pendekatan*

Pendekatan ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih menika pendekatan psikologi sastra. Miturut (Endraswara, 2003: 96), *"psikologi sastra adalah kajian sastra yang memandang karya sastra sebagai aktivitas kejiwaan"*. Pendekatan menika dipunginakaken amargi jumbuh kaliyan ancasing panaliten menika, inggih menika nggambaraken wujudipun konflik, sebabipun saha pungkasaning konflik wonten ing novel *Adiling Pangeran*. Teori psikologi sastra ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih menika ngginakaken teori Psikoanalisis Sigmund Freud.

2. *Fokus* Panaliten

Fokus panaliten psikologi sastra inggih menika aspek kejiwaan (Endraswara, 2008: 68). Pramila, panaliten menika badhe neliti babagan wujudipun psikologis nalika konflik, sebabipun saha pungkasaning konflik ingkang kedadosan wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara.

3. Sumber Data Panaliten

Sumber data panaliten menika inggih menika novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara. Novel menika dipunterbitaken dening Adidjaya, Semarang nalika 21 Nopember 1967. Novel anggitanipun Any Asmara menika kaperang dados 6 sub bab, inggih menika *Anteping Ati, Ngulandara, Ngayahi*

Tugas, Ditawan mungsuh, Oleh Pitulungan, lan *Kanugrahaning Widi*, kanthi dipunracik ing salebeting 69 kaca.

4. Cara Ngempalaken Data

Cara ngempalaken data ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih menika *observasi* kanthi cara maos, nyerat, lan *riset* kapustakan. Cara maos menika cara ingkang dipunginakaken kangge pikantuk data kanthi cara maos teks sastra utawi novel *Adiling Pangeran* kanthi cermat lan tliti. Cara cathet utawi nyerat menika sedaya data ingkang sampun pikantuk saking maos teks lan novel *Adiling Pangeran* kanthi migunakaken kertu data. Cara kasebat dipunginakaken nyerat data deskripsi ngengingi babagan wujudipun psikologis nalika konflik, sebabipun saha pungkasaning konflik ingkang kedadosaan saking maos novel *Adiling Pangeran*. Dene cara riset kapustakan inggih menika cara pados data kanthi cara pados, manggihaken, lan ngandharaken buku-buku utawi pustaka minangka sumber sinerat ingkang gegayutan sarta nyengkuyung subjek lan objek panaliten.

Data wonten ing novel menika kaimpun saking narasi lan pacelathon ing antawisipun para paraga. Data-data ingkang dipunpanggihi saking maos novel kasebat dipundeskripsekaken, lajeng deskripsi menika dipuncathet. Asiling data ingkang dipuncathet salajengipun dipunkempalaken lan dipunperang-perang miturut *aspek-aspek* ingkang badhe dipuntliti lan dipunrembag kanthi migunakaken psikologi sastra.

5. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten wonten ing panaliten menika inggih menika ngginakaken kertu analisis dhata. Kertu dhata dipunginakaken kangge nyerat dhata ingkang sampun dipunpanggihi. Kertu dhata ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika awujud tabel ingkang wosipun arupi kutipan-kutipan ingkang ngemot babagan wujudipun psikologis nalika konflik, sebabipun saha pungkasaning konflik saking novel *Adiling Pangeran*. Dene tabel analisis data ingkang dipunginakaken kados dene tabel mekaten.

Tabel 1. Data Wujudipun Psikologis nalika Konflik paraga-paraga wonten ing Novel *Adiling Pangeran*

No.	Wujudipun Psikologis nalika Konflik	*Struktur Kepribadian*			Data	Katrangan
		Id	Ego	Super Ego		

Tabel 2. Data Sebabipun saha Pungkasaning Konflik paraga-paraga wonten ing Novel *Adiling Pangeran*

No	Sebabipun Konflik	Wujudipun Pikologis nalika Konflik	Pungkasaning Konflik

6. Keabsahan Data

Keabsahan data saking panaliten menika inggih menika migunakaken *validitas* lan *reliabilitas*. Data ingkang dipunsamaptakaken dipunudhar lan dipunandharaken kanthi *validitas reverensial*, inggih menika arupi rujukan-rujukan ingkang trep lumantar maos buku-buku, novel ingkang dados objeking panaliten, lan media sanesipun. Kejawi mekaten, supados panaliten menika dados panaliten ingkang *valid*, dipunbetahaken salah satunggaling priyatun ingkang kagungan ngelmu sastra ingkang sae utawi ngginakaken *exper-judgment*. Wonten ing panaliten menika, paneliti dipunbiyantu kaliyan pengamat ingkang kagungan *kapasitas intelektual* lan *kapasitas* ngelmu sastra ingkang sae inggih menika Dr. Suwardi, M.Hum. Panjenenganipun menika dosen Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, Jurusan Pendidikan Basaha Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.

Reliabilitas dipunpanggihi kanthi *reliabilitas intrarer*, inggih menika *pengamatan* lan maos kanthi wongsal-wangsul supados pikantuk data ingkang asilipun *konstan* lan dudutanipun. Kejawi menika dipunginakaken *reliabilitas intrarater* utawi sarujuking antawis pengamat, sarta ngginakaken reprodusibilitas, inggih menika ka*fokus*aken saking asiling panaliten kanthi *pengamatan observer* ngengingi objek ingkang sami. Sarujuking dipunlampahi ingkang utami kangge kasus-kasus ingkang meragukan lan kedah dipuntimbang-timbang.

7. Cara Analisis Data

Cara analisis data wonten ing panaliten menika inggih menika migunakaken *pendekatan psikologi terhadap sastra*. Miturut Sangidu (lumantar Endraswara, 2008: 74) ngandharaken bilih *"pendekatan psikologi terhadap sastra adalah suatu pendekatan yang menggambarkan perasaan dan emosi pengarangnya"*. Dados anggenipun nganalisis raos-raosipun lan emosi saking panganggit ingkang kamot wonten ing salebeting novel utawi karya sastra dipunginakaken ngelmu psikologi.

Cara analisis data ingkang dipunginakaken inggih menika, data ingkang dipunpanggihi lumantar nyerat data dipunidentifikasi lan dipunklasifikasikaken jumbuh kaliyan kategori ingkang sampun dipuntemtokaken, lajeng dipuntafsiraken maknanipun kanthi nggayutaken antawis data lan konteksipun. Kanthi mekaten, lumantar cara menika badhe pikantuk gambaran ingkang cetha ngengingi wujudipun psikologis nalika konflik, sebabipun saha pungkasaning konflik ingkang kedadosan wonten ing novel ingkang dipuntliti. Cara kasebat dipuncakaken kanthi cara mekaten.

1. Ngandharaken menapa kemawon wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kedadosan wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara.
2. Ngandharaken menapa sebabipun saha pungkasaning konflik wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

A. Asiling Panaliten

Adhedhasar asiling panaliten ingkang dipunlampahi wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara ingkang kasusun ing 69 kaca, pramila saged dipunpanggihi wujudipun psikologis nalika konflik, sebabipun saha pungkasaning konflik ingkang kedadosan. Panaliten dhateng novel *Adiling Pangeran* menika kalampahan lumantar cara maos, panerjemahipun, lan mangertosi kanthi wongsal-wangsul. Dhata ingkang dipunpendhet saking teks novel dipunandharaken wonten ing salebeting tabel ingkang salajengipun dipundeskripsekaken mawi teori ingkang dipunginakaken. Paraga ingkang dipunteliti inggih menika sedaya paraga wonten ing novel, ing antawisipun, Yanto, inggih menika ingkang dados paragatama, Yatun inggih menika rayinipun Yanto, Pak Karyo inggih menika bapakipun Yanto lan Yatun, Erlinah inggih menika pacanganipun Yanto, Pak Suradiman inggih menika komandhanipun Yanto nalika ngayahi tugas, saha Sutopo inggih menika kancanipun Yanto nalika ngayahi tugas. Sedaya paraga menika dipunanalisis saking wujudipun psikologis nalika konflik, sebabipun saha pungkasanipun konflik ingkang kedadosan migunakaken teori psikoanalisis Sigmund Freud.

1. **Wujudipun Psikologis nalika Konflik wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara.**

Kaprigelan panganggit kangge milih lan ngawontenaken konflik lumantar saking kathahipun prastawa-prastawa ingkang kedadosan menika ingkang dipunlampahi dening para paraga, nemtokaken sanget kangge ngukur dumugi pundi novel menika narik kawigatosan saking pamaos saking cariyos ingkang dipunasilaken (Nurgiyantoro, 2000: 122). Konflik psikis ingkang kalampahan dening para paraga wonten ing salebeting novel, biasanipun kedadosan amargi wontenipun gegayutan antawis paraga ingkang nggadhahi watak ingkang beda, pepenginan ingkang beda, sipat ingkang beda, ingkang nuwuhaken konflik menika kedadosan. Andharanipun ngengingi babagan konflik saking wujudipun psikologis nalika konflik wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara dipunandharaken kanthi tabel mekaten.

Tabel 4.1 Data Wujudipun Psikologis nalika Konflik Paraga Yanto.

No.	Wujudipun Psikologis nalika Konflik	Struktur Kepribadian			No. Data
		Id	Ego	Superego	
1	2	3	4	5	6
1	Sedhih	√	√		5, 7,10, 45,48, 56
2	Meri (Iri)	√	√		6
3	Kuciwa	√	√		7
4	Nekad	√	√		53
5	Sadhar	√		√	12, 29
6	Bingung	√	√		18, 45, 49, 60

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6
7	Kaget	√	√		22
8	Grogi	√	√		20, 26
9	Mareming manah	√	√		23, 34, 48
10	Ajrih	√	√		37, 41
11	*Berontak*	√	√		43
12	Kuwatos	√	√		51-52
13	Keduwung	√		√	44
14	Pasrah	√	√		57, 58

Tabel 4.2 Data Wujudipun Psikologis nalika Konflik Paraga Yatun.

No.	Wujudipun Psikologis nalika Konflik	Struktur Kepribadian			No. Data
		Id	Ego	Supereg o	
1	Kuwatos	√	√		8

Tabel 4.3 Data Wujudipun Psikologis nalika Konflik Paraga Pak Karyo.

No.	Wujudipun Psikologis nalika Konflik	Struktur Kepribadian			No. Data
		Id	Ego	Superego	
1	Duka *(Emosi)*	√	√		10

Tabel 4.4 Data Wujudipun Psikologis nalika Konflik Paraga Erlinah.

No.	Wujudipun Psikologis nalika Konflik	Struktur Kepribadian			No. Data
		Id	Ego	Superego	
1	Sedhih	√	√		34, 67
2	Kuwatos	√	√		63
3	Grogi	√	√		30
4	Isin	√	√		31
5	Mangkel	√	√		64
6	Trenyuh	√	√		66

Tabel 4.5 Data Wujudipun Psikologis nalika Konflik Paraga Pak Suradiman.

No.	Wujudipun Psikologis nalika Konflik	Struktur Kepribadian			No. Data
		Id	Ego	Superego	
1	Kuwatos	√	√		41, 42
2	Males	√	√		44

Tabel 4.6 Data Wujudipun Psikologis nalika Konflik Paraga Sutopo.

No.	Wujudipun Psikologis nalika Konflik	Struktur Kepribadian			No. Data
		Id	Ego	Superego	
1	Kuciwa	√	√		45

Saged kadudut bilih Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang asring kalampahan dening para paraga wonten ing salebeting novel inggih menika sedhih. Wonten tabel ing inggil, tandha (√) ingkang wonten ing kolom struktur kepribadian ateges bilih *struktur kepribadian* menika ingkang langkung asring kalampahan, dene tandha (√) ingkang wonten ing kolom *struktur kepribadian* ateges bilih *konteks psikologis* ingkang wonten ing sakiwa-tengenipun.

2. Sebabipun saha pungkasaning konflik wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara.

a. Sebabipun saha pungkasaning konflik paraga Yanto

No	Wujudipun Psikologisnalika Konflik	Sebabipun Konflik (No. Data)	Wujudipun Psikologisnalika Konflik (No. Data)	Pungkasan-ing Konflik (No. Data)	Katrangan
1	Sedhih	Yanto boten pikantuk nglajengaken sekolah dening bapakipun. (kaca 6)	Pasuryan-ipun katingal sedhih trenyuh. (kaca 5)	Tetep badhe nglajeng-aken sekolah. (kaca 7)	Yanto sedhih boten pikantuk nglajengaken sekolah dening bapakipun.
		Boten dipun-pangestoni nglajengaken sekolah dening bapakipun. (kaca 6)	Yanto nangis lan manahipun kebak raos kasedhihan. (kaca 7)	Dipunlip ur dening Yatun rayinipun. (kaca 8)	
		Dipundukan i bapakipun. (kaca 10)	Yanto sedhih, nangis, medalipun luhipun kados dene jawah. (kaca 10)	Yanto siyap badhe kesah saking desanipun. (kaca 11)	Yanto sedhih amargi dipundukani bapakipun.
		Yanto badhe nilar Yatun rayinipun. (kac 11)	Yanto sedhih nilar rayinipun. (kaca 12)	Yanto nekad kesah saking desanipun nilar rayinipun. (kaca12)	Yanto sedhih badhe nilar rayinipun.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6
		Kanca-kanca lan komandhan-ipun dipuntawan dening mengsah. (kaca 45)	Yanto sedhih menggalih nasibipun kanca-kanca lan komandhan-ipun. (kaca 45)	Yanto tawakal dhumateng Gusti Allah. (kaca 45)	Yanto sedhih amargi komandhan lan kanca-kancanipun nasibipun dipuntawan dening mengsah.
		Sutopo gugur ing medhan pertempuran. (kaca 47-48)	Yanto sedhih namung kantun piyambakan. (kaca 48)	Yanto nglangut lajeng nangis. (kaca 49)	Yanto sedhih amargi kantun piyambakan.
		Yanto dipunpatrapi paukuman pejah. (kaca 56)	Yanto kelingan kaliyan tiyang-tiyang ingkang dipuntresnani. (kaca 56)	Yanto damel gambaripun Erlinah kangge kenang-	Yanto sedhih nalika badhe dipunukum pejah kelingan kaliyan tiyang ingkang dipun-tresnani.

				kenangan. (kaca 56)	
		Damel gambaripun Erlinah kangge kenang-kenangan. (kaca 56)	Yanto wiwit nggambar wonten temboking sel. (kaca 56)	Gambar sampun dados, persis kaliyan pasuryanipun Erlinah. (kaca 57)	Yanto nggambar pasuryanipun Erlinah kaliyan awu rikok lan dipuntelesi kaliyan luhipun.
		Yanto badhe dipunukum pejah. (kaca 57)	Yanto yuswanipun kantun kalih welas jam. (kaca 57)	Panyuwu nani-pun Yanto kinabulan, boten siyos dipunukum pejah. (kaca 57)	Yuswanipun kantun 12 jam amargi badhe dipunukum pejah.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6
2	Meri (Iri)	Yanto kepengin kados kanca-kancanipun sekolah dhateng kitha. (kaca 6)	Yanto meri, kenging menapa kok boten saged nglajengaken sekolah kados kanca-kancanipun. (kaca 6)	Yanto tetep badhe nglajeng-aken sekolah. (kaca 7)	Kepengin nglajengaken sekolah wonten kitha kados kanca-kancanipun.
3	Kuciwa	Yanto badhe nglajengaken sekolah. (kaca 7)	Yanto ngraos kuciwa amargi sampun lulus ujian kantun mlebet kemawon, anging bapakipun boten sedya ngragadi.	Manahip un mantep badhe nglajeng-aken sekolah. (kaca 7)	Kuciwa kaliyan bapakipun ingkang boten sedya ngragadi sekolahipun.

			(kaca 7)		
4	Nekad	Yanto dipundukani bapakipun. (kaca 10)	Yanto mantep badhe kesah saking desanipun. (kaca 11)	Yanto damel serat kangge rayinipun. (kaca 11)	Yanto nekad badhe kesah saking desanipun badhe ngumbara.
		Yanto kepengin kabur saking pakunjaran. (kaca 53)	Yanto nekad badhe kabur saking pakunjaran. (kaca 53)	Yanto saged medal saking pakunjaran. (kaca 53)	Yanto nekad badhe kesah saking pakunjaran.
5	Sadhar	Yanto wonten griya namung kaliyan Erlinah. (Kaca 29)	Yanto sadhar bilih boten sae wonten griya piyambakan dipunkancani prawan. (kaca12)	Pramila Erlinah dipunlilani menawi pamit badhe wangsul. (kaca12)	Yanto sadhar wonten griya namung tiyang kalih kaliyan Erlinah menika boten sae.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6
		Yanto siyos badhe ngumbara. (kaca 29)	Yanto rumaos dosa ageng, boten manut, bekti, lan sungkem dhawuhing bapakipun. (kaca 29)	Yatun kemawon ingkang bekti, sampun kados Yanto. (kaca 29)	Yanto sadhar ngraos dosa ageng boten manut lan bekti dhumateng bapakipun.
6	Bingung	Yanto boten mangertos badhe kadospundi, sasampunipun kesah saking desanipun. (kaca 13)	Lampahanipun namung saparan-paran, ngetutaken ewahing samparan. (kaca 13)	Sampun dipun-penggalih badhe dhateng kitha Surabaya. (kaca13)	Bingung badhe dhateng pundi, pramila Yanto namung mlampah ngetutaken samparan-ipun.
		Yanto	Yanto	Yanto	Bingung

		pamit kaliyan ibunipun badhe dhateng Jakarta, ananging boten mangertos badhe dhateng dalemipun sinten. (kaca 17)	bingung, badhe dhateng pundi, dhateng dalemipun sinten, tilem wonten pundi, bingung sanget. (kaca 18)	ndherek mobil dhateng Bogor. (kaca18)	dhateng papan pundi ingkang badhe dipuntuju.
		Yanto bingung dereng nate mlampah dhaerah menika. (kaca 45)	Bingung amargi pisah kaliyan pak komandhan lan kanca-kancanipun. (kaca 45)	Yanto ngentosi kanca-kancanipun. (kaca 45)	Bingung amargi dereng nate ngambah dhaerah menika, pisah kaliyan komandan lan kanca-kancanipun.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6
		Yanto dipuntilar dunya dening Sutopo, lan boten mangertos lampahipun salajengipun. (kaca47-48)	Yanto bingung sampun piyambakan badhe kados pundi lelampahan-ipun. (kaca 49)	Yanto tansah ndhelik lan boten wantun medal saking papan pandhelikan-ipun (kaca 49)	Yanto dipuntiar dunya dening Sutopo, lajeng bingung lelampahan salajengipun.
		Putranipun komandhan ing pakunjaran remen kaliyan Yanto, ananging Yanto sampun gadhah pacangan. (kaca 59)	Yanto bingung kadospundi caranipun mangsuli pepenginanipun putranipun komandhan ingkang remen kaliyan piyambak-	Nanging Yanto saged mangsuli kanthi tembung ingkang boten damel gerah manahipun sanes. (kaca 60)	Yanto bingung anggenipun mangsuli keka-jenganipun putranipun komandhan ingkang kepengin gesang kaliyan Yanto.

			ipun. (kaca 60)		
7	Kaget	Yanto kaget amargi dumadakan dipunrawuhi tiyang sepuh. 16	Ananging nalika Yanto ningali boten wonten menapa-menapa. Manahipun trataban. (kaca 16)	Yanto lajeng pamit kaliyan mBah Bakri. (kaca 16)	Yanto kaget dipunrawuhi tiyang sepuh, ananging nalika dipuntingali boten wonten sinten-sinten.
		Yanto dipundangu kaliyan Erlinah bilih menpa Yanto badhe dhateng Karangkitri. (kaca 22)	Yanto kaget, rumaos saged dipunsindir dening Erlinah. (kaca 22)	Yanto mangsuli bilih sampun nyindir piyambakipu n. (kaca 22)	Yanto kaget kok Erlinah mangertos menawi Yanto badhe dhateng Karangkitri.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6
		Yanto kaget, ingkang dhateng pasukan Brigade Anjing. (kaca 50)	Yanto kaget sanget, ngedap manahipun. (kaca 50)	Yanto nlesep ing sangandhaping uwuh-uwuh. (kaca 50)	Yanto kaget bilih ingkang saweg madosi piyambak-ipun menika pasukan Brigade Anjing.
8	Grogi	Wonten kenya ayu ing ngajenging Yanto ingkang damel gonjing miring jiwanipun Yanto. (kaca 20)	Yanto grogi pirsa kenya ayu menika. (kaca 20)	Yanto namung saged mesem dhateng kenya ayu menika. (kaca 20)	Yanto grogi nalika pinanggih kaliyan Erlinah.
		Yanto lenggahipun reraketan kaliyan Erlinah. (kaca 25)	Yanto semaput boten kiyat nampani krenteging asmara. (kaca 26)	Pilingan-ipun Yanto dipunenyet-enyet Erlinah. (kaca 26)	Yanto grogi ngantos piyambakipun semaput.
9	Marem ing Manah	Erlinah mangsuli pitakenanipun Yanto bilih Erlinah dereng gadhah pacangan. (kaca 23)	Yanto marem kaliyan wangsulanipun Erlinah bilih Erlinah dereng gadhah tiyang ingkang dipuntresna-ni. (kaca 23)	Yanto ngalem Erlinah. (kaca 24)	Yanto manahipun marem mireng bilih Erlinah taksih piyambakan.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6
		Erlinah sedya menawi dipunlamar Yanto. (kaca 24)	Yanto marem sanget mireng ngendikanipun Erlinah. (kaca 24)	Yanto manahipun sagunung anakan kaliyan nyebat sukur dumateng Gusti Allah. (kaca 25)	Yanto marem manahipun bilih Erlinah purun dilamar piyambakipun.
		Yanto saged malesaken pejahipun Sutopo kanthi mbrondong mimis dhateng mengsahipun. (kaca 48)	Yanto ngraos marem saged malesaken tiwasipun Sutopo. (kaca 48)	Yanto lajeng kesah saking papan menika. (kaca 48)	Yanto marem manahipun saged malesaken pejahipun Sutopo.
10	Ajrih	Prau ingkang dipuntumpaki tansah montang-manting kenging ombak. (kaca 37)	Yanto sakanca ajrih, ananging prayitna sinambi ndedonga. (kaca 37)	Praunipun kerem ananging taksih sami slamet sedaya. (kaca 37)	Yanto ajrih nalika prau ingkang dipuntumpaki tansah montang-manting kenging ombak.
		Praunipun dipuncengkelit-aken lan dipunumbulaken ombak. (kaca 38)	Yanto sakanca sami ajrih. (kaca 38)	Boten dangu lajeng katingal sampun celak kaliyan dharatan. (kaca 38)	Yanto ajrih nalika praunipun dipuncengke-litaken lan dipunumbul-aken ombak.
		Motor mabur, *helycopter,* lan *capung,* sedaya madosi Yanto sakanca. (kaca 41)	Sedaya sami kedandapan pados papan pandhelikan. (kaca 41)	Sedaya sami ndhelik tanpa wantun obah. (kaca 41)	Yanto ajrih nalika saweg dipunpadosi dening mengsah.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6
1	Berontak	Yanto sakanca dipundhawuhi sampun nyerang mengsah. (kaca 43)	Ananging boten kiyat nahan kanepsonipun. (kaca 43)	Yanto lan Sutopo nyerang mengsahipun. (kaca 43)	Yanto mbalela nalika dipun-dhawuhi sampun nyerang mengsah.
2	Kuwatos	Yanto lan Sutopo sami ndhelik. (kaca 44)	Yanto lan Sutopo tansah kuwatos, kados kuthuk kelangan babon. (kaca 44)	Kekalihipun sami dhateng papan pertempuran kala wau. (kaca 44)	Yanto lan Sutopo kuwatos amargi dumadakan dipunserang dening mengsah.
		Yanto dereng sadhar saking gerahipun. (kaca 51)	Yanto kuwatos bilih badhe dipundangu dening malaekat. (kaca 51-52)	Nalika semaput, Yanto lajeng dipunsuntik dening dhokter. (kaca 52)	Yanto kuwatos dipundangu malaekat, kangmangka bedhilipun sampun mejahi tiyang kathah.
3	Keduwung	Yanto kesupen piwucalipun mBah Bakri. (kaca 43)	Yanto keduwung kesupen dhateng kaprayitnan, boten eling lan waspada. (kaca 44)	Yanto lan Sutopo dipunbrondong mimis dening mengsah. (kaca 44)	Yanto keduwung amargi boten prayitna, eling lan waspada.
4	Pasrah	Yuswanipun Yanto namung kantun kalih welas jam. (kaca 57)	Yanto pasrah dipunukum pejah. (kaca 58)	Yanto saged uwal saking paukuman pejah, amargi gambaripun Erlinah. (kaca 59)	Yanto pasrah nalika badhe dipunukum pejah.

b. Sebabipun saha pungkasaning konflik paraga Yatun.

	Wujudipun Psikologisnalika Konflik	Sebabipun Konflik (No. Data)	Wujudipun psikologisnalika konflik (No. Data)	Pungkasaning Konflik (No. Data)	Katrangan
1	Kuwatos	Yanto boten purun medal saking kamaripun. (kaca 8)	Yatun kuwatos amargi Yanto kangmasipun dereng katingal medal saking kamar sedinten. (kaca 8)	Yatun ningali kawontenan-ipun Yanto ing kamar. (kaca 8)	Yatun kuwatos amargi Yanto boten medal saking kamaripun.

c. Sebabipun saha pungkasaning konflik paraga Pak Karyo.

No	Wujudipun Psikologisnalika Konflik	Sebabipun Konflik (No. Data)	Wujudipun psikologisnalika konflik (No. Data)	Pungkasaning Konflik (No. Data)	Katrangan
1	Duka	Pak Karyo bapakipun Yanto ngraos dipunwucal dening Yanto putranipun (kaca 10)	Pak Karyo duka sanget nalika Yanto matur bilih tiyang gesang menika kangge makarya, sanes makarya kangge gesang. (kaca 10)	Bapakipun nggebrag meja kaliyan ngendika bilih boten badhe menggalih dhateng Yanto, lajeng Yanto dipunusir dening bapakipun. (kaca 10)	Pak Karyo duka rumaos dipunwucal dening putranipun.

d. Sebabipun saha pungkasaning konflik paraga Erlinah.

No	Wujudipun Psikologisnalika Konflik	Sebabipun Konflik (No. Data)	Wujudipun psikologis nalika konflik (No. Data)	Pungkasaning Konflik (No. Data)	Katrangan
1	Sedhih	Erlinah badhe dipuntilar	Erlinah sedhih sanget	Yanto ndhawuhi	Erlinah sedhih amargi

		dening Yanto. (kaca 34)	badhe dipuntilar Yanto. (kaca 34)	supados boten kekathahen anggenipun menggalih dhateng Yanto. (kaca 34)	badhe dipuntilar dening Yanto.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6
		Erlinah sampun dangu boten pinanggih kaliyan Yanto. (kaca 67)	Erlinah sedhih sanget, lajeng nangis. (kaca 67)	Dipundhawuhi supados Yanto dipunslameti. (kaca 67)	Erlinah sedhih amargi sampun dangu boten pinanggih Yanto.
2	Kuwatos	Sampun dangu Yanto boten wonten warta. (kaca 63)	Erlinah kuwatos bilih wartanipun Yanto dipuntawan dening mengsah. (kaca 63)	Erlinah damel slametan kangge Yanto. (kaca 63)	Erlinah kuwatos kaliyan kawontenan-ipun Yanto.
3	Grogi	Nalika dados sinoman, Erlinah pinanggih Yanto, lajeng	Erlinah grogi nalika pinanggih Yanto ngantos paningalipun pyur-pyuran.	Yanto nyandhak bangkekanipun Erlinah ingkang badhe ambruk.	Erlinah grogi nalika pinanggih Yanto.

		ngraos grogi. (kaca 30)	(kaca 30)	(kaca 30)	
4	Isin	Erlinah dipuntingali tiyang kathah nalika badhe ambruk semaput. (kaca 31)	Nalika sadhar Erlinah ngraos isin, amargi dipuntingali tiyang kathah. (kaca 31)	Erlinah ngeremaken mripatipun malih alon-alon. (kaca 31)	Erlinah isin amargi dipuntingali tiyang kathah.
5	Mangkel	Erlinah saweg masak, ananging mireng wonten dhayoh ing ngajeng. (kaca 64)	Erlinah radi mangkel saweg olah-olah dumadakan wonten dhayoh, mangke malah mubah masakanipun menawi dipuntilar manggihi dhayoh. (kaca 64)	Kanthi aras-arasen Erlinah lajeng medal manggihi dhayoh. (kaca 64)	Erlinah mangkel saweg masak dumadakan wonten dhayoh.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6
5	Trenyuh	Erlinah mireng cariyosipun nalika Yanto dipuntawan mengsah, ngantos dipunukum pejah. (kaca 66)	Erlinah trenyuh mireng lelampahanipun Yanto nalika dipuntawan mengsah ngantos badhe dipunukum pejah. (kaca 66)	Dipundangu dening Yanto supados Erlinah sampun nangis amargi trenyuh. (kaca 66)	Erlinah trenyuh mireng bilih Yanto dipuntawan ngantos dipunukum pejah.

e. Sebabipun saha pungkasaning konflik paraga Pak Suradiman.

No	**Wujudipun Psikologis nalika Konflik**	**Sebabipun Konflik (No. Data)**	**Wujudipun psikologis nalika konflik (No. Data)**	**Pungkasaning Konflik (No. Data)**	**Katrangan**
1	Kuwatos	Motor mabur, *helycopter,* lan *capung* sami madosi	Pak Suradiman kuwatos sanget, lajeng wungokaken	Sedaya sami ndhelik. (kaca 41)	Pak Suradiman kuwatos nalika mengsah madosi

		pasukanipun Yanto. (kaca 41)	andhananipun. (kaca 41)		piyambak-ipun.
		Pak Suradiman mirsani wonten mengsah ingkang saweg patroli. (kaca 42)	Pak Suradiman kuwatos, pramila sedaya andhahanipun dipundhawuhi ndhelik. (kaca 42)	Sanalika sedaya sami ndhelik. (kaca 42)	Pak Suradiman kuwatos nalika wonten mengsah ingkang saweg patroli.
2	Males	Yanto lan Sutopo dipunbron-dong mimis dening mengsah. (kaca 44)	Pak Suradiman lajeng males mbrondong mimis dhateng mengsah. (kaca 44)	Yanto lan Sutopo saged lolos saking pambrondong-ing mengsah. (kaca 44)	Pak Suradiman males mbrondong mimis amargi Yanto lan Sutopo dipun-brondong mimis dening mengsah.

f. Sebabipun saha pungkasaning konflik paraga Sutopo.

N	Wujud	Sebabipun	Wujudipun	Pungkasani	Katrangan

o	ipun Psikologis nalika Konflik	Konflik (No. Data)	Psikologis nalika Konflik (No. Data)	ng Konflik (No. Data)	
1	Kuciwa	Sutopo sampun ngentosi kanca-kancanipun ananging boten katingal. (kaca 45)	Sutopo ngraos kuciwa, amargi sampun ngentosi kanca-kancanipun ananging boten wonten ingkang katingal. (kaca 45)	Sutopo tetep nglajengaken lelampahanipun tanpa kanca-kancanipun. (kaca 45)	Sutopo sampun ngentosi kanca-kancanipun ananging boten katingal.

B. Pirembaganipun

1. Wujudipun Psikologis nalika Konflik wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara.

Subbab menika badhe ngandharaken wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening paraga-paraga wonten ing Novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara. Konflik wonten ing salebeting teori psikoanalisis Sigmund Freud dipunsebat minangka tetandhingan antawis kalih pepenginan, pangajeng-ajeng, utawi pilihan ingkang beda-beda, ingkang andadosaken

wontenipun konflik psikis dhateng paraganipun saengga kedah dipunjlentrehaken kanthi gamblang ingkang migunakaken teori psikoanalisis Sigmund Freud.

Wonten ing salebeting novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara nggadhahi enem paraga, (Yanto, Yatun, Pak Karyo, Erlinah, Pak Suradiman, lan Sutopo) ingkang nggadhahi konflik batos (psikis), lan badhe dipunandharaken kanthi mekaten.

a. Wujudipun Psikologis nalika Konflik paraga Yanto.

1) *Id*

a) Sedhih

Sedhih menawi wonten ing *KBBI (Kamus Besar Bahasa Indonesia, Edisi Ketiga* 2001: 1009*),* inggih menika *merasa sangat pilu dihati*. Sedhih ingkang dipunlampahi dening Yanto, kedadosan amargi piyambakipun wiwitipun badhe nglipur manahipun ingkang saweg sedhih, kaliyan mbekta piranti gambar saperlu kangge nggambar, ananging sesawangan ing sakiwa-tengenipun wonten ing sapinggiring sabin ingkang kala waunipun damel lam-lamaning manahipun, malah sangsaya ndadosaken sedhihipun Yanto, lan sangsaya damel lara-lapaning manahipun, kados dene kutipan menika.

Malah bandjur katon mak brebel, luhe dleweran metu nibani pipine, ulate saja katon sedih trenjuh. (Kaca 5)

Malah lajeng katingal mak brebel, luhipun dleweran medal nibani pipinipun, pasuryanipun sangsaya katingal sedhih trenyuh. (Kaca 5)

Kawontenan ing sakiwa-tengenipun ingkang ndadosaken Yanto sangsaya sedhih amargi kekajenganipun badhe nglajengaken sekolah boten dipunpangestoni dening bapakipun, bab menika ndadosaken *id* wonten ing manahipun Yanto sedhih sanget. Lajeng *ego* wonten ing manahipun Yanto ingkang nyengkuyung andadosaken piyambakipun nangis ngantos luhipun mili ndhawahi pipinipun. Yanto kepengin sanget nglajengaken sekolahipun, ananging boten mangertos caranipun kadospundi, amargi bapakipun boten sedya paring biyantu kangge ngragadi sekolahipun.

Kawontenan ingkang dipunlampahi dening Yanto, andadosaken piyambakipun ngantos boten purun nedha lan kempal kaliyan kulawarganipun. Menika sedaya amargi piyambakipun ngraos boten luwe lan boten kepengin menapa-menapa sasanesipun nglajengaken sekolah. Yanto namung ungkeb-ungkeb, sedhih, lan nangis wonten ing kamaripun ngantos bantalipun teles sedaya, kados dene kutipan menika.

Djam 7 wajahe pada mangan mung Janto dewe sing ora katon, isih ungkeb-ungkeb ana kamar, atine kebak rasa kasedihan, nangis, nganti bantale teles kabeh. (Kaca 7)

Tabuh 7 wekdalipun sami nedha namung Yanto piyambak ingkang boten katingal, taksih ungkab-ungkeb wonten kamaripun, manahipun kebak raos kasedhihan, nangis, ngantos bantalipun teles sedaya. (Kaca 7)

Sedhih ingkang dipunlampahi dening Yanto, andadosaken *id* wonten ing piyambakipun namung nangis kemawon wonten kamaripun ngantos bantalipun teles sedaya. Lajeng *ego* wonten ing piyambakipun andadosaken Yanto boten luwe lan boten purun nedha menapa-menapa, kang mangka bapak, ibu, lan rayinipun sami nedha ing dalu menika, lajeng sabibaripun sami kempal wonten ing ngajengan ingkang kados padatanipun. Ananging namung Yanto kemawon ingkang boten katingal.

Yanto sedhih sanget nalika mireng ngendikanipun bapakipun menawi boten badhe ngragadi sekolahipun. Manahipun kados dene dipunrujit-rujit, sanalika mekaten, Yanto nangis, lan medalipun luhipun kados jawah kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Yanto sedhih banget krungu guneme bapake kaya ngono mau. Ati kaya dirudjit-rudjit. Wetuning luhe kaja udan. (Kaca 10)

Yanto sedhih sanget mireng ngendikanipun bapakipun kados menika kala wau. Manahipun kados dipunrujit-rujit. Medalipun luhipun kados dene jawah. (Kaca 10)

Nalika Yanto mireng bapakipun ngendika ingkang damel manahipun kados dipunrujit-rujit, *id* wonten ing piyambakipun andadosaken Yanto sedhih sanget. Lajeng *ego* wonten ing piyambakipun andadosaken Yanto kangge nangis, lan medalipun luhipun kados dene jawah.

Yanto ugi ngraos sedhih nalika dipuntakeni dening kancanipun. Piyambakipun dereng saged mangsuli pitakenanipun kancanipun. Yanto taksih sedhih, ingkang dados penggalihipun inggih menika kadospundi nasibipun kanca-kancanipun lan pak komandhan, ingkang kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

"Embuh mas, aku durung bisa mangsuli pitakonan pandjenengan iki, atiku isih bundet lan sedih. Mikir nasibe kantja-kantja lan pak komandan". (Kaca 45)

"Boten mangertos mas, kula dereng saged mangsuli pitakenipun panjenengan menika, manah kula taksih bundhet lan sedhih. Menggalih nasibipun kanca-kanca lan pak komandhan". (Kaca 45)

Id wonten ing badanipun Yanto andadosaken bingungipun, amargi piyambakipun ugi boten mangertos nasibipun kanca-kancanipun lan pak komandhan. Ananging *ego* wonten ing piyambakipun andadosaken Yanto supados tetep menggalihaken kadospundi nasibipun kanca-kanca lan pak komandhan.

Yanto sedhih sanget nalika piyambakipun kelangan kancanipun amargi gugur nalika badhe nyerang mengsah. Yanto sedhih sanget amargi namung piyambakan tanpa kanca, boten wonten ingkang badhe dipunjak gineman lan geguyon malih, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Janto saiki atine dadi sedih banget, awit mung kari idjen til tanpa rewang. Saiki wis ora ana sing didjak embat-embatan, ora ana sing didjak tjaturan lan

gegujon. Uripe kaja wong lola. Janto saiki tansah ndelik, ora wani metu saka papan pandelikane. Pikirane isih mikir menjang tiwase Sutopo bae. (Kaca 48)

Yanto samenika manahipun dados sedhih sanget, amargi namung kantun piyambakan tanpa kanca. Samenika sampun boten wonten ingkang dipunjak embat-embatan, boten wonten ingkang dipunjak gineman lan geguyon. Gesangipun kados dene tiyang boten gadhah sinten-sinten. Yanto samenika tansah ndhelik, boten wantun medal saking papap pandhelikanipun. Penggalihipun taksih menggalih tiwasipun Sutopo kemawon. (Kaca 48)

Lelampahan ingkang katindakaken dening Yanto nalika gesang piyambakan wonten tengahing alas amargi kanca saperjuanganipun (Sutopo) gugur nalika badhe nyerang mengsah, andadosaken *id* wonten ing manahipun Yanto dados sedhih sanget. Lajeng *ego* wonten ing manahipun andadosaken menggalih saking guguripun Sutopo lan tansah wonten ing papan pandhelikanipun. Yanto boten wantun medal saking papan pandhelikanipun, lan gesangipun kados dene tiyang lola, boten gadhah sinten-sinten. Samenika boten wonten ingkang dipunjak gineman lan geguyon.

Sedhih ingkang langkung nrenyuhaken saking lelampahan ingkang sampun nate katindakaken, inggih menika nalika Yanto badhe dipunukum pejah seminggu malih. Penggalihipun lajeng kelingan kaliyan ibunipun lan pacanganipun inggih menika Erlinah. Yanto nangisipun kados lare alit, kados dene kutipan wonten ing ngandap menika.

Bareng krungu seminggu maneh deweke arep diukum pati, pikirane bandjur kelingan karo ibune. Janto nangis kaja botjah tjilik. Bubar kuwi bandjur kelingan karo Erlinah maneh. (Kaca 56)

Nalika mireng seminggu malih piyambakipun badhe diukum pejah, penggalihipun mindhak kelingan kaliyan ibunipun. Yanto nangis kados dene lare alit. Bibar menika lajeng kelingan kaliyan Erlinah maneh. (Kaca 56)

Nalika mireng menawi seminggu malih piyambakipun badhe dipunukum pejah, *id* wonten ing manahipun Yanto dados sedhih sanget. Lajeng *ego* ingkang wonten ing piyambakipun kelingan malih kaliyan tiyang-tiyang ingkang dipuntresnani, inggih menika ibunipun lan Erlinah pacanganipun. Yanto nangisipun kados dene lare alit, amargi sampun dangu sanget piyambakipun boten kepanggih kaliyan tiyang-tiyang ingkang dipuntresnani, malah mindhak badhe dipunukum pejah, sengsaya sedhih manahipun Yanto.

b) Meri (Iri)

Wonten ing *KBBI (Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga,* 2001: 204*), iri* inggih menika *"merasa tidak senang atau kurang senang melihat orang lain beruntung"*. Meri utawi iri inggih menika raos boten remen nalika piyambakipun ningali tiyang sanes saweg nampi kabegjan.

Yanto inggih menika salah satunggaling tiyang enem ingkang nggadhahi cita-cita utawi kekajengan ingkang mulya, inggih menika kepengein nglajengaken sekolah dados ABRI. Ananging kala wau sedaya boten dipunpangestoni dening bapakipun. Bapakipun boten sedya ngragadi sekolahipun, pramila Yanto sedhih

sanget. Bapakipun anggenipun boten sedya ngragadi boten amargi boten kagungan arta kangge sekolah, ananging taksih ngugemi watak ingkang kolot. Bapakipun langkung remen menawi artanipun dipunginakaken kangge tumbas sapi, saged kangge nggarap sabinipun, tinimbang arta mubah namung kangge sekolah, inggih menawi sekolahipun leres lan lancar, menawi boten lancar lan boten pinter, pramila bapakipun tetep puguh boten purun ngragadi.

Yanto meri kaliyan kanca-kancanipun ingkang saged nglajengaken sekolahipun wonten ing kitha. Ananging Yanto kok boten saged, kang mangka bapakipun sejatosipun ugi saged ngragadi. Yanto ngraos meri sanget, nasibipun kok boten kados kanca-kancanipun. Yanto kepengin sanget nglajengaken sekolah, kados dene kutipan ing ngandhap menika.

"O.....awak.....awak..... teka sijal temen uripku iki, ora kaja kantja-kantjaku. Geneja kantja-kantjaku bisa nerusake sekolah menjang kutha, aku teka ora bisa?" (Kaca 6)

"O.....badan.....badan.....kok siyal sanget gesang kula menika, boten kados dene kanca-kanca kula. Geneya kanca-kanca kula saged nglajengaken sekolah dhateng kitha, kula kok boten saged?" (Kaca 6)

Id wonten ing badanipun Yanto inggih menika kepengin nglajengaken sekolah kados dene kanca-kancanipun. Ananging *ego* wonten ing piyambakipun boten saged nyekapi betahipun *id* ingkang dipunkajengaken dhateng Yanto. Nalika wekdal menika, Yanto boten saged nglampahi lelempahan kados dene kanca-kancanipun, namung nggadhahi greget kangge nglajengaken sekolah, ananging piyambakipun boten saged nglajengaken sekolahipun. Yanto ngraos

nasibipun boten beja kados dene kanca-kancanipun ingkang saged nglajengaken sekolah dhateng kitha.

c) Kuciwa

Wonten ing *KBBI (Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga,* 2001: 522*), kecewa* ingkang basa Jawi kramanipun kuciwa inggih menika *"tidak puas karena terkabul keinginannya atau harapannya"*. Kekajengan utawi kekajenganipun Yanto ingkang boten kalampahan andadosaken piyambakipun kuciwa, kang mangka Yanto anggenipun ndherek ujiyan sampun saged lulus lan namung kantun mlebet kemawon dipuntampi. Ananging bapakipun tetep puguh boten purun ngragadi sekolahipun Yanto. Kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Kang mangka anggone melu ujian Yanto wis bisa lulus, mung kari mlebu bae ditampa. Nanging bapake puguh ora gelem ngragadi, mula ya bab iku sing ndadekake sedhihe Yanto. (Kaca 7)

Kang mangka anggenipun ndherek ujiyan Yanto sampun saged lulus, namung kantun mlebet kemawon dipuntampi. Ananging bapakipun puguh boten purun ngragadi, pramila nggih bab menika ingkang andadosaken sedhihipun Yanto. (Kaca 7)

Kekajenganipun Yanto ingkang badhe nglajengaken sekolah dhateng kitha, ananging katrajang kaliyan perkawis bapakipun ingkang boten sedya ngragadi sekolahipun andadosaken *id* wonten ing piyambakipun kuciwa sanget. Ananging

ego wonten ing piyambakipun boten saged nyekapi betahipun *id* ingkang dados kekajenganipun. Ewadene Yanto sampun kupiya kangge matur kaliyan bapakipun lan nyuwun pangestu, bapakipun tetep puguh boten badhe ngragadi.

d) Nekad

Wonten ing *KBBI (Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga*, 2001: 778*)* bilih nekad utawi *nekat* menawi wonten ing basa Indonesia, inggih menika *"berkeras hati, mengotot".* Nekad inggih menika lelampahan ingkang katindakaken, lan sampun dipunpenggalih kanthi mateng, kanthi niyat wonten ing manah, lan sampun siyap kaliyan pepali ingkang kadadosan samangke. Panci nekad menika wontenipun ing salebeting manah. Nalika Yanto ngraos manahipun kados tinarbuka kewantunipun lan kekiyatanipun, piyambakipun badhe nekad, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Gregah, atine kaja tinarbuka kekendelane lan kekuwatane, deweke arep nekad pisan. (Kaca 53)

Gregah, manahipun kados dipunbikak kawantunanipun lan kekiyatanipun, piyambakipun badhe nekad. (Kaca 53)

Kekajenganipun Yanto anggenipun badhe kesah saking pakunjaran, *id* andadosaken piyambakipun nekad. *Id* ingkang dipungadhahi dening Yanto, dipunsengkuyung kaliyan *ego*nipun ingkang nggadhahi kewantunan lan kekiyatan kangge estu nekad badhe kesah saking pakunjaran menika.

e) Sadhar

Sadhar inggih menika mangertos menapa ingkang dipuntindakaken, menapa leres utawi lepat. Yanto rumaos dosa ageng, satunggaling putra ingkang boten manut dhawuhipun tiyang sepuh, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

"Aku rumangsa dosa gede, sawidjining anak sing ora manut dawuhing wong tuwa, ora bekti, ora sungkem". (Kaca 12)

"Kula rumaos dosa ageng, satunggaling putra ingkang boten manut dhawuhipun tiyang sepuh, boten bekti, boten sungkem". (Kaca 12)

Yanto mangertos kaliyan ingkang dipunlampahi menika boten sae. Boten bekti lan boten sungkem dhateng tiyang sepuhipun. Ananging Yanto ugi gadhah kekajengan badhe nglajengaken sekolahipun ingkang langkung inggil, ewadene bapakipun boten sedya ngragadi sekolahipun. *Id* wonten ing manahipun Yanto rumaos piyambakipun boten sungkem kaliyan tiyang sepuhipun, ananging *superego* wonten ing batosipun Yanto nyengkuyung piyambakipun supados sadhar menapa ingkang dipunlampahi menika sejatosipun boten leres, inggih menika satunggaling putra ingkang boten manut dhawuhipun bapakipun.

Yanto sadhar menawi ingkang dipunlampahaken nalika wonten ing griya dipunkancani dening Erlinah menika boten sae, ewadene Yanto dereng tutug anggenipun ngejak gineman, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Benere Janto durung tutug anggone ngedjak omong2, nanging bareng dipikir kurang prajoga, ana omah idjen, rewange prawan, mendah apa loking akeh. (Kaca 29)

Leresipun Yanto dereng tutug anggenipun ngejak gineman, ananging sampun dipunpenggalih kirang prayogi, wonten griya piyambakan, kancanipun prawan, mindhak menapa ngendikanipun tiyang sanes. (Kaca 29)

Yanto panci taksih kepengin gineman kaliyan Erlinah, ananging wonten ing griya menika menawi namung tiyang kalih jaler lan estri menika boten sae. Yanto sadhar lan mangertos kaliyan babagan menika, mindhak ngendikanipun tiyang sanes warni-warni. *Id* ingkang dipunraosaken dening Yanto inggih menika taksih kepengin sareng-sareng kaliyan Erlinah. Ananging *ego* ingkang dipunraosaken dening Yanto, kirang prayoga menawi wonten ing griya namung dipunkancani dening tiyang estri. Lajeng *superego* ingkang dipunraosaken dening Yanto supados menggalihaken malih menawi wonten ing griya menika boten sae menawi namung piyambakan lan dipunkancani tiyang estri.

f) Bingung

Wonten ing *KBBI (Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga*, 2001: 153*)* bilih bingung inggih menika *"hilang akal (tidak tahu yang harus dilakukan)".* Bingung inggih menika kawontenan ingkang boten mangertos kadospundi lelampahan ingkang badhe dipunpilih lan badhe dipuntindakaken. Biasanipun perkawis menika langkung saking setunggal pilihan, malah saged ugi boten

wonten pilihan. Kados dene ingkang dipunlampahi dening Yanto, piyambakipun bingung badhe tumuju dhateng pundi sasampunipun nekad kesah saking desanipun kala wau. Lampahanipun namung saparan-paran, ngetutaken lakunipun samparan tanpa wonten ingkang badhe dipuntuju, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Lakune mung saparan-paran, ngetutake obahing sikil bae, tanpa ana sing ditudju. (Kaca 13)

Lampahanipun namung saparan-paran, ngetutaken ewahing samparan kemawon, tanpa wonten ingkang dipuntuju. (Kaca 13)

Yanto boten mangertos piyambakipun badhe dhateng pundi, ananging *id* wonten ing piyambakipun andadosaken Yanto tetep mlampah. Lan *ego* wonten ing piyambakipun ugi andadosaken Yanto tetep ngetutakaen lampahing samparan ewadene boten wonten papan ingkang badhe dipuntuju, lan lampahanipun ugi namung saparan-paran kemawon, ingkang langkung utami piyambakipun saged uwal saking desanipun, mliginipun saking griyanipun. Saged katingal bilih Yanto ugi bingung, nalika piyambakipun wonten ing stasiun, amargi boten mangertos piyambakipun badhe dhateng pundi. Saged kawaos wonten kutipan ing ngandhap menika.

Janto suwe mandeg ana ngarep stasiun, awit ora ngerti sing arep didjudjug, atine mandeg mangu kaworan bingung. Arep njang omahe sapa? Gek iki mengko turune ana ngendi? Neng kampung apa? Ngono gagasane Janto. (Kaca 18)

Yanto mandheg dangu wonten nganjeng stasiun, amargi boten mangertos ingkang badhe dipuntuju, manahipun mandheg mangu kaworan bingung. Badhe dhateng dalemipun sinten? Lajeng mangke badhe tilemipun wonten pundi? Wonten kampung pundi? Kados menika celathunipun Yanto. (Kaca 18)

Kekajenganipun Yanto kangge pados kapinteran wonten ing kitha, andadosaken *id* wonten ing piyambakipun bingung, amargi boten mangertos papan pundi ingkang badhe dipuntuju. Ananging *ego* wonten ing piyambakipun nyurung supados Yanto tetep mlampah ewadene piyambakipun taksih bingung wonten griyanipun sinten ingkang badhe dipuntuju, lan samangke tilemipun wonten pundi, saha badhe dhateng wonten ing kampung menapa, Yanto bingung sanget.

Yanto ugi bingung nalika piyambakipun sampun dipuntilar dunya dening Sutopo inggih menika kanca saperjuwangan. Yanto boten mangertos badhe kadospundi mangke pungkasaning lelampahan menika, amargi Yanto namung piyambakan. Yanto menggalih sawantun-wantunipun tiyang setunggal mesthi badhe kacepeng ugi dening mengsah samangke, menawi badhe ngalawan namung muspra kemawon kados dene sarem kacemplung wonten ing segari, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Pantjen wektu semono Janto lagi mikir gugure Sutopo, lan awake dewe sing saiki wis gari idjen til, bakal keprije wusananing laku. Sekendel-kendelane wong sidji, ora wurung meshi bakal ketjekel dening mungsuh. Arep nglawan ja tiwas-

tuwas bae, mung bakal kaja ujah ketjemplung segara. Ora nglawan keprije. (Kaca 49)

Panci wekdal semanten Yanto saweg menggalih guguripun Sutopo, lan piyambakipun ingkang samenika kantun piyambakan, badhe kadospundi pungkasanipun lampah. Sawantun-wantunipun tiyang setunggal, boten wurung mesthi badhe kacepeng dening mengsah. Badhe nglawan nggih tiwas-tuwas kemawon, namung badhe kados sarem keceplung segari. Boten nglawan kadospundi. (Kaca 49)

Lelampahan ingkang katindakaken dening Yanto menika andadosaken *id* wonten ing piyambakipun bingung. Guguripun Sutopo ing wekdal samanten andadosaken *ego* wonten ing badanipun Yanto menggalih kadospundi samangke pungkasaning lelampahanipun. Yanto boten wantun menawi badhe ngalawan nalika kacepeng dening mengsah. Amargi nglawan ugi badhe namung kados sarem kacemplung wonten ing segari, tiwas-tuwas kemawon, amargi Yanto namung piyambakan.

Nalika Yanto nampi serat saking putra salah satunggaling komandhan pulisi, lan wosing serat menika piyambakipun kepengin gesang sesarengan kaliyan Yanto. Yanto bingung malih, amargi piyambakipun sampun gadhah pacangan inggih menika Erlinah. boten sekeca manahipun Yanto menawi badhe ngandharaken ingkang sejatosipun, ajrih menawi samangke damel gerah manahing sanes, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Dilalah putra salah sawidjining komandhan pulisi kono kang nembe bae lulus saka sekolah menengah menehi lajang karo Janto, surasaning lajang kepengin urip bebarengan karo Janto. Janto judeg pikire. Pantjen putrane pak komandhan mau sulistya ing rupa tur botjah peladjaran pisan. Janto rada prekewuh atine, arep ditolak ngandarake sing sebenere janto ora wani, kuwatir gawe lara atining lijan, arep diladeni Janto dewe wis duwe patjangan, ewuh aju ing pambudi. (Kaca 60)

Dilalah putra salah satunggaling komandhan pulisi ngrika ingkang nembe kemawon lulus saking sekolah menengah maringi serat dhateng Yanto, surasaning serat kepengin gesang sesarengan kaliyan Yanto. Yanto judheg penggalihipun. Panci putranipun pak komandhan kala wau sulistya ing rupi saha lare pelajaran ugi. Yanro radi pekewuh manahipun, badhe dipuntolak ngandharaken ingkang saleresipun Yanto boten wantun, kuwatir damel gerah manahipun sanes, badhe dipunladeni Yanto piyambak sampun gadhah pacangan, ewuh ayu ing pambudi. (Kaca 60)

Id wonten ing manahipun Yanto nalika mangertosi bilih putranipun salah satunggaling komandhan pulisi wonten ing pakunjaran ingkang saweg nawan Yanto sakancanipun remen kaliyan piyambakipun, lan ngendika kepengin gesang sesarengan kaliyan Yanto. Ananging *ego* wonten manahipun Yanto kangge menggalih malih menawi piyambakipun sampun gadhah pacangan inggih menika Erlinah. Yanto ugi radi pekewuh, amargi putranipun komandhan kala wau sulistya

ing rupa saha tiyang pelajaran ugi. Badhe ngandharaken ingkang sejatosipun menawi Yanto sampun gadhah pacangan, manahipun boten sekeca amargi boten kepengin damel gerah manahipun tiyang sanes.

Bingung ingkang dipunlampahi dening Yanto inggih menika nalika piyambakipun pisah kaliyan pak komandhan kanca-kancanipun, amargi piyambakipun boten mangertos lan dereng nate ngambah dhaerahipun mengsah menika, menapa malih nalika Yanto kelingan menawi kinten-kinten pak komandhan sakancanipun katangkep dening mengsah. Gegaman lan perlengkapan sanes-sanesipun ugi dipunbekta kanca-kancanipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Sakarone atine bandjur judeg sedih, kelingan karo kantja-kantjane kabeh. Wis dianti meh setugel dina, nanging kabeh ora ana sing katon sidji-sidjija. Janto nembe eling, kira-kira pak komandhan sakantjane ketangkep dening mungsuh. Atine judeg bingung, awit sakarone durung nate ngambah djadjahan kono, gek ana tengah alas pisan. Perlengkapan lija-lijane ora duwe, digawa kantja-kantjane. Mula atine prihatin banget. (Kaca 45)

Kekalihipun manahipun lajeng judheg sedhih, kelingan kaliyan kanca-kancanipun sedaya. Sampun dipuntengga setugel dinten, ananging sedaya boten wonten ingkang katingal setunggal-setunggala. Yanto nembe eling, kinten-kinten pak komandhan sakancanipun ketangkep dening mengsah. Manahipun judheg bingung, amargi kekalihipun dereng nate nglampahi jajahan ngrika, gek wonten

tengahing alas ugi. Perlengkapan sanes-sanesipun boten gadhah, dipunbekta kanca-kancanipun. Pramila manahipun prihatos sanget. (Kaca 45)

Nalika Yanto pisah kaliyan pak komandhan sakancanipun, lan Yanto ugi boten mangertos dhaerah menika, andadosaken *id* wonten ing manahipun Yanto bingung. Lajeng *ego* wonten ing manahipun Yanto nyurung supados piyambakipun ngentosi kanca-kancanipun sedaya ngantos setugel dinten. Ananging sampun dipuntengga siya-siya kemawon amargi boten wonten ing katingal. Sangsaya bingung nalika Yanto menggalih menawi pak komandhan sakancanipun ketangkep dening mengsah, awit gegaman sanesipun ugi dipunbekta kanca-kancanipun, pramila Yanto prihatos sanget.

g) Kaget

Wonten ing *KBBI (Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga*, 2001: 489*)* bilih kaget inggih menika *"terperanjat, atau terkejut karena heran"*. Kaget ugi kedadosan nalika Yanto mireng ngendikanipun kenya ayu ingkang ndadosaken manahipun trataban mak dheg. Kenya ayu ingkang ngendika menawi piyambakipun badhe dhateng desanipun ibunipun Yanto, lajeng Yanto ngraos piyambakipun saweg nyindhir utawi nyemoni, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Mak deg trataban atine Janto, awit desa mau ya desane ibune dewe, malah batine Janto kenya aju mau njemoni deweke. (Kaca 22)

Mak dheg trataban manahipun Yanto, amargi Desa kala wau nggih desanipun ibunipun piyambak, malah batosipun Yanto kenya ayu kala wau nyindhir piyambakipun. (Kaca 22)

Kawontenan ingkang nyebataken *mak dheg trataban* ingkang kedadosan dhateng Yanto, andadosaken *id* wonten ing manahipun kaget. Lajeng *ego* wonten ing manahipun ngraos menawi piyambakipun saweg dipunsindhir. Desa ingkang dipunsebataken dening kenya ayu dhateng Yanto menika desanipun ibunipun Yanto. Ing batosipun Yanto, kenya ayu menika saweg nyindhir piyambakipun, ananging kenya ayu kasebat panci ngendika ingkang sejatosipun.

h) Grogi

Wonten ing *KBBI (Kamus Besar Bahasa Indonesia) Edisi Ketiga*, (2001: 372), bilih grogi inggih menika *"merasa canggung atau takut berhadapan dengan orang lain atau orang banyak"*. Grogi inggih menika raos ingkang boten sekeca nalika badhe nglampahi satunggaling lelampahan ingkang boten kados biasanipun. Raos grogi ingkang dipunlampahi dening Yanto ingih menika nalika piyambakipun mangertos menawi wonten kenya ayu ingkang damel manahipun dados tab-taban lan penggalihipun dados kuwur, saha paningalipun dados pyur-pyuran, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Yanto weruh kenja aju mau atine sanalika malih dadi tab-taban, pikirane kuwur, kumepjur-pjuran panone. (Kaca 20)

Yanto pirsa kenya ayu kala wau manahipun sanalika malih dados tab-taban, penggalihipun kuwur, kumepyur-pyuran paningalipun. (Kaca 20)

Id wonten ing manahipun Yanto ingkang andadosaken piyambakipun grogi inggih menika nalika mangertosi menawi wonten kenya ayu tumuju wonten ngajengipun Yanto. Lajeng *ego* wonten ing manahipun Yanto andadosaken piyambakipun dados tab-taban manahipun, lan penggalihipun dados kuwur, saha paningalipun dados pyur-pyuran. Yanto nglampahi ambruk wonten pundhakipun kenya ayu menika inggih menika Erlinah, saking boten kuwat nampani krenteging asmara ingkang tansah damel gonjing-miringing jiwanipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Saking ora kuwat nampani krenteging asmara kang tansah gawe gondjing-miringing djiwane, sakala iku Janto awake kaja ilang otot-bajune, lemes banget, wusana ambruk nibani pundake Erlinah. (Kaca 26)

Saking boten kiyat nampi krenteging asmara ingkang tansah damel gonjeng-miringing jiwanipun, sakala menika piyambakipun kados ical otot-bayunipun, lemes sanget, wusana ambruk nibani pundhakipun Erlinah. (Kaca 26)

Id wonten ing badanipun Yanto andadosaken piyambakipun grogi nalika piyambakipun grogi, boten kuwat nampahi krenteging asmara ingkang tansah damel gonjing miringipun Yanto dhateng Erlinah. Lajeng *ego* wonten ing

badanipun Yanto andadosaken piyambakipun ambruk nibani pundhakipun Erlinah amargi lemes sanget kados ical otot-bayunipun.

i) Mareming Manah

Mareming manah inggih menika nalika kita nampani menapa kemawon ingkang trep kaliyan ingkang dipunkajengaken. Mareming manah ingkang dipunraosaken dening Yanto inggih menika nalika piyambakipun bingah manahipun amargi dipunwangsuli kados ingkang dipunkajenganken dening Yanto, katingal saking kutipan wonten ing ngandhap menika.

Janto marem atine diwangsuli kaja ngono. (Kaca 23)

Yanto marem manahipun dipunwangsuli kados mekaten. (Kaca 23)

Id wonten ing manahipun Yanto ngaraosaken marem nalika Erlinah ugi sejatosipun remen kaliyan Yanto, lan ngendika menawi Erlinah purun menawi dipunlamar dening Yanto. Lajeng *ego* wonten ing batosipun nyurung Yanto api-api noleh ngiwa mireng wangsulanipun Erlinah kala wau, ing batosipun manahipun gembira sanget dene Erlinah ugi tresna kaliyan piyambakipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Janto api2 noleh ngiwa krungu wangsulane Erlinah mau, ing batin atine gembira banget dene kenja sing pantjen wis diangen-angen suwe tibane tresna karo awake. (Kaca 24)

Yanto api-api noleh ngiwa mireng wangsulanipun Erlinah kala wau, ing batosipun manahipun gembira sanget dene wanita ingkang panci sampun dipunangen-angen dangu sejatosipun ugi tresna kaliyan piyambakipun. (Kaca 24)

Mareming manah salajenging ingkang dipunraosaken dening Yanto inggih menika nalika piyambakipun bingah manahipun amargi saged malesaken tiwasipun Sutopo. Yanto ngraos marem, katingal saking aturipun kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

- *Wis ta entek-entekna mimismu sagudang, jen tjaramu nembak mung ngawur, mung angger muni bae, mengko rak kalah karo mimisku sing mung kari sitik iki*. (Kaca 48)

Sampun ta telas-telasaken mimis panjenengan sagudhang, menawi cara panjenengan nembar namung ngawur, namung menawi muni kemawon, mangke rak kalah kaliyan mimis kula ingkang kantun sekedhik menika. (Kaca 48)

Id wonten ing manahipun Yanto badhe males guguripun Sutopo. Lajeng *ego* wonten ing manahipun Yanto andadosaken piyambakipun supados mbedhil mengsahipun kangge males guguripun Sutopo, lan kasil piyambakipun pitantuk ijol sedasa mengsah ingkang saged dipunpejahi.

j) Ajrih

Wonten ing *KBBI (Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga*, 2001: 1125*)* bilih *takut* utawi menawi wonten basa Jawi krama inggih menika *"merasa gentar atau ngeri menghadapi sesuatu yang dianggap akan mendatangkan bencana"*. Ajrih inggih menika kawontenan ingkang boten sekeca lan boten dipunremeni dhateng tiyang sinten kemawon. Kalebet Yanto sakanca ingkang ajrih nalika wonten ing prau ingkang saweg katrajang ombak ingkang ageng. Prau ingkang dipuntumpaki tansah montang-manting kangge dolanan ombak. Dangu-dangu jawahipun sangsaya deres lan kaworan barat ugi. Sedaya ingkng nitih prau menika sami kekes manahipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Udane saja deres banget kaworan angin. Kabeh pada kekes atine, ora ana sing guneman, awit rumangsane njawane mung kari muntup-muntup ana embun-embunan. (Kaca 38)

Jawahipun sangsaya deres sanget kaworan barat. Sedaya sami kekes manahipun, boten wonten ingkang gineman, amargi rumaosipun nyawanipun namung kantun muntup-muntup wonten embun-embunan. (Kaca 38)

Kawontenan wonten ing prau ingkang tansah montang-manting kangge dolanan ombak, kaworan jawah ingkang deres sanget. *Id* wonten manahipun Yanto sakanca ajrih. *Ego* wonten manahipun andadosaken Yanto sakanca kangge mendel kemwon boten sami gineman, amargi rumaos nyawanipun namung kantun muntup-muntup wonten ing embun-embunan.

k) *Berontak*

Berontak inggih menika nglawan utawi boten manut prentah, utawi satunggaling kawontenan ingkang dipunlampahi dening tiyang, lajeng piyambakipun kepengin medal saking aturanipun tiyang sanes. Kados dene ingkang dipunlampahi dening Yanto lan Sutopo nalika dipundhawuhi dening Pak Suradiman supados boten mbedhil mengsah, ananing Yanto lan Sutopo kepengin sanget mithes mengsahipun boten saged dipunsayuti malih, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Pak Suradiman aweh sasmita ora oleh mbedil. Nanging Janto lan Sutopo sing wis ora kuwat ngampet kanepsone wis ora kena disayuti maneh, kepengin mites mungsuhe bae. (Kaca 43)

Pak Suradiman paring sasmita boten pikantuk mbedhil. Ananging Yanto lan Sutopo ingkang sampun boten kiyat nahan kanepsonipun sampun boten saged dipunsayuti malih, kepengin mithes mengsahipun kemawon. (Kaca 43)

Id wonten ing batosipun Yanto lan Sutopo andadosaken piyambakipun kepengin mithes mengsahipun kemawon. Lajeng *ego* wonten ing manahipun andadosaken piyambakipun kangge mbalela utawi berontak lan panci boten kiyat nahan kanepsonipun kepengin mithes mengsahipun kemawon.

l) Kuwatos

Kuwatos inggih menika raos ingkang boten tentrem manahipun, raos boten tenang ingkang dipunlampahi dening tiyang. Kuwatos lan ajrih ingkang dipunraosaken dening Yanto nalika piyambakipun ngraos sampun tilar donya, lan

ngraos lelampahan-lelampahan nalika wonten ing donya badhe dipunbikak malih lan badhe dipundangu wonten ing alam kubur. Yanto ngraos ajrih sanget amargi nalika piyambakipun wonten ing medhan perang, Yanto wongsal-wangsul mejahi mengsahipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Karo njebut asmaning Pangeran, Janto atine nratab tab-taban.

"We la iki, aku mesti bakal didangu. Mesthine kotak tjilik mau isi tjatetan bab kelakuwanku sajroning ana alam donja, arep dibeber maneh ana kene. Lha mengko jen aku didangu wangsulanku bandjur keprije? Kang mangka dek aku ngadepi mungsuh kae, bola-bali bedilku oleh pepati pirang-pirang". Tekan semono batine Janto atine saya wedi, atine dadi ndredeg wel-welan, saking wedine. (Kaca 51-52)

Kaliyan nyebat asmanipun Pangeran, Yanto manahipun ntratab tab-taban.

"We la menika, kula mesthi badhe dipundangu. Mesthinipun kothak alit kala wau wosipun cathetan bab kelakuwan kula salebeting wonten alam donya, badhe dipunandharaken malih wonten mriki. Lha mangke menawi kula dipundangu wangsulan kula lajeng kadospundi? Kamangka nalika kula ngadhepi mengsah menika, wongsal-wangsul bedhil kula pikantuk pepati kathah". Dumugi semanten batosipun Yanto manahipun sangsaya ajrih, manahipun dados ndredheg wel-welan, saking ajrihipun. (Kaca 51-52)

Id ingkang andadosaken Yanto ajrih inggih menika nalika piyambakipun ngraos badhe dipundangu babagan lelampahanipun wonten alam donya. Kang mangka nalikanipun piyambakipun taksih wonten alam donya, Yanto tansah mejahi tiyang kathah inggih menika mengsahipun wonten medhan perang.

Ananging *ego* wonten ing manahipun andadosaken Yanto trataban manahipun kanthi nyebat Asmanipun Pangeran, inggih menika Gusti Ingkang Maha Kuwaos.

m) Keduwung

Keduwung inggih menika raos boten ngremenaken amargi sampun nglampahi lelampahan ingkang boten leres. Yanto ngraos keduwung nalika piyambakipun ningali kawontenan ingkang andadosaken sedaya kanca-kancanipun remen, ananging piyambakipun kesupen dhateng kaprayitnan, kirang waspada lan deduga, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Weruh kawontenan kaja ngono mau kabeh pada katon gembira seneng, ngati lali menjang kaprajitnan, lali menjang pendjagaan, kurang waspada, kurang deduga. (Kaca 44)

Ningali kawontenan ingkang kados menika kala wau sedaya sami katingal gembira remen, ngantos kesupen dhateng kaprayitnan, dhateng penjagaan, kirang waspada, kirang deduga (Kaca 44)

Id wonten manahipun Yanto ngraos grusa-grusu nalika ningali wonten toya kinclong-kinclong keleresan kawontenan nalika semanten ingkang saweg sami ngelak. Ananging *superego* andadosaken Yanto keduwung, kenging menapa kok piyambakipun ngantos kesupen dhateng ngendikanipun mBak Bakri kala rumiyin, menawi salebeting suka kedah eling lan waspada. Ananging piyambakipun malah kesupen dhateng penjagaan, kirang waspada lan deduga.

n) Pasrah

Pasrah inggih menika kawontenan ingkang boten wonten pilihan malih, nalika kita saweg nglampahi lelampahan ingkang awrat dipuntindakaken. Wonten ing *KBBI (Kamus Besar Bahasa Indonesia),* pasrah inggih menika *berserah diri kepada Tuhan sambil berdoa agar terhindar dari malapetaka* (KBBI, *Edisi Ketiga,* 2001: 835). Pasrah inggih menika maringaken sedaya lelampahan dhumateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos, kanthi tansah ndedonga. Kados dene kawontenan ingkang katindakaken dening Yanto wonten kutipan ing ngandhap menika.

Janto nangis, ing batin mung sumarah menjang Kersaning Hyang Kang Maha Kuwasa. Umure mung kari rolas.....djam. (Kaca 57)

Yanto nangis, ing batos namung sumarah dhumateng Kersaning Hyang Ingkang Maha Kuwaos. Yuswanipun namung kantun kalih welas.....jam. (Kaca 57)

Nalika kita mangertosi yuswa kita namung kantun pinten dinten utawi kantun pinten jam, mesthi kita boten saged menapa-menapa malih, kejawi tansah ndedonga lan sumarah dhumateng Gusti ingkang Maha Kuwaos. Menika ingkang dipunlampahi dhateng Yanto nalika piyambakipun mangertosi yuswanipun kantun 12 jam. *Id* wonten ing manahipun Yanto andadosaken piyambakipun dados sedhih, ananging *ego* wonten ing manahipun andadosaken piyambakipun tansah pasrah utawi sumarah dhumateng Pangeran.

Yanto boten kedhep-kedhep anggenipun nyawang lan ningali gambaripun Erlinah ingkang kadamel, manahipun sampun suwung amargi wonten ing dinten menika piyambakipun badhe dipunpatrapi paukuman pejah. Yanto sampun boten saged menapa-menapa malih, boten saged nangis, boten saged suwala malih. Sagedpun namung lenggah lenger-lenger tanpa ewah, kados dene kutipan ing ngandhap menika.

Janto dewe isih tenguk2 lungguh sangga uwang karo njawang gambare kekasihe ora kedep2. Atine wis suwung, awit ing dina iku deweke bakal dipatrapi paukuman pati. Janto wis ora bisa suwala maneh. Arep nangis wis ora bisa, mula bisane mung lungguh lenger2 tanpa obah. (Kaca 58)

Yanto piyambak taksih tenguk-tenguk lenggah sangga uwang kaliyan nyawang gambaripun kekasihipun boten kedhep-kedhep. Manahipun sampun suwung, amargi wonten ing dinten menika piyambakipun badhe dipatrapi paukuman pejah. Yanto sampun boten saged suwala malih. Badhe nangis sampun boten saged, pramila sagedpun namung lenggah lenger-lenger tanpa ewah. (Kaca 58)

Mangertos piyambakipun badhe dipunukum pejah, *id* wonten ing badanipun andadosaken sedhi hipun Yanto. Lajeng *ego* wonten ing piyambakipun ndamel piyambakipun kangge nyawang gambaripun Erlinah, pacanganipun. Yanto ngraos ewadene boten saged pinanggih kaliyan Erlinah ingkang kaping pungkasan,

gambaripun kemawon saged dados gantosipun, pramila dipunsawang kaliyan lenger-lenger tanpa ewah, kanthi boten kedhep-kedhep.

2) *Ego*

a) *Sedhih*

Sedhih ingkang dipunlampahi dening Yanto inggih menika nalika piyambakipun badhe kesah saking desanipun. *Id* wonten ing dalu menika, nalika sampun sami sare, namung Yanto kemawon ingkang boten saged tilem, lan saweg menggalih menawi piyambakipun badhe kesah saking griyanipun saperlu badhe ngumbara wonten ing njawi desanipun. Ananging Yanto boten tegel nilar rayinipun (Yatun), ingkang dipuntresnani sanget dening piyambakipun. Yanto lajeng nyerat layang kangge Yatun, lan dipuntilar wonten mejanipun, kados dene kutipan mekaten.

Lajang nuli ditinggal ana medjane. Janto nyandak buntelane ditjangklong, terus metu alon2 marani kamare adine, bareng diungak adine isih turu angler. Janto netesake luh, atine mandeg mangu ora tegel ninggal adine. (Kaca 12)

Layang lajeng dipuntilar wonten mejanipun. Yanto nyandhak buntelanipun dipuncangklong lajeng medal alon-alon dhateng kamaripun rayinipun, nalika dipuntingali rayinipun taksih tilem angler. Yanto netesaken luhipun, manahipun mandheg mangu boten tegel nilar rayinipun. (Kaca 12)

Kekajenganipun Yanto kesah saking desanipun kangge ngumbara saparan-paran andadosaken *id* wonten ing piyambakipun dados sedhih, amargi kedah nilar rayinipun ingkang dipuntresnani sanget. Sejatosipun Yanto boten tegel nilar rayinipun, ananging *ego* wonten ing piyambakipun andadosaken Yanto kangge ngumbara saparan-paran. Yanto menika tresna sanget kaliyan Yatun, lan Yatun ugi tresna sanget dhateng kangmasipun. Namung Yatun ingkang seged mangertosi kawontenan manahipun Yanto. Menika ingkang ndadosaken Yanto mandheg mangu nalika piyambakipun badhe kesah saking desanipun lan boten wantun matur langsung kaliyan Yatun, amargi boten tegel kaliyan sedhihipun Yatun nalika dipuntilar mangke.

Nalika Yanto mangertosi menawi yuswanipun namung kantun pinten dinten kemawon, manahaipun sedhih sanget. Lajeng Yanto kepengin damel kenang-kenangan arupi gambaripun kakasihipun inggih menika Erlinah. Yanto nggambar wujudipun Erlinah. Ananging Yanto wonten ing salebeting sel utawi tahanan, boten gadhah piranti gambar. Lajeng tuwuh penggalihipun badhe nggambar kaliyan awu rokokipun ingkang dipuntelesi nangge luhipun nalika piyambakipun nangis, kados dene kutipan ing ngandhap menika.

Kanthi ati sedih lan trenjuh, Janto wiwit nggambar karo awu ditelesi nganggo eluhe, ditetok-letokake menjang temboking sel kono. (Kaca 56)

Kanthi manah ingkang sedhih lan trenyuh, Yanto miwiti nggambar kaliyan awu dipuntelesi kaliyan luhipun, dipunletok-letokaken dhateng tembokipun sel ngrika. (Kaca 56)

Kekajenganipun Yanto badhe ngambar wewujudanipun Erlinah wonten ing temboking sel tahanan, andadosaken *id* wonten ing batosipun Yanto sedhih amargi pepenginan ingkang pungkasan kamawon ajrih katindakaken, inggih menika badhe nggambar wewujudipun Erlinah. Ananging *ego* wonten ing piyambakipun andadosaken Yanto kangge pados cara supados saged nggambar kados dene ingkang dipunpenginaken. Yanto nggambar kaliyan awu rokok ingkang dipunkempalaken lan dipuntelesi kaliyan luhipun nalika piyambakipun nangis lan sedhih kala wau.

b) Nekad

Nekad ingkang kalampahan dening Yanto inggih menika nalika piyambakipun badhe ngumbara. Niyatipun sampun boten gigrig malih, sampun mantep badhe nilaraken desanipun, badhe nilar rayinipun, lan badhe nilar tiyang sepuhipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Niyate wis ora gigrig maneh, wis mantep tetep arep ninggal desane, arep ninggal adhine, arep ninggal wong tuwane, kepengin ngumbara. (Kaca 11)

Niyatipun sampun boten ewah malih, sampun mantep tetep badhe nilar desanipun, badhe nilar rayinipun, badhe nilar tiyang sepuhipun, kepengin ngumbara. (Kaca 11)

Niyatipun Yanto ingkang badhe kesah saking desanipun saperlu ngumbara, *id* wonten ing piyambakipun andadosaken badhe nekad. Lajeng *ego* wonten ing piyambakipun nyurung lan andadosaken Yanto kangge kesah saking desanipun. Yanto nilar desanipun, rayinipun, lan tiyang sepuhipun. Piyambakipun ngumbara saparan-paran.

c) Bingung

Bingung inggih menika kawontenan ingkang boten mangertos pundi kan kadospundi lelampahan ingkang badhe dipunpilih lan badhe katindakaken. Biasanipun perkawis menika langkung saking setunggal pilihan, malah saged ugi boten wonten pilihan. Kados dene ingkang dipunlampahi dening Yanto, piyambakipun bingung badhe tumuju dhateng pundi sasampunipun nekad kesah saking desanipun kala wau. Lampahanipun namung saparan-paran, ngetutaken lakunipun samparan tanpa wonten ingkang badhe dipuntuju, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Lakune mung saparan-paran, ngetutake obahing sikil bae, tanpa ana sing ditudju. (Kaca 13)

Lampahipun namung saparan-paran, ngetutaken ewahing samparan kemawon, tanpa wonten ingkang dipuntuju. (Kaca 13)

Yanto boten mangertos piyambakipun badhe dhateng pundi, ananging *id* wonten ing piyambakipun andadosaken Yanto tetep mlampah. Lan *ego* wonten ing piyambakipun ugi andadosaken Yanto tetep ngetutakaen lampahing samparan ewadene boten wonten papan ingkang badhe dipuntuju, lan lampahanipun ugi

namung saparan-paran kemawon, waton saged uwal saking desanipun, mliginipun saking griyanipun.

d) *Kaget*

Kaget inggih menika raos ingkang boten sekeca ing manah, amargi kawontenan ingkang boten dipunangen-angen kedadosan. Kaget ingkang kalampahan dening Yanto nalika *pasukan Brigade Anjing* ingkang sejatosipun saweg madosi Yanto lan badhe dipuncepeng, andadosaken kagetipun Yanto. Yanto ingkang piyambakan boten gadhah tenaga lan kekiyatan boten wantun menawi badhe nglawan, boten kiyat ugi menawi badhe mlayu amargi tenanganipun sampun telas kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Lagi nggagas-nggagas lan aneges tekan semono, dumadakan bandjur keprungu swara kumresek lan grenenganing wong. Janto noleh, kaya ngapa kagete, weruh sing teka mau pasukan Brigadhe Anjing. Yanto ngedap atine, arep mlaju ora duwe kekuwatan, arep nglawan tenagane wis entek. (Kaca 50)

Saweg nggagas-nggagas lan anetes dumugi semanten, dumadakan lajeng mireng swanten kumresak lan grenenganing tiyang. Yanto noleh, kados menapa kagetipun, pirsa ingkang rawuh kala wau pasukan Brigade Anjing. Yanto ngedap manahipun, badhe mlayu boten gadhah kekiyatan, badhe nglawan tenaganipun sampun telas. (Kaca 50)

Id wonten manahipun Yanto kepengin nylametaken piyambakipun saking *pasukan Brigade Anjing* ingkang panci saweg madosi piyambakipun kangge dipuncepeng lan badhe dipuntawan. Ananging *ego* wonten manahipun boten kiyat menawi badhe nglawan utawi mlayu saking papan pandhelikanipun. Tenaga ingkang sampun telas lan boten gadhah gaman ugi, namung andadosaken ngedapipun manahipun Yanto kemawon.

Kaget ingkang dipunlampahi dening Yanto inggih menika nalika piyambakipun saweg semadi wonten ing langgar pamujan, mireng kados wonten ingkang ngendika, ananging nalika piyambakipun ningali ngiwa-nengen boten wonten menapa-menapa kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Janto kaget, mak bjar Janto eling, noleh ngiwa-nengen ora ana apa-apa, kabeh katon sepi marming. Janto rada trataban atine. (Kaca 16)

Yanto kaget, mak byar Yanto eling, noleh ngiwa-nengen boten wonten menapa-menapa, sedaya katingal sepen marming. Yanto radi trataban manahipun. (Kaca 16)

Id ingkang wonten ing manahipun Yanto andadosaken kaget, ningali ing sakiwa-tengenipun boten wonten menapa-menapa. Ananging *ego* wonten ing manahipun Yanto boten pikantuk menapa ingkang nyebabaken piyambakipun kaget kala wau. Yanto radi trataban manahipun, amargi wonten ing sakiwa-tengenipun katingal sepen boten wonten menapa-menapa.

e) *Mareming Manah*

Mareming manah inggih menika nalika kita nampani menapa kemawon ingkang trep kaliyan ingkang dipunkajengaken. Mareming manah ingkang dipunraosaken dening Yanto inggih menika nalika piyambakipun bingah manahipun amargi saged malesaken tiwasipun Sutopo. Yanto ngraos marem, katingal saking aturipun kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

- *Wis ta entek-entekna mimismu sagudang, jen tjaramu nembak mung ngawur, mung angger muni bae, mengko rak kalah karo mimisku sing mung kari sitik iki*. (Kaca 48)

Sampun ta telas-telasaken mimis panjenengan sagudhang, menawi cara panjenengan nembak namung ngawur, namung menawi muni kemawon, mangke rak kalah kaliyan mimis kula ingkang kantun sekedhik menika. (Kaca 48)

Yanto manahipun ngraos marem nalika *id* andadosaken piyambakipun kepengin males dhateng tiwasipun Sutopo. Lajeng saking *id* ingkang wonten ing manahipun Yanto, dipunsengkuyung kaliyan *ego* ingkang andadosaken piyambakipun wantun kangge males tiwasipun Sutopo kanthi cara mengsahipun dipunbrondong mimis, lan asilipun Yanto saged pikantuk ijol sedasa mengsah ingkang tewas kenging mimisipun Yanto.

f) Ajrih

Wonten ing *KBBI (Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga*, 2001: 1125*)* bilih *takut* utawi menawi wonten basa Indonesia inggih menika *"merasa gentar*

atau ngeri menghadapi sesuatu yang dianggap akan mendatangkan bencana". Ajrih inggih menika kawontenan ingkang boten sekeca lan boten dipunremeni dhateng tiyang sinten kemawon. Kalebet Yanto sakanca ingkang ajrih nalika wonten ing prau ingkang saweg katrajang ombak ingkang ageng. Prau ingkang dipuntumpaki tansah montang-manting kangge dolanan ombak. Yanto sakanca ajrih, ananging tansah nenuwun dhumateng Pangeran supados dipunparingi karahayon, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Nalika semono wajah jam sidji bengi, udane deres banget. Ombak kang maune mung lumrah bae bandjur dadi gede dadakan, prau sing ditumpaki wiwit ora adjeg lakune, tansah montang-manting kanggo dolanan ombak, ja diumbulake ja dibalangake. Janto sakantja pada prajitna kabeh, anggone gotjekan prau kentjeng, karo tansah nenuwun menjang Pangeran, muga-muga slamet lakune. (Kaca 37)

Nalika semanten wekdal tabuh setunggal dalu, jawahipun deres sanget. Ombak ingkang kala waunipun namung limrah kemawon mindhak dados ageng dumadakan, prau ingkang dipuntumpaki wiwit boten ajeg lampahipun, tansah montang-manting kangge dolanan ombak, nggih dipunumbulaken nggih dipunbalangaken. Yanto sakanca sami prayitna sedaya, anggenipun gocekan prau kenceng, kaliyan tansah nyenyuwun dhumateng Pangeran, mugi-mugi slamet lampahipun. (Kaca 37)

Sinten ingkang boten ajrih menawi prau ingkang saweg dipuntumpaki tansah montang-manting kangge dolanan ombak, nggih dipunumbulaken lan dipunbalangaken, lan nalika semanten ugi jawahipun dereng sanget. Kados dene Yanto sakanca ingkang nglampahi lelampahan kados mekaten. *Id* wonten ing manahipun Yanto andadosaken ajrih, ananging *ego* wonten ing manahipun Yanto andadosaken tetep prayitna dhumateng Gusti Allah. Yanto sakanca namung saged gocekan prau kanthi kenceng lan nenuwun dhumateng Pangeran supados sami slamet dumugi papan ingkang dipuntuju.

Kawontenan ingkang meh sami kaliyan kawontenan kados wonten ing inggil, bilih ing kawontenan menika Yanto sakanca sami kedandapan sinambi mlayu kaliyan pados papan pandhelikan ingkang sakintenipun boten kenging dipunbrondong mimis dening mengsah. Yanto sakanca sami ajrih, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Janto sakantjane pada kedandapan karo mlaju golek pandelikan sing sekira ora kena dibrondong mimis. (Kaca 41)

Yanto sakancanipun sami kedandapan kaliyan mlayu pados pendhelikan ingkang kinten-kinten boten saged dipunbrondong mimis. (Kaca 41)

Id wonten ing manahipun Yanto sakanca sami ajrih, ananging *ego* andadosaken piyambakipun sami pados papan pandhelikan ingkang kinten-kinten boten saged dipunbrondong mimis dening mengsah.

g) Kuwatos

Raos kuwatos ingkang dipunlampahi dening Yanto lan Sutopo nalika piyambakipun sampun boten sareng-sareng kaliyan pak komandhan lan kanca-kanca sanesipun. Yanto lan Sutopo tansah melang-melang manahipun, kados dene kuthuk kelangan babon. Lan tansah kelak-kelik ngaler ngidul tanpa wonten ingkang dipuntuju, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Janto lan Sutopo tansah melang-melang atine, ing pangrasa kaja kutuk kelangan babon, tansah kelak-kelik ngalor ngidul tanpa ana sing ditudju. (Kaca 44)

Yanto lan Sutopo tansah melang-melang manahipun, ing pangraos kados kuthuk kelangan babon, tansah kelak-kelik ngaler ngidul tanpa wonten ingkang dipuntuju. (Kaca 44)

Nalika Yanto lan Sutopo kados dene kuthuk kelangan babon, *id* wonten ing manahipun dados kuwatos. Lajeng *ego* ingkang nyurung supados Yanto lan Sutopo kangge tansah kelak-kelik ngaler ngidul tanpa wonten ingkang dipuntuju, menika sampun mertandhakaken menawi *ego* wonten ing manahipun Yanto nyurung kangge nglampahi menapa ingkang kedah dipuntindakaken.

h) Berontak

Wonten ing *KBBI (Kamus Besar Bahasa Indonesia) Edisi Ketiga*, (2001: 142), bilih *berontak* inggih menika *"melawan, tidak mau menurut perintah"*. *Berontak* inggih menika satunggaling kawontenan ingkang dipunlampahi dening tiyang, lajeng piyambakipun kepengin medal saking aturanipun tiyang sanes. Kados dene ingkang dipunlampahi dening Yanto lan Sutopo, ingkang dipundhawuhi kaliyan Pak Suradiman komandhanipun supados boten pikantuk mbedhil mengsah, ananging Yanto lan Sutopo ingkang sampun boten saged ngampet kanepsonanipun, kepengin mithes mengsahipun, kados dene kutipan wonten inng ngabdhap menika.

Pak Suradiman aweh sasmita ora oleh mbedil. Nanging Janto lan Sutopo sing wis ora kuwat ngampet kanepsone wis ora kena disayuti maneh, kepengin mites mungsuhe bae. (Kaca 43)

Pak Suradiman paring sasmita boten pikantuk mbedhil. Ananging Yanto lan Sutopo ingkang sampun boten kiyat nahan kanepsonipun sampun boten saged dipunsayuti malih, kepengin mithes mengsahipun kemawon. (Kaca 43)

Id wonten ing batosipun Yanto lan Sutopo andadosaken piyambakipun kepengin mithes mengsahipun kemawon. Lajeng *ego* wonten ing manahipun nyurung piyambakipun kangge mbalela utawi berontak lan panci boten kiyat nahan kanepsonipun kepengin mithes mengsahipun kemawon.

3) *Superego*

Superego inggih menika perkawis kangge nemtokaken menapa kemawon ingkang lepat utawi leres ingkang katindakaken dening manungsa utawi para paraga wonten ing salebeting karya sastra menika leres utawi lepat. Superego ingkang dipunasilaken dening Yanto wonten ing novel Adiling Pangeran, inggih menika wonten kalih perangan, inggih menika.

a) Sadhar

Sadhar inggih menika mangertos menapa ingkang dipuntindakaken, menapa leres utawi lepat. Yanto rumaos dosa ageng, satunggaling putra ingkang boten manut dhawuhipun tiyang sepuh, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

"Aku rumangsa dosa gede, sawidjining anak sing ora manut dawuhing wong tuwa, ora bekti, ora sungkem". (Kaca 12)

Yanto mangertos kaliyan ingkang dipunlampahi menika boten sae. Boten bekti lan boten sungkem dhateng tiyang sepuhipun. Ananging Yanto ugi gadhah kekajengan badhe nglajengaken sekolahipun ingkang langkung inggil, ewadene bapakipun boten sedya ngragadi. *Id* wonten ing badanipun Yanto nyurung piyambakipun badhe kesah saking desanipun nilaraken bapak ibunipun lan rayinipun saperlu badhe ngumbara lan padhanging penggalih. Ananging *superego* wonten ing badanipun Yanto ngraosaken menawi piyambakipun raumaos dosa ageng amargi boten manut kaliyan dhawuhipun bapakipun ingkang kepengin

piyambakipun dados tiyang tani kemawon, boten sisah sekolah dumugi inggil. Yanto rumaos boten bekti, boten sungkem kaliyan tiyang sepuhipun. Yanto ugi rumaos lepat dhateng Yatun amargi nalika kesah saking griyanipun boten pamit, ananging namung ninggal serat wonten ing meja.

Yanto ugi sadhar nalika piyambakipun saweg wonten ing griya dipunkancani dening Erlinah, menika boten sae, ewadene Yanto dereng tutug anggenipun ngejak gineman, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Benere Janto durung tutug anggone ngedjak omong2, nanging bareng dipikir kurang prajoga, ana omah idjen, rewange prawan, mendah apa loking akeh. (Kaca 29)

Leresipun Yanto dereng tutug anggenipun ngejak gineman, ananging sampun dipunpenggalih kirang prayogi, wonten griya piyambakan, kancanipun prawan, mindhak menapa ngendikanipun tiyang sanes. (Kaca 29)

Yanto panci taksih kepengin gineman kaliyan Erlinah, ananging wonten ing griya menika menawi namung tiyang kalih jaler lan estri menika boten sae. Yanto sadhar lan mangertos kaliyan babagan menika, mindhak ngendikanipun tiyang sanes warni-warni. *Id* wonten ing badanipun Yanto kepengin sareng-sareng kaliyan Erlinah wonten ing griya ingkang langkung dangu. Ananging superego ingkang dipunraosaken dening Yanto, supados Erlinah ingkang badhe pamit dipunlilani dening Yanto. Amargi menawi wonten ing satunggaling papan priya lan wanita sareng-sareng menika boten sae.

b) Keduwung

Keduwung inggih menika raos boten ngremenaken amargi sampun nglampahi lelampahan ingkang boten leres. Yanto ngraos keduwung nalika piyambakipun ningali kawontenan ingkang andadosaken sedaya kanca-kancanipun remen, ananging piyambakipun kesupen dhateng kaprayitnan, kirang waspada lan deduga, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Weruh kawontenan kaja ngono mau kabeh pada katon gembira seneng, ngnati lali menjang kaprajitnan, lali menjang pendjagaan, kurang waspada, kurang deduga. (Kaca 44)

Yanto ngraos keduwung, kenging menapa kok piyambakipun ngantos kesupen dhateng ngendikanipun mBak Bakri kala rumiyin, menawi salebeting suka kedah eling lan waspada. Ananging piyambakipun malah kesupen dhateng penjagaan, kirang waspada lan deduga. *Id* wonten ing badanipun Yanto nyurung supados piyambakipun tumuju dhateng papan ingkang wonten toyanipun, Amargi piyambakipun lan kanca-kancanipun sampun ngelak sanget, kang mangka wancipunipun jam kalih welas, benteripun kraos sumelet, badhe pados panggenan kangge ngiyub boten wonten. Lajeng saking ereng-erengan gunung menika katingal satunggaling blumbang ingkang mencerong kenging soroting srengenge. Ningali kawontenan ingkang kados mekaten Yanto lan Sutopo tumuju dhateng papan menika, ngantos kesupen dhateng kaprayitnan. Ananging apesipun, dereng dumugi papan menika, dumadakan mak dredel, Yanto lan Sutopo dipunbrondong

mimis dening mengsah ingkang saweg ndhelik wonten ing inggilipun sendhang menika. Janto lan Sutopo saged lolos saking pambrondongin mengsah.

Lajeng *Superego* ingkang dipunraosaken dening Yanto inggih menika piyambakipun sampun kesupen dening ngendikanipun mBah Bakri kala rumiyin, inggih menika ing salebeting suka kedah eling lan waspada.

b. Wujudipun Psikologis nalika Konflik paraga Yatun.

1) *Ego*

a) Kuwatos

Kuwatos ingkang dipunlampahi dening paraga Yatun wonten ing novel *Adiling Pangeran* inggih menika nalika piyambakipun mangertos menawi kangmasipun dereng medal saking kamaripun, lan sampun pinten-pinten dinten kangmasipun sajakipun katingal mbesengut, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Jatun bareng ngerti kakange durung katon metu atine ora kepenak, awit ngerti wis pirang-pirang dina kakange sadjak mbesengut ulate katon sedih. Mula bareng ora katon Jatun bandjur menjang ngomah marani kamare kakange, tinemu Janto isih ungkeb2. (Kaca 8)

Yatun nalika mangertos kangmasipun dereng katingal medal manahipun boten sekeca, amargi mangertos sampun pinten-pinten dinten kangmasipun sajak mbesengut pasuryanipun katingal sedhih. Pramila nalika boten katingal Yatun

lajeng dhateng griya tumuju kamaripun kangmasipun, pinanggih Yanto taksih ungkeb-ungkeb. (Kaca 8)

Id wonten ing badanipun Yatun andadosaken manahipun boten sekeca lan kuwatos, amargi piyambakipun mangertos sampun pinten-pinten dinten kangmasipun dereng medal saking kamaripun, lan pasuryanipun katingal mbesengut lan sedhih sanget. Lajeng *ego* wonten ing manahipun Yatun nyurung piyambakipun supados enggal-enggal dhateng kamaripun kangmasipun ingkang taksih ungkab-ungkeb wonten kamar.

c. Wujudipun Psikologis nalika Konflik paraga Pak Karyo.

1) *Ego*

a) Duka

Duka inggih menika raos ingkang boten sekeca, manahipun kraos muntab-muntab lan sengit amargi kawontenan ingkang kedadosan boten trep kaliyan ingkang dipunkajengaken. Duka ingkang dipunlampahi dening bapakipun Yanto inggih menika Pak Karyo menika kedadosan amargi piyambakipun ngraos dipunwucal dening anakipun. pasuryanipun sanalika dados abang mranang, wajanipun gathik kerot-kerot, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Krungu tembung sing kaja mangkono mau P. Karjo sanalika muntab nepsune, awit rumangsa diwulang dening anak. Praupane sanalika dadi abang mranang, untu gatik kerot-kerot, mripat andrik. Kaja-kaja Janto kena-kenaha mono arep diuntal malang. Mula wangsulane sengit. (Kaca 10)

Mireng ukara ingkang kados mekaten kala wau Pak Karyo sanalika muntab nepsunipun, amargi rumaos dipunwulang dening anakipun. Pasuryanipun dados abang mranang, wajan gathik kerot-kerot, mripat andrik. Kados-kados Yanto saged-sageda badhe dipununtal malang. Pramila wangsulipun sengit. (Kaca 10)

Id wonten ing batosipun Pak Karyo inggih menika andadosaken piyambakipun duka, amargi ngraos dipunwucal dening anankipun. Katingal saking pasuryanipun ingkang katingal abang mranang, mripat andrik, lan wajanipun kerot-kerot. Lajeng *ego* wonten ing batosipun Pak Karyo nyurung supados mangsuli kanthi sengit, kados dene kutipan wonten ing ngandap menika.

"Hem..... nembe iki ana wong tuwa diwulang karo botjah sing durung puput sawane. Janto gunemu waton megar bae. Kowe botjah wingi sore, durung tutug anggonmu mangan ujah. Ngertiya kowe isih pijik. Gunemu saja nggladrah kaja bakul jamu. Aku ora butuh karo gunemu kuwi. Yen kowe ora nggugu karo aku, ya sakarepmu, aku ora arep ngragadi sinahumu, lan ora arep mikir karo kowe. Ilang-ilangan endog sidji". (Kaca 10)

"Hem.....nembe menika wonten tiyang sepuh dipunwucal dening lare ingkang dereng puput sawanipun. Yanto ginem panjenengan waton megar kemawon. Panjenengan lare kala wingi sonten, dereng tutug anggenipun panjenengan nedha sarem. Mangertosa penjenengan taksih piyik. Ginem panjenengan sangsaya nggladrah kados dene bakul jampi. Kula boten betah kaliyan ginemipun panjenengan menika. Menawi panjenengan boten sendika dhawuh kaliyan kula,

nggih sakkersanipun panjenengan, kula boten badhe ngragadi sinahu panjenengan, lan boten badhe menggalih kaliyan panjenengan. Ical-icalan tigan setunggal". (Kaca 10)

Ego ingkang wonten ing manahipun Pak Karyo andadosaken piyambakipun ngendika bilih nembe samenika panjenenganipun dipunwucal dening anankipun ingkang dereng puput sawanipun, kados dene kutipana wonten ing inggil. Lajeng pungkasanipun prastawa menika Yanto dipunusir saking griyanipun lan bapakipun boten badhe ngragadi sekolahipun Yanto.

d. Wujudipun Psikologis nalika Konflik paraga Erlinah.

1) Id

a) Sedhih

Erlinah sasampunipun masak damel slametan kangge Yanto, manahipun lajeng ngondhok-ondhok. Mripatipun boten kenging dipunsayuti malih, lajeng nangis ngguguk kados lare alit, kados ngendikanipun Erlinah wonten kutipan ing ngandhap menika.

"sawise bubar olah-olah gawe slametan kanggo pandjenengan, atiku teka bandjur ngondok-ondok. Mripatku ora kena disajuti maneh, aku terus nangis ngguguk kaja botjah tjilik. (Kaca 67)

“Sasampunipun bibar olah-olah damel slametan kangge panjenengan, manah kula kok lajeng ngondhok-ondhok. Mripat kula boten saged dipunsayuti malih, kula lajeng nangis ngguguk kados lare alit. (Kaca 67)

Nalika Erlinah sampun bibar anggenipun masak damel slametan kangge Yanto pacanganipun, *id* wonten ing manahipun Erlinah andadosaken piyambakipun sedhih sanget. Mripatipun boten saged dipunsayuti malih, lajeng *ego* wonten ing manahipun Erlinah nyurung supados piyambakipun ngguguk nangis kados dene lare alit kanthi manah ingkang ngondhok-ondhok.

b) Kuwatos

Kuwatos ingkang dipunlampahi dening Erlinah inggih menika nalika piyambakipun nampi warta ingkang boten sae, inggih menika wonten warta menawi Yanto dipuntawan, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Malah ana kabar bae ala, djarene Janto ditawan, jaiku sing andadekna susahing atine. (Kaca 63)

Malah wonten warta kemawon awon, aturipun Yanto dipuntawan, inggih menika ingkang andadosaken susahipun manahipun. (Kaca 63)

Id ingkang wonten ing manahipun Erlinah andadosaken piyambakipun kuwatos. Amargi piyambakipun nampi warta ingkang boten sae bilih Yanto

dipuntawan dening mengsah. Lajeng *ego* wonten ing manahipun andadosaken sedhihipun Erlinah.

c) Grogi

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunraosaken dening Erlinah inggih menika awujud grogi. Sakjanipun Erlinah menika sampun sayah anggenipun dados sinoman wonten ing dalemipun tangganipun ingkang saweg kagungan hajat. Lajeng piyambakipun ugi grogi amargi pinanggih kaliyan Yanto, ingkang dados cem-cemaning manahipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Embuh apa sebabe, apa merga saka kesele, embuh merga saka sajahe, embuh saka keprije, Erlinah sanalika bandjur ndredeg, panone kumepjur, ati tab-taban, wusana Erlinah bandjur ilang kekuwatane, sanalika.....ambruk ..... arep tiba. (Kaca 30)

Boten mangertos menapa sebabipun, menapa amagri saking keselipun, menapa amargi saking sayahipun, boten mangertos saking kadospundi, Erlinah sanalika lajeng ndredheg, paningalipun kumepyur, manah tab-taban, wusana Erlinah lajeng ical kekiyatanipun, sanalika..... ambruk.....badhe dhawah. (Kaca 30)

Nalika Erlinah pinanggih kaliyan Yanto, lan piyambakipun ugi sejatosipun sampun sayah anggenipun dados sinoman wonten ing dalemipun tangganipun, *id*

wonten ing manahipun Erlinah andadosaken piyambakipun grogi. Lajeng *ego* wonten ing manahipun Erlinah andadosaken piyambakipun paningalipun kumepyur, manahipun tab-taban, lan lajeng piyambakipun badhe dhawah ambruk.

d) Mangkel

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang awujud mangkel ingkang dipunraosaken dening Erlinah inggih menika nalika piyambakipun saweg olah-olah utawi masak wonten ing wingking, ngraos mangkel, amargi dereng rampung anggenipun masak malah wonten dhayoh. Lajeng menawi badhe dipuntilar mangke malah mubah olah-olahipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Atine sedjatine rada anjel, esuk-esuk ana tamu, gek lagi ketalang olah-olah pisan, jen ditinggal suwe rak mubah olah-olahane. *Kanthi aras-arasen deweke metu karo mangsuli*. (Kaca 64)

Manahipun sejatosipun radi anyel, enjang-enjang wonten dhayoh, gek saweg ketalang olah-olah ugi, menawi dipuntilar rak mubah olah-olahipun. Kanti aras-arasen piyambakipun medal kanti mangsuli. (Kaca 64)

Id wonten ing manahipun Erlinah andadosaken mangkel nalika piyambakipun saweg masak enjang-enjang wonten ing wingking, ananging dereng rampung anggenipun masak, wonten dhayoh ingkang badhe mertamu wonten griyanipun

Erlinah. Lajeng *ego* wonten ing manahipun Erlinah andadosaken piyambakipun medal dhateng ngajengan ewadene kanthi aras-arasen.

e) Trenyuh

Manahipun Erlinah trenyuh nalika piyambakipun mireng cariyosipun Yanto ingkang panci nyedhiaken sanget. Wiwit mula bukanipun dumugi pungkasan, Erlinah sengsaya trenyuh nalika mangertos menawi Yanto badhe dipuntawan, lajeng badhe dipunukum pejah, ingkang andadosaken Erlinah nangis kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Bubar mangan djadah Janto wiwit tjrita, kawitan tekan pungkasan, Erlinah sing ngrukokake karo kembeng luh, awit tjritane pantjen nyedihake, saja nalika deweke ditawan digebugi, bandjur arep diukum pati, nganti Erlinah dadi nangis. (Kaca 66)

Bibar nedha jadah Yanto wiwit cariyos, kawitan dumugi pungkasan, Erlinah ingkang mirengaken kanthi kembeng luh, amargi cariyosipun panci nyedhihaken, sangsaya nalika piyambakipun dipuntawan dipungebugi, lajeng badhe dipunukum pejah, ngantos Erlinah dados nangis. (Kaca 66)

Id wonten ing manahipu Erlinah andadosaken piyambakipun trenyuh nalika mangertos menawi Yanto dipuntawan lan badhe dipunukum pejah. Lejeng *ego* wonten ing manahipun andadosaken piyambakipun nangis amargi cariyosipun Yanto panci nyedhihaken sanget.

2) Ego

a) Sedhih

Erlinah sedhih amargi piyambakipun badhe dipuntilar dening pacanganipun, Yanto, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Kurang rong dina saka budhale Janto, Erlinah atine katon sedih, awit bakal ditinggal lunga dening gegantilaning atine. Kena-kenaha kae Janto arep digondeli, ora oleh lunga. (Kaca 34)

Kirang kalih dinten saking bidhalipun Yanto, Erlinah manahipun katingal sedhih, amargi badhe dipuntilar kesah dening geganthilaning manahipun. Saged-sageda menika Yanto badhe dipungondheli, boten pikantuk kesah. (Kaca 34)

Id wonten ing manahipun Erlinah andadosaken piyambakipun sedhih amargi badhe dipuntilar kesah dening Yanto geganthilaning mananhipun. Lajeng *ego* wonten ing manahipun Erlinah andadosaken piyambakipun badhe nggondheli Yanto kemawon lan boten pikantuk kesah.

b) Isin

Sasampunipun Erlinah badhe ambruk dhawah kados dene kutipan wonten ing inggil kala wau, piyambakipun lajeng dipunbopong lan dipundhawuhi supados ngaso wonten ing ndalem. Lajeng nalika sampun sadhar, piyambakipun sajakipun semu isin menawi dipunrubung dening tiyang kathah, pramila piyambakipun

ngeremaken mripatipun malih alon-alon, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Sadjake semu isin dirubung wong akeh Erlinah ngeremake mripate maneh alon-alon. (Kaca 31)

Sajakipun semu isin dipunrubung tiyang kathah Erlinah ngeremaken mripatipun malih alon-alon. (Kaca 31)

Id wonten ing manahipun Erlinah, nalika piyambakipun dipuntingali dening tiyang kathah, andadosaken piyambakipun isin. Lajeng *ego* wonten ing manahipun andadosaken piyambakipun supados ngeremaken mripatipun malih kanthi alon-alon.

e. Wujudipun Psikologis nalika Konflik paraga Pak Suradiman.

1) *Ego*

a) Kuwatos

Pak Suradiman kuwatos sanget nalika andhahanipun saweg sami sare amargi sayah sanget, dumadakan wonten bebaya ingkang dhateng kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Pak Suradiman ribut, bandjur pada nggugahi andhahane kang isih pada enak-enak nglempus anggone turu, ora ngerti bakal ana bebaja teka. (Kaca 41)

Pak Suradiman ribut, lajeng sami dipunwungokaken andhahanipun ingkang taksih sami eca-eca nglempus anggenipun tilem, boten mangertos badhe wonten bebaya dhateng. (Kaca 41)

Id wonten ing manahipun Pak Suradiman andadosaken kuwatos nalika piyambakipun mangertos menawi wonten bebaya. Lajeng *ego* wonten manahipun Pak Suradiman andadosaken piyambakipun lajeng wungokaken andhananipun ingkang taksaih sami nglempus tilem amargi sayah sanget. Lajeng Pak Suradiman paring sasmita supados sedaya andhahanipun sami ndhelik, kuwatos menawi dipuntingali dening mengsah kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Pak Suradiman banjur aweh sasmita, supaya kabeh ndelik, kuwatir diweruhi mungsuh. (Kaca 42)

Pak Suradiman lajeng paring sasmita, supados sedaya ndhelik, kuwatos dipuntingali mengsah. (Kaca 42)

Id wonten ing manahipun Pak Suradiman andadosaken piyambakipun kuwatos nalika wonten bebaya, lan wekdal menika ugi, andhahanipun taksih sami sare. Lajeng supados boten dipuntingali lan dipunmangertosi dening mengsah, *ego* wonten ing manahipun andadosaken Pak Suradiman paring sasmita supados sedaya andhahanipun sami ndhelik wonten papan ingkang saged kangge ndhelik.

b) Males

Pak Suradiman lan kanca-kancanipun ingkang sanesipun ngraos kedah mbiyantu dhateng Yanto lan Sutopo nalika mangertos bilih Yanto lan Sutopo ing wekdal menika sami dipunbrondong mimis dening mengsah, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Pak Suradiman lan kantja-kantjane sing isih ana mburi, bareng ngerti Janto lan Sutopo dibrondong mimis dening mungsuh, bandjur nulungi, males mbrondong mungsuh. (Kaca 44)

Pak Suradiman lan kanca-kancanipun ingkang taksih wonten ing wingking, nalika mangertos Yanto lan Sutopo dibrondong mimis dening mengsah, lajeng nulungi, males mbrondong mengsah. (Kaca 44)

Id wonten ing manahipun Pak Suradiman andadosaken piyambakipun nulungi Yanto lan Sutopo, nalika mangertosi bilih Yanto lan Sutopo dipunbrondong mimis dening mengsah. Lajeng *ego* wonten ing manahipun andadosaken piyambakipun kangge males mbrondong mengsah.

f. Wujudipun Psikologis nalika Konflik paraga Sutopo.

1) *Ego*

a) Kuciwa

Yanto lan Sutopo ngraos kuciwa amargi Pak komandhan lan kanca-kancanipun sampun dipunentosi dumugi enjang, ananging boten sami katingal, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Bengi iku botjah loro pada mapan turu ing wit-witan, karo ngenteni kantja-kantjane, mbok menawa ana sing bali mrono, nanging sing ditunggu nganti gagat esuk ora ana katon sidji-sidjija. Saiki sakarone bandjur pada nduweni pangira-ira, menawa kantja2 kabeh lan pak komandhan ditawan dening mengsah. (Kaca 45)

Dalu menika lare kalih sami mapan tilem ing wit-witan, kaliyan ngentosi kanca-kancanipun, mbok menawi wonten ingkang wangsul mrika, ananging ingkang dipuntengga dumugi enjing boten wonten ingkang katingal setunggal-setunggala. Samenika kekalihipun lajeng nggadhahi pangira-ira, bilih kanca-kanca sedaya lan pak komandhan dipuntawan dening mengsah. (Kaca 45)

Id wonten ing manahipun Yanto utawi wonten ing manahipun Sutopo andadosaken piyambakipun kuciwa, amargi sampun ngentosi pak komandhan lan kanca-kanca sanesipun ananging dumugi enjang boten wonten ingkang katingal. Lajeng *ego* wonten ing manahipun andadosaken kekalihipun lajeng nggadhahi penggalih bilih pak komandhan lan kanca-kanca sedaya sami dipuntawan dening mengsah.

2. Sebabipun saha Pungkasaning Konflik wonten ing Novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara.

a. Sebabipun saha Pungkasaning Konflik paraga Yanto.

1) Sedhih

Sedhih ingkang dipunlampahi dening Yanto inggih menika dipunsebabaken amargi piyambakipun ingkang niyatipun badhe nglipur manahipun ingkang saweg sedhih kaliyan mbekta pirantos kangge nggambar, malah sangsaya sedhih, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika, ingkang dipunsebat minangka sebabipun konflik.

Anggone lunga saka omah nijate arep nglipur atine sing sedih, karo njangking prabot gambar, nanging tibane atine malah saja mundak sedih. (Kaca 6)

Kawontenan ingkang andadosaken manahipun Yanto sangsaya sedhih amargi kawontenan ing sakiwa-tengenipun ingkang cekap sesawangan sarwa asri endah ing sapinggiring sabin, ingkang kala waunipun damel lam-lamaning manahipun, ananging dalu-dalu sengsaya andadosaken lara-lapaning manahipun Yanto.

Luhipun dleweran medal nibani pipinipun Yanto, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika, ingkang dipunsebat minangka wujudipun psikologis nalika konflik.

Malah bandjur katon mak brebel, luhe dleweran metu nibani pipine, ulate saja katon sedih trenjuh. (Kaca 5)

Yanto sedhih sanget ngantos luhipun dleweran medal nibani pipinipun. Pasuryanipun katingal sedhih trenyuh. Ing batosipun Yanto, piyambakipun sampun tetep mantep teteg niyatipun badhe nglajenganken sekolahipun, boten mangertos saking pundi ragadipun badhe dipunlampahi. Ingkang langkung penting piyambakipun boten badhe nyuwun bandhanipun tiyang sepuhipun.

Saking sebab lan wujudipun psikologis nalika konflik wonten ing inggih menika, pramila minangka pungkasaning konflik, Yanto nglampahi lelampahan kangge mungkasi perkawisipun bilih piyambakipun badhe tetep nglajengaken sinaunipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Atine tetep mantep teteg nijate kenpengin nerusake sinahune, embuh mengko saka rekadaja apa arep ditemahi, watone bisa kelakon, nanging ora ngrusuhi bandane wong tuwane. Atine wis ora owah gingsir maneh, pikirane kentjeng mantep. (Kaca 7)

Niyatipun Yanto ingkang tetep badhe nglajengaken sinaunipun saged kangge mungkasi konflik ing batosipun ingkang kedadosan saking sebab lan wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening piyambakipun.

Sebabipun konflik saking wujudipun psikologis nalika konflikingkang arupi manahipun cekap raos kasedhihan pramila piyambakipun nalika wekdal tabuh pitu taksih ungkeb-ungkeb wonten kamaripun. Piyambakipun boten ndherek lelenggahan sesarengan kaliyan bapak ibunipun lan rayinipun kados dene adat limrahipun ing padintenan sabibaripun dhahar dalu. Sebabipun konflik dipunandharaken kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Tekan omah wis wengi, awake krasa semplah lan lemes, terus mlebu menjang kamare mapan turon. (Kaca 7)

Badanipun Yanto kraos lemes semplah amargi piyambakipun dereng nedha lan kathah perkawis ingkang dipunpenggalih. Pramila Yanto tetep milih wonten ing kamar, kang mangka bapak, ibu, lan rayinipun sami kempal sedaya. Wujudipun psikologis nalika konflikingkang dipuntandhani kanthi manahipun yanto cekap raos kasedhihan, nangis, ngantos bantale teles sedaya kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Djam 7 wajahe padha mangan mung Janto dewe sing ora katon, isih ungkeb-ungkeb ana kamar, atine kebak rasa kasedihan, nangis, nganti bantale teles kabeh. (Kaca 7)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang katindakaken dening Yanto, inggih menika nalika piyambakipun ungkab-ungkeb wonten ing kamar, lan boten purun nedha kados dene bapak. ibu, lan rayinipun. Piyambakipun nangis ngantos bantalipun teles sedaya, ing manahipun cekap raos kasedhihan.

Saking sebab lan wujudipun psikologis nalika konflik ingkang katindakaken dening Yanto, saged dipunpungkas nalika rayinipun inggih menika Yatun ngelingaken Yanto supados enggal wungu lan dipunaturi dhahar lajeng dipunaturi ugi supados ndherek lenggahan kaliyan bapak lan ibunipun wonten ing ngajengan, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Alon-alon ditjedaki lungguh ana sandinge karo nggugah kakange alon, rekane "arep mbebeda kakange supaja enggal tangi.

E....e.... tibake mas Janto iki isih ngumbakarno ta, wis wengi mas. Ajo enggal wungu. Dahare kae wis dak tata ana medja, kok durung didahar ta. Ajo mengko bubar dahar lungguhan ana ngarep karo bapak-ibu". (Kaca 8)

Nalika Yatun matur kaliyan kangmasipun supados enggal wungu, lan dhahar lajeng ndherek lenggahan ing ngajengan, saged mungkasi konflik batos ingkang katindakaken dening Yanto.

Wujudipun psikologis nalika konflik salajengipun ingkang kalampahan dening Yanto, inggih menika dipunsebabakaen ngendikanipun bapakipun menawi panjenenganipun boten sedya ngragadi sekolahipun Yanto. Boten namung menika, bapakipun ugi boten badhe menggalih malih dhateng Yanto, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

"Hem.... nembe iki ana wong tuwa diwulang karo botjah durung puput sawane. Janto gunemmu waton megar bae. Kowe botjah wingi sore, durung tutug anggonmu mangan ujah. Ngertija kowe isih pijik. Gunemmu saja ngladrah kaja bakul djamu. Aku ora butuh karo gunemmu kuwi. Jen kowe ora nggugu karo aku,

ja sakarepmu, aku ora arep ngragadi sinahumu, lan ora arep mikir karo kowe. Ilang-ilangan endog sidji". (Kaca 10)

Ngendikanipun bapakipun Yanto ingkang boten badhe ngragadi sekolahipun Yanto, lan boten badhe menggalih malih dhateng Yanto, andadosaken Yanto piyambak nglampahi Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang awujud piyambakipun sedhih nalika mireng ngendikanipun bapakipun menika. Manahipun kados dipunrujit-rujit, lajeng medalipun luhipun kados dene jawah, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Yanto sedhih banget krungu guneme bapake kaya ngono mau. Ati kaya dirujit-rujit. Wetunging luhe kaja udan. (Kaca 10)

Wujudipun psikologis nalika konflik saged dipunraosaken dening Yanto nalika mireng ngendikanipun bapakipun kados dene kutipan wonten ing inggil kala wau. Manahipun sedhih sanget, kados dipunrujit-rujit, ngantos piyambakipun nangis, lan medalipun luhipun kados dene jawah. Lajeng kangge mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik menika, Yanto niyat badhe kesah saking desanipun badhe kesah saparan-paran. Celenganipun dipundhudhah, agemanipun dipuntata lajeng dipunwadhahi sarungipun, kados dene kutipan ing ngandhap menika.

Nijate sumedya ontjat saka desane, arep lunga saparan-paran. Bandjur menjat, tjelengane didudah, dietung ana Rp. 600,-. Bandjur mbukak lemarine,

sandangane ditata diwadahi sarunge. Duwite diwadahi dompet, ditlesepake ing buntelane. (Kaca 11)

Lampahipun Yanto ingkang nekad badhe kesah saparan-paran saking desanipun saged mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang katindakaken. Niyatipun sampun boten gigrig malih,sampun mantep badhe nilaraken desanipun, tiyang sepuhipun, lan rayinipun ingkang dipuntresnani, badhe ngumbara, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Nijate wis ora gigrig maneh, wis mantep arep ninggal desane, arep ninggal adine sing ditresnani, arep ninggal wong tuwane, kepengin ngumbara. Bandjur ndjupuk dluwang, gawe lajang kanggo adine. Luhe tansah tjrotjosan metu nibani lajang mau. (Kaca 11)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang ngandharaken Yanto siyos kesah saking desanipun, dipunsebabaken amargi Yanto niyatipun sampun boten gigrig malih, sampun mantep badhe nilaraken sedaya tiyang ingkang dipuntresnani. Piyambakipun lajeng mendhet dluwang kangge damel serat kangge Yatun. Luhipun crocosan nibani serat menika boten tegel nilaraken rayinipun.

Wujudipun psikologis nalika konflik dipuntandhani nalika Yanto ningali Yatun wonten ing kamaripun taksih tilem angler. Piyambakipun ngraos boten tegel nilaraken rayinipun ingkang dipuntresnani. Yanto nangis, netesaken luhipun kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Lajang nuli ditinggal ana medjane. Janto nyandak buntelane ditjangklong, terus metu alon2 marani kamare adine, bareng diungak adine isih turu angler. Janto netesake luh, atine mandeg mangu ora tegel ninggal adine. (Kaca 12)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto kados dene kutipan wonten ing inggih kala wau, saged dipunpungkasi nalika Yanto sadhar saking panglamunipun, lajeng piyambakipun medal miyos lawang wingking, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Djago kluruk wis muni ambal-ambalan saut-sautan. Janto kaget saka panglamune. Terus metu liwat lawang butulan. Wektu kuwi wajahe djam telu bengi. Janto terus lakune gegantjangan kuwatir jen dititutì adine. (Kaca 12)

Nalika Yanto mireng jago kluruk ing tabuh tiga dalu, piyambakipun kaget. Saking kagetipun menika saged andadosaken piyambakipun sadhar menawi kedah enggal-enggal kesah saking desanipun. Yanto lajeng gegancangan kuwatos menawi dipuntutaken dening Yatun. Lelampahan ingkang kados menika saged dipunsebat minangka pungkasaning konflik ingkang kedadosan.

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kedadosan salajengenipun, inggih menika nalika Yanto dereng saged mangsuli pitakenanipun Sutopo, ingkang dados Wujudipun psikologis nalika konflik inggih menika nalika Sutopo nyuwun pirsa kados pundi lelampahan salajengipun ingkang badhe katindakaen, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

"Dik Janto. Ajo pada guneman, katimbang wong loro kok kaja ngene, meneng-menengan, malah mung ndedawa pikir bae. Saiki ajo pada mikir, keprije teruse lelakon kita iki sing arep kita lakoni". (Kaca 45)

Mireng pitakenan saking Sutopo, ingkang dipunsebat sebabipun konflik, Yanto sangsaya sedhih, amargi piyambakipun taksih bingung kadospundi nasibipun pak komandhan lan kanca-kancanipun. Manahipun Yanto taksih

bundhet lan sedhih ingkang dados wujudipun psikologis nalika konflik, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

"Embuh mas, aku durung bisa mangsuli pitakonan pandjenengan iki, atiku isih bundet lan sedih. Mikir nasibe kantja-kantja lan pak komandan". (Kaca 45)

Manahipun Yanto ingkang taksih bundhet lan sedhih menggalih nasibipun pak komandhan lan kanca-kancanipun, ananging piyambakipun lajeng eling lan pitados kemawon dhumateng Pangeran, menika ingkang dados pungkasaning konflik ingkang kalampahan dening Yanto, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

"Nanging mas, pandjenengan dak aturi eling lan pertjaja menjang Pangeran, kang maringi garis lan pepesten. Merga wong kang kurang moril iku njuda prebawa. Tjobi saiki ajo pada dipikir kanti wening lan tawekal menjang sing Maha Kuwasa". (Kaca 45)

Sedhihipun Yanto sangsaya kelara-lara nalika piyambakipun mangertos menawi Sutopo gugur wonten ing medhan pertempuran. Sutopo dipundrondong mimis dening mengsah nalika nyenggol ranjau ingkang panci dipunpasang dening mengsahipun. Menika sedaya ingkang dados sebabipun konflik ingkang kalampahan dening Yanto, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Sutopo katut kegawa mbledosing dinamit mau menduwur nganti duwur, wusana bandjur ambjar ora karu-karuwan. Bareng2 karo iku mungsuhe terus brondong mimise nganti tanpo wilangan tumudju menjang awake Sutopo.

Sanalika iku awake Sutopo adjur dadi sawalang-walang. Sutopo gugur pinda kusuma saka gantilane. (Kaca 47-48)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto inggih menika nalika piyambakipun namung piyambakan tanpa kanca wonten ing tengahing alas. Sutopo ingkang dados kancanipun, samenika sampun kapundhut wonten ing ngarsanipun Gusti ingkang Maha Kuwaos. Sutopo gugur wonten ing medhan perang. Yanto sedhih sanget manahipun, lan penggalihipun taksih menggalih dhateng tiwasipun Sutopo kemawon, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Janto saiki atine dadi sedih banget, awit mung kari idjen til tanpa rewang. Saiki wis ora ana sing didjak embat-embatan, ora ana sing didjak tjaturan lan gegujon. Uripe kaja wong lola. Janto saiki tansah ndelik, ora wani metu saka papan pandelikane. Pikirane isih mikir menjang tiwase Sutopo bae. (Kaca 48)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto, saged dipunpungkasi nalika piyambakipun saweg lenggah wonten ing sangandhaping wit pakisaji. Piyambakipun sadhar saking panglamunipun, boten pidjer sedhih lan ngalamun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

"Eh..... dak arani mungsuh teka tibane kadal. Gujon bae ana satjedaking manungsa. Bok kana sing adoh. E..... bokmanawa kadal iki aweh sasmita marang aku, supaja aku pidjer sedih, ora pidjer ngalamun. Kira2 kok ja ngono. Maturnuwun..... ja mas kadal.....". (Kaca 49)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang sangsaya nyedhihaken tumrap Yanto, dipunsebabaken bilih piyambakipun menika salah satunggalipun tawanan

ingkang mbebayani sanget. Pramila sakmenika Yanto samparanipun dipuncancang mawi rante ingkang ageng, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Gek saiki Janto dipindah menjang kamar sedje, sikile ditjantjang nganggo rante gede, awit ja mung deweke pada2 tawanan sing mbebajani banget, lan gawe ributing para pulisi. Janto sawise mari tatune bandjur disidangaken, putusaning sidang Janto arep diukum.....pati. (Kaca 56)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto, inggih menika nalika piyambakipun badhe dipunukum pejah, penggalihipun lajeng kelingan kaliyan ibunipun lan Erlinah pacanganipun. Yanto lajeng nangis kados lare alit, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Bareng krungu seminggu maneh deweke arep diukum pati, pikirane bandjur kelingan karo ibune. Janto nangis kaja botjah tjilik. Bubar kuwi bandjur kelingan karo Erlinah maneh. (Kaca 56)

Saking wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto, lajeng kangge mungkasi konflik ingkang dipunraosaken, lajeng tuwuh penggalihipun badhe nggambar wewujudipun Erlinah wonten ing temboking sel tahanan, kangge kenang-kenangan. Ewadene Yanto pejah, ananging menawi sampun nggambar wewujudipun kekasihipun ingkang memelasi sanget kala wau, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Njut..... bandjur tukul pikirane, arep nggambar wewudjudane Erlinah sing memelasi mau, rekane arep kanggo kenang-kenangan, senadyan mati, jen wis nggambar wewudjuding kekasihe. (Kaca 56)

Nggambar wewujudipun Erlinah kangge kenang-kenangan sasampunipun Yanto dipunukum pejah, ugi dados sebabipun Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto piyambak. Yanto miwiti nggambar kaliyan awu ingkang dipuntelesi kaliyan luhipun kanthi manah ingkang sedhih lan trenyuh, ingkang mertandhakaken dados wujudipun psikologis nalika konflik, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Kanthi ati sedih lan trenjuh, Janto wiwit nggambar karo awu ditelesi nganggo eluhe, ditetok-letokake menjang temboking sel kono. (Kaca 56)

Yanto sedhih sanget amargi boten dangu malih piyambakipun badhe tilar donya, badhe dipunukum pejak, badhe nilar Erlinah lan kulawarganipun. Kanthi wujudipun psikologis nalika konflik mekaten, saged dipunpungkasi kaliyan boten dangu anggenipun Yanto nggamabar gambaripun Erlinah, asilipun ugi persis kados pasuryanipun Erlinah ingkang saweg nangis lan sedhih memelasi sanget. Yanto panci pinter anggenipun nggambar, kados dene kutipan wonten ingandhap menika.

Ora let suwe gambar mau wis dadi, wudjude persis kaja praupane Erlinah, lagi nangis, ulate katon suntrut memelasi banget. Dasar Janto pantjen pinter nggambar. Gambar disawang saka kadohan, wis persis ora ana gesehe. (Kaca 56-57)

Sinten kemawon mesthi sedhih lan trenyuh menawi mangertos umur kita dumugi dinten menapa. Kados dene Yanto, nglampahi Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang panci nyedhihaken sanget. Piyambakipun badhe dipunukum pejah. Yanto nyuwun pangapunten dhateng Erlinah pacanganipun ingkang boten dangu malih badhe dipuntilar donya. Menika ingkang dados sebabipun konflik ingkang kalampahan dening Yanto, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

"O..... dik Lien, kowe karija slamet....pun kakang ora suwe maneh bakal nampani paukuman pati. Nanging patiku pati mulja, kanggo leladiku menjang Nusa lan Bangsa. Sakehing..... kaluputanku, aku....ndjaluk.....pangapura.... sing akeh . Bok ..... menawa wis pinasti..... mung tekan semene ..... umurku....." (Kaca 57)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto, inggih menika nalika piyambakipun yuswanipun namung kantun kalih welas jam. Ewadene Yanto nangis, ananging ing batosipun piyambakipun namung sumarah dhumateng Kersaning Hyang Kang Maha Kuwaos, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Janto nangis, ing batin mung sumarah menjang Kersaning Hyang Kang Maha Kuwasa. Umure mung kari rolas.....djam. (Kaca 57)

Wekdal ingkang kala waunipun Yanto kedah dipunukum pejah, ananging boten mangertos menapa sebabipun, piyambakipun lajeng saged dipunparingi

pangapunten boten siyos dipunukum pejah, ingkang dados pungkasaning konflik ingkang kalampahan dening Yanto, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Wangune panjuwune Janto mau kinabulan dening Pangeran Kang Maha Luhur. nDilalah embuh apa mergane, deweke bandjur bisa diparingi pangapura ora sida diukum pati. (Kaca 57)

Panyuwunipun Yanto kinabulan dhumateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos. Amargi Gusti Allah menika langkung adil saking pengadilan wonten ing alam donya menika. Yanto saged bebas saking paukuman pejah, lan dipunparingi *grasi*, utawi *peringanan hukuman.*

2) Meri (Iri)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto salajengipun inggih menika iri utawi meri. Wujudipun psikologis nalika konflik menika dipunsebabaken amargi bapakipun boten sedya ngragadi sekolahipun Yanto. Kang mangka bapakipun Yanto menika kalebet tiyang ingkang kagungan sabin kathah lan asilipun ugi boten sekedhik. Malah saged dipunwastani tiyang ingkang cekap piyambak ing desanipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

"O.... sing kebangeten kuwi bapak sing isih ngugemi watak kolot. Ija jen bapak kuwi wong ora duwe lan ora bisa ngragadi, aku wis trima lulus saka es-

em-pe bae. Nanging bareng bapak iki tiba wong ketjukupan, malah kena diarani wong sing tjukup dewe ing desaku,.." (Kaca 6)

Saking sebabipun konflik ingkang kalampahan, Yanto lajeng meri kaliyan kanca-kancanipun ingkang saged nglajengaken sekolahipun dhateng kitha, ingkang dados wujudipun psikologis nalika konflik. Wonten ing tembung "*aku teka ora bisa?",* menika anggambaraken menawi Yanto panci meri, lan kepengin kados dene kanca-kancanipun saged sekolah wonten ing kita, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

"O.....awak.....awak..... teka sijal temen uripku iku, ora kaja kantja-kantjaku. Geneja kantja-kantjaku bisa nerusake sekolah menjang kutha, aku teka ora bisa?" (Kaca 6)

Wujudipun psikologis nalika konflik kala wau, dhateng Yanto saged dipunpungkasi bilih piyambakipun tetep mantep kepengin nglajengaken sinaunipun. Boten mangertos saking pundi beyanipun mangke badhe dipunlampahi, ingkang penting boten badhe nyuwun artanipun tiyang sepuhipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Atine tetep mantep teteg nijate kepengin nerusake sinahune, embuh mengko saka rekadaja apa arep ditemahi, watone bisa kelakon, nanging ora ngrusuhi bandane wong tuwane. Atine wis ora owah gingsir maneh, pikirane kentjeng mantep. (Kaca 7)

Lelampahanipun Yanto ingkang tetep badhe nglajengaken sekolah kados dene kutipan wonten ing inggil menika, saged kangge mungkasi wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunraosaken dening Yanto.

3) Kuciwa

Wujudipun psikologis nalika konflik sanesipun inggih menika, Yanto ngraos kuciwa kaliyan bapakipun, amargi piyambakipun sampun lulus anggenipun ndherek ujian. Ananging kekajenganipun bapakipun, Yanto dados tiyang tani kemawon kados bapakipun. Menika ingkang dados sebabipun konflik, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Malah karepe bapak aku supaja dadija wong tani bae kaja bapak mau, awit djarene wong urip sing digoleki mung sega sapulukan lan njandang. (Kaca 6)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto, inggih menika nalika bapakipun boten badhe ngragadi sekolahipun Yanto, kang mangka anggenipun ndherek ujian Yanto sampun lulus, kantun mlebet kemawon dipuntampi. Yanto kuciwa sanget kaliyan bapakipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Kang mangka anggone melu ujian Yanto wis bisa lulus, mung kari mlebu bae ditampa. Nanging bapake puguh ora gelem ngragadi, mula ya bab iku sing ndadekake sedhihe Yanto. (Kaca 7)

Yanto boten namung ngraosaken kuciwa kemawon, ananging piyambakipun kedah mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflikipun kanthi cara tetep badhe nglajengaken sekolahipun, kanthi cara menapa kemawon badhe dipunlampahi.

Manahipun sampun boten ewah gingsir malih, sampun mantep, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Atine tetep mantep teteg nijate kenpengin nerusake sinahune, embuh mengko saka rekadaja apa arep ditemahi, watone bisa kelakon, nanging ora ngrusuhi bandane wong tuwane. Atine wis ora owah gingsir maneh, pikirane kentjeng mantep. (Kaca 7)

Lelampahanipun Yanto ingkang tetep badhe nglajengaken sekolah kados dene kutipan wonten ing inggil menika, saged kangge mungkasi wujudipun psikologis nalika konflik kuciwa ingkang dipunraosaken dening Yanto.

4) Nekad

Nekad ingkang dipunlampahi dening Yanto dipunsebabaken amargi nalika Yanto mireng ngendikanipun bapakipun ingkang boten badhe ngragadi sekolahipun lan boten badhe menggalih malih dhateng piyambakipun, andadosaken Yanto ngraosaken Wujudipun psikologis nalika konflik awujud nekad, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

"Hem..... nembe iki ana wong tuwa diwulang karo botjah sing durung puput sawane. Janto gunemu waton megar bae. Kowe botjah wingi sore, durung tutug anggonmu mangan ujah. Ngertiya kowe isih pijik. Gunemu saja nggladrah kaja bakul jamu. Aku ora butuh karo gunemu kuwi. Yen kowe ora nggugu karo aku, ya sakarepmu, aku ora arep ngragadi sinahumu, lan ora arep mikir karo kowe. Ilang-ilangan endog sidji". (Kaca 10)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunlampahi dening Yanto inggih menika nekad. Niyatipun sampun mantep badhe nilaraken desanipun, tiyang sepuhipun, lan rayinipun ingkang dipuntresnani. Piyambakipun badhe ngumbara, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Niyate wis ora gigrig maneh, wis mantep tetep arep ninggal desane, arep ninggal adhine, arep ninggal wong tuwane, kepengin ngumbara. (Kaca 11)

Saderengipun Yanto kesah saking desanipun, piyambakipun damel serat rumiyin kangge Yatun rayinipun. Yanto pamitan kaliyan Yatun sarana serat menika, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Bandjur ndjupuk dluwang, gawe layang kanggo adine. (Kaca 11)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunraosaken dening Yanto menika, saged dipunpungkasi kanthi cara piyambakipun damel serat kangge Yatun, badhe pamit kesah saking desanipun saperlu ngumbara.

Wujudipun psikologis nalika konflik nekad sanesipun ingkang dipunlampahi dening Yanto, inggih menika nalika piyambakipun badhe medal utawi oncat saking sel tahanan. Menika dipunsebabaken amargi piyambakipun tansah tom-tomen Erlinah kemawon, tansah kelingan Erlinah kemawon, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Ja wiwit iku Janto pikirane bandjur goreh, tansah tom-tomen Erlinah bae. Dilali-lali malah saya ngalela, tansah katon ana mata. Pikirane Janto saya bingung, kaworan sedih. Bandjur menjat alon2, njedaki djendela, njawang

menjang ndjaba. Janto njenjuwun menjang Pangeran, enggala bisa luwar saka tahanan kono. (Kaca 53)

Yanto lajeng nyeraki jendhela lan nyuwun dhumaten Gusti Allah supados saged medal saking tahanan mrika. Yanto nekad, manahipun kados tinarbuka kewantunipun lan kekiyatanipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Gregah, atine kaja tinarbuka kekendelane lan kekuwatane, dheweke arep nekad pisan. (Kaca 53)

Pungkasaning konflik menika kalampahan nalika Yanto badanipun kraos seger, lajeng ruji jendhela kala wau alon-alon saged dipunpidak ngiwa-nengen. Yanto saged medal saking sel tahanan mrika kanthi boten dipunmangertosi sinten-sinten, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Dumandakan awake krasa seger sumjah lan enteng. Ora rinasa rudji djendela mau alon2 kena dipijak ngiwa nengen, wusana pada mleset kabeh. Trengginas Janto mlumpat metu jendela mak bleber, let sedela Janto bisa ontjat saka pakundjaran kono, kanti ora konangan, awit sing djaga kaja kena daya pasirepan kabeh pada turu. (Kaca 53)

Medalipun Yanto saking pakunjaran menika saged mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflikipun ingkang piyambakipun tansah kelingan Erlinah kemawon. Saking pitulungipun Gusti Allah, Yanto saged mbikak ruji tahanan mrika.

5) Sadhar

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunlampahi dening Yanto salajengipun inggih menika awujud sadhar. Sadhar ingkang kalampahan dening Yanto dipunsebabaken amargi piyambakipun nggadhahi pepenginan ingkang boten dipunpangesoni dening bapakipun (Pak Karyo), inggih menika nalika Yanto nyuwun pangestu dhateng bapakipun badhe ngjalengaken sekolahipun, bapakipun malah boten sedya ngragadi sekolahipun Yanto. Lajeng Yanto nggadhahi penggalih bilih piyambakipun badhe kesah saking desanipun.

Niyatipun sampun boten gigrig malih, sampun mantep badhe nilar desanipun, badhe nilar tiyang sepuhipun lan rayinipun, piyambakipun badhe ngumbara, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Nijate wis ora gigrig maneh, wis mantep tetep arep ninggal desane, arep ninggal adine, sing ditresnani, arep ninggal wong tuwane, kepengin ngumbara. (Kaca 11)

Niyatipun Yanto sampun boten gigrig malih. Piyambakipun badhe ngumbara, saperlu pados padhaning penggalih. Amargi menawi Yanto namung wonten ing griya kemawon dados tiyang tani kados dene dhawuhipun bapakipun, Yanto ngraos boten sekeca. Yanto gadhah cita-cita kepengin dados abding negari, kepengin dados ABRI. Ananging sedaya kala wau boten dipunpangestoni dening bapakipun, pramila Yanto kesah saking desanipun.

Saking sebabipun konflik menika, nuwuhakan Wujudipun psikologis nalika konflik awujud sadhar, menawi menapa ingkang dipunlampahi deningYanto menika boten leres. Yanto ngraos piyambakipun putra ingkang boten manut,

boten bekti, boten sungkem kaliyan tiyang sepuhipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

"Aku rumangsa dosa gede, sawidjining anak sing ora manut dawuhing wong tuwa, ora bekti, ora sungkem". (Kaca 12)

Saking Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang awujud sadhar ingkang kalampahan dening Yanto, andadosaken piyambakipun mungkasi raos ingkang boten sekeca menika kanthi cara piyambakipun ndhawuhi rayinipun supados tetep bekti dhateng tiyang sepuh, sampun kados dene kangmansipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

"Ora liwat karija slamet, mung kowe bae sing bekti karo bapak lan ibu, adja aja aku". (Kaca 12)

Kanthi cara Yanto ndhawuhi rayinipun supados bekti lan sungkem dhateng bapak ibu, tegesipun supados tiyang sepuhipun boten ngraos kagungan putra mbalela sedaya kados Yanto ingkang kesah saking griya amargi boten mirengaken dhawuhipun tiyang sepuh.

Sadhar ingkang dipunraosaken dening Yanto salajengipun inggih menika nalika piyambakipun saweg sareng kaliyan Erlinah wonten ing griya lan boten wonten tiyang sanes kejawi Yanto lan Erlinah menika. Sadar ingkang kalampahan dening Yanto dipunsebabaken amargi nalika wanci tabuh sedasa, Erlinah ingkang wonten griyanipun Yanto nyuwun pamit amargi badhe rewang wonten dalemipun

Pak Jaya ingkang saweg kagungan hajat, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Ngarepake djam sepuluh Erlinah pamit mulih, kanda arep rewang. (Kaca 29)

Saking lelampahan menika, nalika Erlinah badhe pamit wangsul, Yanto ngraos piyambakipun dereng cekap anggenipun gineman kaliyan Erlinah. Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto inggih menika nalika piyambakipun ngraos boten sekeca dhateng tangga tepalihipun menawi piyambakipun wonten ing griya piyambakan namung wonten kanca prawan inggih menika Erlinah, mangke malah namung nuwuhaken fitnah. Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto saged katingal saking kutipan wonten ing ngandhap menika.

Benere Janto durung tutug anggone ngedjak omong2, nanging bareng dipikir dawa kurang prajoga, ana omah idjen, rewange prawan, mendah apa loking akeh. (Kaca 29)

Saking Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang awujud sadhar ingkang kalampahan dening Yanto, lajeng piyambakipun saged mungkasi kawontenan menika kanthi cara piyambakipun nglilani Erlinah ingkang badhe pamit wangsul, ewadene piyambakipun taksih kangen, taksih kepengin gineman kaliyan Erlinah. Wujudipun psikologis nalika konflik saged dipunpungkasi kados dene kutipan wonten ing ngandap menika.

Mula Erlinah dililani. (Kaca 29)

Supados boten nuwuhaken fitnah antawis Erlinah lan Yanto saking tangga tepalihipun, pramila Yanto ngilani Erlinah ingkang pamit badhe wangsul. Kanthi cara menika Yanto saged mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflikipun ingkang awujud sadhar nalika semanten.

6) Bingung

Wujudipun psikologis nalika konflik salajengingipun ingkang kalampahan dening Yanto inggih menika bingung. Bingungipun Yanto dipunsebabaken amargi piyambakipun namung ngetutaken samparanipun, boten mangertos menapa ingkang badhe dipuntindakaken, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Janto ngetutake lakune, embuh sing arep disedya. (Kaca 13)

Yanto namung ngetutaken lampahanipun samparanipun, lajeng andadosaken Wujudipun psikologis nalika konflik bingung, inggih menika piyambakipun boten mangertos papan pundi ingkang badhe dipuntuju, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Lakune mung saparan-paran, ngetutake obahing sikil bae, tanpa ana sing ditudju. (Kaca 13)

Nalika Yanto bingung anggenipun badhe dhateng pundi papan ingkang dipuntuju, lajeng piyambakipun mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflikipun kanthi cara badhe sekolah wonten ing kitha Surabaya. Tinimbang wonten ing Kediri kuwatos dipunsusul bapakipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Maune nijat arep arep nutugake sekolah ana kuta Kediri. Nanging bareng dipikir kurang prajoga, kuwatir disusul bapake, nijate bandjur salin salaga, kepengin sekolah ana kuta gede pisan Surabaja. (Kaca 13)

Bingung ingkang dipunlampahi dening Yanto sanesipun inggih menika dipunsebabaken piyambakipun badhe ngumbara dhateng kitha ingkang langkung ageng, inggih menika Jakarta, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Bubar kuwi bandjur pamit nijate arep ngumbara golek kapinteran menjang Djakarta. (Kaca 17)

Wujudipun psikologis nalika konflik bingung ingkang kalampahan dening Yanto inggih menika nalika piyambakipun sampun dumugi wonten stasiun ing Jakarta. Yanto bingung amargi piyambakipun boten mangertos papan ingkang badhe dipuntuju, dalemipun sinten ingkang badhe dipuntuju, lajeng bingung samangke badhe wonten pundi anggenipun Yanto tilem, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Janto suwe mandeg ana ngarep stasiun, awit ora ngerti sing arep didjudjug, atine mandeg mangu kaworan bingung. Arep njang omahe sapa? Gek iki mengko turune ana ngendi? Neng kampung apa? Ngono gagasane Janto. (Kaca 18)

Wujudipun psikologis nalika konflik bingungipun Yanto saged dipunpungkasi nalika piyambakipun saweg sekeca anggenipun ngalamun, dumadakan wonten sopir nawani motoripun dhateng Bogor. Tanpa dipunpenggalih, Yanto ndherek truk dhateng Bogor, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Lagi enak2 ngalamun kaja ngono dumadakan kaget, ana sopir nawani motore menjang Bogor. Tanpo pikir dawa Janto katut melu numpak truk menjang Bogor. (Kaca 18)

Lelampahanipun Yanto ingkang ndherek motor trek dhateng Bogor nalika semanten saged mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflikipun ingkang awujud bingung.

Bingung salajengipun inggih menika dipunsebabaken amargi nalika Yanto lan Sutopo pisah kaliyan pak komandhan lan kanca-kancanipun. Kekalihipun bingung, amargi dereng nate dhateng papan jajahan mrika, kang mangka nalika semanten kekalihipun wonten ing tengahing alas. Manahipun prihatos sanget, amargi perlengkapan sasesipun boten gadhah, dipunbekta kanca-kancanipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Atine judeg bingung, awit sakarone durung nate ngambah djadjahan kono, gek ana tengah alas pisan. Perlengkapan lija-lijane ora duwe, digawa kantja-kantjane. Mula atine prihatin banget. (Kaca 45)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto lan Sutopo inggih menika rikala semanten kekalihipun sampun ngentosi ngantos badhe setugel dinten ananging boten katingal setunggal-setunggala. Yanto nembe

eling menawi kinten-kinten pak komandhan lan kanca-kancanipun ketangkep dening mengsah. Penggalihipun lajeng bingung, kados dene kutipan wonten ngandhap menika.

Sakarone atine bandjur judeg sedih, kelingan karo kantja-kantjane kabeh. Wis dianti meh setugel dina, nanging kabeh ora ana sing katon sidji-sidjija. Janto nembe eling, kira-kira pak komandhan sakantjane ketangkep dening mungsuh. (Kaca 45)

Yanto lan Sutopo nyobi mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflikipun ingkang awujud bingung menika kanthi cara kekalihipun ing dalu menika mapan tilem wonten ing wit-witan, kaliyan ngentosi kanca-kancanipun, mbokmenawi wonten ingkang wangsul dhateng papan pisahipun Yanto kaliyan kanca-kancanipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Bengi iku botjah loro pada mapan turu ana ing wit-witan, karo ngenteni kantja-kantjane, mbokmenawa ana sing bali mrono. (Kaca 45)

Lelampahanipun Yanto lan Sutopo anggenipun mapan tilem wonten ing wit-witan kaliyan ngentosi kanca-kancanipun nalika semanten, saged kangge mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan.

Wujudipun psikologis nalika konflik bingung salajengupun ingkang kalampahan dening Yanto dipunsebabaken amargi samenika Sutopo inggih menika kanca ingkang kantun setunggal-setunggalipun wonten ing tengahing alas gugur utawi tiwas. Sutopo nyenggol ranjau ingkang panci dipunpasang dening mengsah, lajeng katut kegawa mbledhosing dinamit kala wau menginggil dumugi

inggil. Sesarengan kaliyan menika Sutopo dipunbrondrong mimis dening mengsah, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Sutopo katut kegawa mbledosing dinamit mau menduwur nganti duwur, wusana bandjur ambjar ora karu-karuwan. Bareng2 karo iku mungsuhe terus brondong mimise nganti tanpo wilangan tumudju menjang awake Sutopo. Sanalika iku awake Sutopo adjur dadi sawalang-walang. Sutopo gugur pinda kusuma saka gantilane. (Kaca 47-48)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto inggih menika bingung nalika piyambakipun kantun ijen thil boten gadhah kanca malih. Yanto bingung badhe kadospundi lelampahan salajengipun. Sawantun-wantunipun tiyang setunggal, boten wurung mesthi badhe kacepeng ugi dening mengsah. Menawi badhe nglawan inggih namung muspra kemawon kados dene sarem kecemplung ing segari, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Pantjen wektu semono Janto lagi mikir gugure Sutopo, lan awake dewe sing saiki wis gari idjen til, bakal keprije wusananing laku. Sekendel-kendelane wong sidji, ora wurung mesti bakal ketjekel dening mungsuh. Arep nglawan ja tiwas-tuwas bae, mung bakal kaja ujah ketjemplung segara. Ora nglawan keprije. (Kaca 49)

Wujudipun psikologis nalika konflik bingung ingkang kalampahan dening Yanto saged dipunpungkasi kanthi cara nalika piyambakipun sadhar bilih piyambakipun boten pijer ngalamung kemawon dhateng guguripun Sutopo, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

"Eh..... dak arani mungsuh teka tibane kadal. Gujon bae ana satjedaking manungsa. Bok kana sing adoh. E..... bokmanawa kadal iki aweh sasmita marang aku, supaja aku pidjer sedih, ora pidjer ngalamun. Kira2 kok ja ngono. Maturnuwun..... ja mas kadal....." (Kaca 49)

Prastawa nalika Yanto sadhar saking panglamunipun lan kasedhihanipun dhateng guguripun Sutopo, lan piyambakipun bingung lelampahan salajengipun saged kangge mungkasi konflik nalika semanten.

Wujudipun psikologis nalika konflik bingung sanesipun ingkang kalampahan dening Yanto inggih menika dipunsebabaken amargi piyambakipun saged damel gambar ingkang sedaya tiyang remen kaliyan gambaripun Yanto. Asmanipun Yanto sampun mencer wonten pundi-pundi. Menapa malih wonten ing dalemipun tiyang penting wonten lukisanipun Yanto, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Janto dewe saiki djenenge wis mentjer, gambare disenengi wong akeh. Meh sasat saben omahe penggede ana lukisane Janto. (Kaca 59)

Saking sebabipun konflik wonten ing inggil menika andadosaken wujudipun psikologis nalika konflik bingung tumrap Yanto. Piyambakipun dipunremeni kaliyan putranipun salah satunggalipun komandhan pulisi ing pakunjaran mrika. Lajeng piyambakipun kepengin gesang sesarengan kaliyan Yanto. Kang mangka Yanto sampun gadhah pacangan, inggih menika Erlinah. Yanto boten badhe damel sakit manahipun tiyang sanes, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Dilalah putra salah sawidjining komandhan pulisi kono kang nembe bae lulus saka sekolah menengah menehi lajang karo Janto, surasaning lajang kepengin urip bebarengan karo Janto. Janto judeg pikire. Pantjen putrane pak komandhan mau sulistya ing rupa tur botjah peladjaran pisan. Janto rada prekewuh atine, arep ditolak ngandarake sing sebenere janto ora wani, kuwatir gawe lara atining lijan, arep diladeni Janto dewe wis duwe patjangan, ewuh aju ing pambudi. (Kaca 60)

Wujudipun psikologis nalika konflik bingung ingkang dipunlampahi dening Yanto inggih menika nalika piyambakipun nampi serat saking putranipun salah satunggaling komandhan pulisi mrika. Wosipun serat menika inggih menika piyambakipun kepengin gesang sesarengan kaliyan Yanto. Yanto bingung badhe kadospundi. Kang mangka piyambakipun sampun gadhah kekasih ingkang dipuntresnani. Ananging Yanto ugi boten wantun menawi matur ingkang sejatosipun, kuwatos damel gerah manahipun tiyang sanes.

Wujudipun psikologis nalika konflik kala wau menika saged dipunpungkasi kanthi cara Yanto mangsuli menawi piyambakipun dereng badhe krama, lan piyambakipun rumaos taksih dados tiyang tawanan, mangke malah namung damel kucemipun asmanipun tiyang sepuhipun. Kathah anggenipun Yanto mangsuli supados boten damel seriking tiyang sanes. Dipunwangsuli kados maketen putranipun pak komandhan ndilalah saged nampi, kados dene kutipan wonten ingandhap menika.

Nanging kegawa Janto pantjen pinter mitjara, putrane pak komandan mau bandjur diwangsuli jen wektu iku deweke durung karep omah2, lan awake isih rumangsa dadi wong tawanan, mundak gawe kutjeme asmane wong tuwane. Akeh2 anggone mangsuli supaja ora gawe seriking atine. Diwangsuli kaja ngono putrane pak komandan dilalah gelem narima. (Kaca 60)

Nalika semanten lelampahanipun Yanto ingkang mangsuli bilih piyambakipun dereng badhe krama amargi taksih dados tiyang tawanan, lan ajrih damel kucemipun asmanipun tiyang sepuhipun saged kangge mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik.

7) Kaget

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunlampahi dening Yanto salajengipun inggih menika kaget. Kaget wonten ing mriki dipunsebabaken amargi Yanto nalika saweg semadi wonten ing langgar pamujan, dumadakan rumaos dipunutus tiyang sepuh ingkang kagungan jenggot lan panganggenipun sarwa pethak, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Sawijining bengi Janto lagi semadi ana langgar pamudjan. Mripat lagi merem ajam2, dumadakan rumangsane Janto ditekani wong wis tuwa djenggotan, panganggone sarwa putih. (Kaca 16)

Saking sebabipun konflik wonten ing inggih menika, andadosaken Yanto ngraosaken Wujudipun psikologis nalika konflik awujud kaget. Yanto eling saking pamujanipun, nalika piyambakipun ningali ing sakiwa-tengenipun boten

wonten menapa-menapa, sedaya katingal sepen, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Janto kaget, mak bjar Janto eling, noleh ngiwa-nengen ora ana apa-apa, kabeh katon sepi marming. Janto rada trataban atine. (Kaca 16)

Wujudipun psikologis nalika konflik kaget tumrap Yanto kala wau saged dipunpungkasi kanthi cara piyambakipun lajeng pamit kaliyan mBah Bakri ingkang sampun mucal Yanto supados dados tiyang ingkang kiyat imanipun. Yanto pamit badhe nglajengaken lelampahipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Ja wiwit dina iki Janto bandjur njuwun pamit karo mBak Bakri, sumedya nerusake laku. (Kaca 16)

Yanto lajeng pamit kaliyan mBah Bakri badhe nglajengaken lelampahipun kangge mungkasi konflik ingkang dipunraosaken tumrap piyambakipun nalika semanten.

Wujudipun psikologis nalika konflik awujud kaget sanesipun ingkang dipunraosaken dening Yanto inggih menika dipunsebabaken nalika Erlinah mangsuli bilih piyambakipun badhe wangsul dhateng dhusun Karangkitri, inggih menika desanipun ibunipun Yanto ugi. Yanto rumaos dipunsindhir kaliyan Erlinah, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

"Bade wangsul dateng dusun Karangkitri mas?" (Wangsulane Erlinah). (Kaca 22)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunraosaken dening Yanto inggih menika manahipun Yanto trataban mireng Erlinah nyebat desa Karangkitri, inggih menika desanipun ibunipun. Yanto ngraos kasindhir kaliyan Erlinah, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Mak deg trataban atine Janto, awit desa mau ya desane ibune dewe, malah batine Janto kenya aju mau njemoni deweke. (Kaca 22)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto kados wonten ing inggil menika saged dipunpungkasi kanthi cara Yanto mangsuli malih, bilih Erlinah sampun nyindhir piyambakipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

"Ah..... djeng bok sampun njindir ngaten ta". (Wangsulane Yanto). (Kaca 22)

Ngendikanipun Yanto ingkang rumaos Erlinah sampun nyindhir dhateng piyambakipun menika saged kangge mungkasi konflik ingkang kedadosan tumrap Yanto nalika semanten.

Wujudipun psikologis nalika konflik kaget ingkang kalampahan dening Yanto salajengipun inggih menika dipunsebabaken amargi nalika Yanto ingkang saweg lenggah wonten ing sangandhaping wit ageng kaliyan mijeti samparanipun ingkang kraos sayah. Nalika piyambakipun noleh, kaget sanget amargi ingkang dhateng Brigadhe Anjing, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Janto noleh, kaya ngapa kagete, weruh sing teka mau pasukan Brigadhe Anjing. (Kaca 50)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto inggih menika kaget. Nalika piyambakipun sampun boten nggadhahi kekiyatan malih, amargi tenaganipun sampun telas, kang mangka wonten pasukan *Brigade Anjing* ingkang saweg madosi Yanto, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Lagi nggagas-nggagas lan aneges tekan semono, dumadakan bandjur keprungu swara kumresek lan grenenganing wong. Janto noleh, kaya ngapa kagete, weruh sing teka mau pasukan Brigadhe Anjing. Yanto ngedap atine, arep mlaju ora duwe kekuwatan, arep nglawan tenagane wis entek. (Kaca 50)

Wujudipun psikologis nalika konflik awujud kaget ingkang dipunraosaken dening Yanto kala wau saged dipunpungkasi kanthi cara piyambakipun lajeng nlesep wonten ing uwuh-uwuh ingkang garing. Badanipun sakojur dipunurug kaliyan uwuh sedaya, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Janto wis ora duwe ati maneh, bandjur nlesep ing uwuh2 kang garing, awake sakodjur diurugi uwuh kabeh, deweke mung pasrah mejang Pangeran. (Kaca 50)

Caranipun Yanto anggenipun nlesepaken badanipun wonten ing uwuh-uwuh menika seged kangge mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan nalika semanten.

8) Grogi

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto sanesipun inggih menika grogi dipunsebabaken amargi dumadakan saking sisih kidul katebang-katebang wonten satunggaling kenya miyos tumuju ngrika. Kenya menika dedegipun lencir, pakulitanipun kuning nemu giring, mripatipun blalak-blalak, rainipun bunder, lan irungipun ngrunggih, ingkang andadosaken Yanto grogi kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Dumadakan saka sisih kidul ketebang2 ana sawidjining kenya liwat tumudju mrono. Kenya mau dedege lenctjir, pakulitane kuning nemu giring, mripat blalak2, rai bunder, irung ngrunggih. (Kaca 20)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunraosaken dening Yanto inggih menika grogi nalika wonten kenya ayu menika. Manahipun sanalika malih dados tab-taban, penggalihipun kuwur, paningalipun kumepyur-pyuran, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Yanto weruh kenja aju mau atine sanalika malih dadi tab-taban, pikirane kuwur, kumepjur-pjuran panone. (Kaca 20)

Saking Wujudipun psikologis nalika konflik menika, saged dipunpungkasi nalika Yanto manahipun tab-taban ngraos grogi, bagjenipun piyambakipun taksih ngangge kaca mripat cemeng. Dados anggenipun nyawang kenya ayu kala wau boten ketara, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Tudjune Janto nganggo katja mripat ireng, dadi olehe njawang bisa tanek, ora ketara. (Kaca 20)

Kaca mripat cemeng ingkang dipunginakaken dening Yanto nalika semanten saged kangge pirantos pungkasanipun Wujudipun psikologis nalika konflik. Amargi kaca mripat cemeng menika saged kangge nutupi mripatipun ingkang saweg nyawang kenya menika. Dados anggenipun Yanto manahipun tab-taban lan paningalipun kumepyur-pyuran boten dipunmangertosi dening kenya kala wau.

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang salajengipun ingguh menika dipunsebabaken amargi nalika Yanto lan kenya ayu menika (Erlinah) anggenipun lenggah ing salebeting taksi empet-empetan amargi radi sesak. Yanto lenggahipun mepet rapet kaliyan Erlinah, ngantos badanipun senggolan rapet. Badanipun Yanto sanalika kados kenging dhaya setrum listrik, adhem-benter, lan sirahipun cekot-cekot, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Sarehning rada sesak dadi anggone lungguh empet-empetan. Janto lungguhe mepet rapet karo Erlinah, nganti awake senggolan rapet. Awake Janto sanalika kaja kena daja setrum listrik, sanalika awak dadi adem-panas, sirah tjekot2 mubeng. (Kaca 25)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto inggih menika piyambakipun boten kuwat nampi krenteging asmara ingkang tansah damel gonjeng-miringing jiwanipun, sakala menika piyambakipun kados ical otot-bayunipun, lemes sanget, wusana ambruk nibani pundhakipun Erlinah, kados dene kutipan wonten ingandhap menika.

Saking ora kuwat nampani krenteging asmara kang tansah gawe gondjing-miringing djiwane, sakala iku Janto awake kaja ilang otot-bajune, lemes banget, wusana ambruk nibani pundake Erlinah. (Kaca 26)

Pungkasaning konflik ingkang kedadosan, Erlinah lajeng mendhet minyak anginwonten ing tasipun. Pilinganipun Yanto dipunguyer dipunenyet-enyet, supados Yanto saged eling malih saking lemesipun kala wau amargi boten kuwat nampani kreteging asmara, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Erlinah bandjur ndjupuk lenga angin ana tase. Pilingane Janto digujer wani dienjet-enjet. (Kaca 26)

Kanthi cara pilinganipun Yanto dipunguyer kaliyan minyak angin ingkang dipunpendhet dhateng Erlinah wonten ing tasipun, saged mungkasi konflik ingkang kedadosan manika semanten.

9) Mareming Manah

Mareming manah ingkang dados wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto inggih menika dipunsebabaken amargi piyambakipun nalika taken kaliyan Erlinah bilih Erlinah menika kagunganipun sinten. Erlinah mangsuli, bilih ingkang kagungan piyambakipun inggih menika inggih Erlinah piyambak. Yanto ngraos marem dipunwangsuli mekaten, ateges Yanto nggadhahi kesempatan kangge reraketan kaliyan Erlinah, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

- *Sing duwe ja aku dewe, besuk ja aku dewe*. (Kaca 23)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto inggih menika nalika Yanto ngraos marem bilih Erlinah sejatosipun ugi tresna kaliyan Yanto. Katingal saking kutipan wonten ing ngandhap menika.

Yanto marem atine diwangsuli kaja ngono. (Kaca 23)

Yanto ingkang sejatosipun tresna kaliyan Erlinah sampun dangu, nalika dipunwangsuli bilih Erlinah dereng gadhah pacar, manahipun Yanto marem sanget raosipun. Ateges Erlinah ugi paring kesempatan kangge Yanto. Lajeng kangge mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto ingkang awujud mareming manah menika, piyambakipun ngendika bilih Erlinah menika luwes, gandhes, kewes, putri Amerika kemawon kalah kaliyan Erlinah, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Pantjen putri Amerika aju2 dik, nanging isih kalah luwes, kalah gandes, kalah nandes, kalah kewes karo putri Indonesia asli, saja karo kenja sing ana ngarepku iki, wis ora ana sing nandingi. (Kaca 24)

Kanthi cara Yanto ngendika bilih putri Amerika menika boten kados ingkang dipunraosaken dening Erlinah. Putri Amerika taksih kalah luwes, gandhes, kewes kaliyan putri Indonesia inggih menika Erlinah. Yanto mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflikipun ingkang awujud mareming manah kanthi cara makaten nalika semanten.

Yanto sangsaya marem manahipun ingkang dipunsebabaken nalika Erlinah ngendika bilih piyambakipun boten kawratan menawi dipunrabi dening Yanto.

Sebabipun konflik awujud mareming manah menika saged dipuntingali saking kutipan wonten ing ngandhap menika.

- *E.....e..... apa tenan kuwi. Bok ja dilamar kana, wong sing dilamar ja ora kabotan*. (Kaca 24)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang awujud mareming manah ingkang dipunraosaken dening Yanyo inggih menika nalika piyambakipun dipunwanguli menawi Erlinah boten kawratan menawi dipunlamar dening Yanto. Wonten ing manahipun Yanto seneng sanget amargi wanita ingkang dipuntresnani sampun dangu sejatosipun ugi tresna kaliyan piyambakipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Janto api2 noleh ngiwa krungu wangsulane Erlinah mau, ing batin atine gembira banget dene kenja sing pantjen wis diangen-angen suwe tibane tresna karo awake. (Kaca 24)

Kangge mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik awujud mareming manah ingkang kalampahan dening Yanto, piyambakipun lajeng eling dhumateng Pangeran, lan ing batosipun sinambi memudji Allahu Akbar, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Mula wektu semono atine Janto kaja gunung anakan gedene. Ora lali bandjur eling menjang Pangeran karo memudji ..... Allahu Akbar.....ngono batine. (Kaca 25)

Kanthi cara mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto, piyambakipun lajeng eling dhumateng Gusti Allah sinambi memuji Allahu Akbar wonten ing batosipun nalika semanten.

Wujudipun psikologis nalika konflik awujud mareming manah sanesipun ingkang kalampahan dening Yanto inggih menika dipunsebabaken amargi piyambakipun nalika males mbrondong mimis dhateng mengsah saking tiwasipun Sutopo. Kancanipun saking pihak mengsah nalika mangertos bilih mitranipun sami tewas sedaya, lajeng enggal-enggal males mbrondong mimis dhateng Yanto, kados kutipan wonten ing ngandhap menika.

Nanging kotjapa mungsuh sing ana ndjero pos bareng krungu ana swara tembakan, lan kantjane pada tewas kabeh, bandjur enggal2 males, malah ngungkuli sing uwis2 ramene lan suwene. (Kaca 48)

Wujudipun psikologis nalika konflik awujud mareming manah ingkang kalampahan dening Yanto inggih menika nalika piyambakipun saged malesaken tiwasipun Sutopo ingkang gugur nalika wonten ing laladan mengsah. Sasampunipun Yanto pikantuk ijol mengsah sedasa ingkang saged dipunbrondong dening Yanto, lajeng piyambakipun ngraos marem kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Wis ta entek-entekna mimismu sagudang, jen tjaramu nembak mung ngawur, mung angger muni bae, mengko rak kalah karo mimisku sing mung kari sitik iki. (Kaca 48)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto ingkang awujud mareming manah menika lajeng saged dipunpungkasi nalika piyambakipun sasampunipun mejahi sedasa mengsahipun, lajeng sinambi gumuyu piyambakipun mlayu mlebet alas, medal saking sisih kiwa, kados dene kutipan wonten ingan ngandhap menika.

Janto karo gumuju mlaju mlebu alas metu sisih kiwane. (Kaca 48)

Kanthi cara mlayu tumuju alas, Yanto saged lolos saking walesipun mengsah amargi Yanto sampun mejahi kancanipun mengsah menika kathahipun sedasa tiyang ingkang dipunbrondong dening Yanto. Kanthi cara mekaten Yanto saged mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik nalika semanten.

10)Ajrih

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto salajengipun inggih menika awujud ajrih. Ajrih ingkang dipunraosaken dening Yanto dipunsebabaken amargi nalika piyambakipun kaliyan kanca-kancanipun wonten ing prau saperlu badhe dhateng papanipun mengsah. Nalika semanten wanci jam setunggal dalu, jawahipun deres sanget. Ombak ingkang kala waunipun namung limrah kemawon lajeng dados ageng dumadakan. Prau ingkang dipuntumpaki wiwit boten ajeg lampahipun, tansah montang-manting kangge dolanan ombak, nggih dipunumbulaken nggih dipunbalangaken, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Nalika semono wajah jam sidji bengi, udane deres banget. Ombak kang maune mung lumrah bae bandjur dadi gede dadakan, prau sing ditumpaki wiwit ora adjeg lakune, tansah montang-manting kanggo dolanan ombak, ja diumbulake ja dibalangake. (Kaca 37)

Wujud Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto sakancanipun, inggih menika nalika piyambakipun wonten ing prau ingkang dipuntumpaki wiwit boten ajeg lampahipun, tansah montang-manting kangge dolanan omabak. Yanto sakanca sami prayitna sedaya, anggenipun gocekan prau kenceng, kaliyan tansah nyenyuwun dhumateng Pangeran, mugi-mugi slamet lampahipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Nalika semono wajah jam sidji bengi, udane deres banget. Ombak kang maune mung lumrah bae bandjur dadi gede dadakan, prau sing ditumpaki wiwit ora adjeg lakune, tansah montang-manting kanggo dolanan ombak, ja diumbulake ja dibalangake. Janto sakantja pada prajitna kabeh, anggone gotjekan prau kentjeng, karo tansah nenuwun menjang Pangeran, muga-muga slamet lakune. (Kaca 37)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunraosaken dening Yanto kados wonten ing inggil menika saged dipunpungkasi nalika prau menika mengkurep amargi kenging ombak ingkang ageng kaworan angin lan jawah. Yanto sakancanipun saged mlebet numpaki prau malih sasampunipun prau ingkang kerem menika sareng-sareng dipunwalik, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Kabeh pada njedindil kademen, kaja kutjing kena banju. Kanti ngrekasa banget prau kang kerem mengkurep mau nuli diwalik bebarengan, wusana bisa diwalik, kantja2 nuli mlebu prau kabeh sarana tambang. (Kaca 37)

Wujudipun psikologis nalika konflik awujud ajrih tumrap Yanto lan kanca-kancanipun saged dipunpungkasi nalika piyambakipun kasil anggenipun numpaki prau ingkang kerem kala wau sarana tambang ing nalika semanten.

Wujudipun psikologis nalika konflik salajengipun taksih magepokan kaliyan ajrih nalika wonten ing salebeting prau, dipunsebabaken amargi kawontenan ing sakiwa tengenipun namung swanten jumegur lan bledheg pathing gleger sinauran kilat tatit pathing krelap sesamberan jumenthor swantenipun kados mimis. Lampahipun prau ugi taksih kangge dolanan ombak, kados dene kutipan wonten ing ngnadhap menika.

Kawontenan kiwa tengen mung swara djumegur lan bledeg pating gleger sinauran kilat tatit pating krelap sesamberan djumentor swarane kaja mimis. Lakune prau tetep kanggo dolanan ombak, dibuang ngiwa dibuang nengen, kadang diumbulake duwur, bandjur dicengkelitake, terkadang digawe ubeng-ubengan. (Kaca 38)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto inggih menika nalika jawahipun sangsaya deres sanget kaworan barat. Sedaya sami kekes manahipun, boten wonten ingkang gineman, amargi rumaosipun nyawanipun namung kantun muntup-muntup wonten embun-embunan, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Udane saja deres banget kaworan angin. Kabeh pada kekes atine, ora ana sing guneman, awit rumangsane njawane mung kari muntup-muntup ana embun-embunan. (Kaca 38)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang awujud ajrih kala wau saged dipunpungkasi nalika sampun wiwit katingal cahya pathing kerelip saking katebihan ingakng dados pratandha menawi sampun cerak kaliyan dharatan, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Ora suwe bandjur katon tjahja pating kerelip saka kadohan. Janto sakantjane pada bungah2 kabeh, awit mertandani jen wis tjedak karo daratan, darataning mungsuh. (Kaca 38)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kedadosan salajengipun inggih menika dipunsebabaken amargi Yanto sakancanipun saweg dipunpadosi dening mengsah. Motor mabur, capung, lan helycopter ugi dipunsebar wonten ing pundi-pundi, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Ora mung wadyabala bae sing disebar nggoleki, nanging motor mabur, tjapung lan helycopter uga pada disebar menjang endi2, swarane pating brengengeng kekiteran ing tawang ora ana pedote. (Kaca 41)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kedadosan inggih menika nalika Yanto lan kanca-kancanipun sami kedandapan kaliyan mlayu pados papan pandhelikan ingkang sekintenipun boten kenging dipunbrondong mimis, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Janto sakantjane pada kedandapan karo mlaju golek pandelikan sing sekira ora kena dibrondong mimis. (Kaca 41)

Wujudipun psikologis nalika konflik awujud ajrih kala wau saged dipunpungkasi, inggih menika Yanto lan sedaya kanca-kancanipun sami ndhelik lan boten wonten ingkang wantun obah, ewadene badanipun mentas kecantol ri bebondhotan ananging tetep mendel, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Kabeh pada ndelik lan ora ana sing wani obah, senadjan awake lara mentas ketjantol ri benbondotan tetep meneng. (Kaca 41)

11)Berontak

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto ingkang pungkasan inggih menika awujud berontak. Wujudipun psikologis nalika konflik menika dipunsebabaken amargi nalika Pak Suradiman paring sasmita supados sabar lan boten pikantuk grusa-grusu, amargi menawi dipunserang badhe kalah kekiyatanipun, kados dene kutiapan wonten ing ingandhap menika.

Pak Suradiman bareng weruh anak-buahe kaja ngono, bandjur disabarake ora oleh grusa-grusu, amarga jen diserang kalah kekuwatane, lan ja kalah gegamane. Ing kene mung sa tim, kana sak pelepton kilwat, tiwas-tiwas bae. (Kaca 42)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto inggih menika nalika piyambakipun sampun boten kuwat nahan kanepsonipun

sampun boten saged dipunsayuti malih. Ewadene Pak Suradiman paring sasmita boten pikantuk mbedhil rumiyin, ananging Yanto tetep kepengin mithes mengsahipun kemwon, kados dene kutipan wonten ing gandhap menika.

Pak Suradiman aweh sasmita ora oleh mbedil. Nanging Janto lan Sutopo sing wis ora kuwat ngampet kanepsone wis ora kena disayuti maneh, kepengin mites mungsuhe bae. (Kaca 43)

Wujudipun psikologis nalika konflik awujud berontak menika saged dipunpungkasi nalika Yanto lan Sutopo mencolot saking gampeng pandhelikanipun. Tibanipun persis wonten ing gegeripun mengsahipun, lajeng sami klekaran amargi dipunpejahi dening Yanto lan Sutopo, kados dene kutipan wonten ing gandhap menika.

Mula bareng mungsuhe persis mlaku ana ngisore, mak.....bleber.... Janto karo Sutopo mentjolot saka gampeng pandelikane. Tibane persis pada ana gegere mungsuhe sidji sawang. Mungsuhe pada klekaran tiba krungkeb. (Kaca 43)

Kanthi cara mejahi mengsahipun nalika saweg miyos wonten ing sangandhapipun Yanto lan Sutopo, saged kangge mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kedadosan nalika semanten.

12)Kuwatos

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto salajengipun inggih menika kuwatos, dipunsebabaken amargi Yanto lan Sutopo anggenipun ndhelik tebih saking papan pambrondonging mengsah, pramila boten

dipunsumurupi wonten pundi pak komandhan lan kanca-kancanipun kesah dening Yanto lan Sutopo, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Kabeh mau ora disumurupi dening Janto lan Sutopo, awit wong loro mau wis pada ndelik adoh saka papan kono. (Kaca 44)

Saking sebabipun konflik wonten ing inggil menika andadosaken Wujudipun psikologis nalika konflik tumrap Yanto lan Sutopo, amargi ing rumaosipun kados kuthuk kelangan babon, tansah melang-melang manahipun, ngaler-ngidup tanpa wonten papan ingkang badge dipuntuju, kado dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Janto lan Sutopo tansah melang-melang atine, ing pangrasa kaja kutuk kelangan babon, tansah kelak-kelik ngalor ngidul tanpa ana sing ditudju. (Kaca 44)

Saking Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang awujud kuwatos ingkang kalampahan dening Yanto menika saged dipunpungkasi mawi cara Yanto lan Sutopo kanthi tatag lan angantos-atos lajeng dhateng panggenan pertempuran kala waunipun, ananging sepen datan wonten sabawaning walang kumlisik, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Kanti tatag lan ngati-ati, sakarone bandjur marani panggonan pertempuran dek mau, nanging sepi tan ana sabawaning walang kumlisik, sepi njenjet. (Kaca 44)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunlampahi dening Yanto salajengipun inggih menika dipunsebabaken amargi ing wekdal semanten panci penggalihipun Yanto dereng mantun saestu. Lan rumaosipun kados tiyang ngimpi kemawon. Dados sedayanipun barang ingkang dipuntingali kados-kados wonten ing salebeting pangimpen, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Nalika semono pikirane Janto pantjen durung pulih temenan, lan rumangsane kaja wong ngimpi bae. Dadi sakabehing barang sing diweruhi kaja2 ja ana sadjroning pangimpen bae. (Kaca 51)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto inggih menika piyambakipun ngraos kuwatos amargi rumaos sampun wonten ing alam akerat, rumaos badhe dipundangu dhumateng malaekat. Saged dipunmangertosi ing tembung "*Lha mengko jen aku didangu wangsulanku bandjur keprije?"* Yanto kuwatos sanget amargi sampun pikantuk pepati kathah anggenipun ngadhepi mengsah, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Karo njebut asmaning Pangeran, Janto atine nratab tab-taban.

"We la iki, aku mesti bakal didangu. Mesthine kotak tjilik mau isi tjatetan bab kelakuwanku sajroning ana alam donja, arep dibeber maneh ana kene. Lha mengko jen aku didangu wangsulanku bandjur keprije? Kang mangka dek aku ngadepi mungsuh kae, bola-bali bedilku oleh pepati pirang-pirang". Tekan semono batine Janto atine saya wedi, atine dadi ndredeg wel-welan, saking wedine. (Kaca 51-52)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang awujud kuwatos ingkang dipunraosaken dening Yanto saged dipunpungkasi nalika piyambakipun lajeng dipunsuntik dening dhokter, amargi Yanto saking daya prebawa ajrih lan kaworan penggalih ingkang maneka warni kala wau banjur piyambakipun semaput malih boten eling. Kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Merga saka daja prebawa wedi lan ketjampuran pikiran sing manekarupa mau sanalika Janto semaput maneh ora eling. Wong gede duwur mau weruh kawontenan kaja ngono, bandjur lungguh ing sandinge. Slimute dibukak, dadane sing kari lunglit diemek-emek alon2. Janto bandjur disuntik pupune. (Kaca 52)

Nalika Yanto semaput boten eling, saged kangge mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang awujud kuwatos ingkang kalampahan dening piyambakipun nalika semanten.

13)Keduwung

Konflik ingkang kalampahan dening Yanto salajengipun inggih menika awujud keduwung. Keduwung inggih menika raos ingkang boten ngremenaken amargi sampun nindakaken lelampahan ingkang boten leres. Keduwung ingkang dipunraosaken dening Yanto dipunsebabaken amargi nalika wancinipun tabuh kalih welasan, benteripun ugi sumelet, lan sampun sami ngelak sanget, badhe pados papan kangge ngiyub ugi boten pinanggih. Nalika saweg mandhap medal ereng-erenging gunung, dumadakan Yanto sakanca ningali satunggaling blumbang ingkang mencerong kenging soroting srengenge, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Wajahe djam rolas, panase sumelet, ngelake ora taha2. Arep ngijub ora ana panggonan kang adem, wit-witan ora ana babar pisan. Mula bandjur tumurun metu ereng-erenging gunung mau golek pangjuban lan banju. Dumadakan saka nduwur mau katon ana barang mentjerong kena soroting srengenge. Bareng ditamatake djebule sawidjining blumbang kang banjune bening kintjong2. (Kaca 43-44)

Sebabipun konflik wonten ing inggil menika nuwuhaken Wujudipun psikologis nalika konflik awujud keduwung tumrap Yanto. Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto inggih menika nalika piyambakipun lan kanca-kancanipun ningali wonten satungaling blumbang ingkang keleresan saweg sami ngelak, lajeng Yanto sakanca kesupen dhateng kaprayitnan. Yanto piyambak ugi kesupen dhateng ngandikanipun mBah Bakri kala rumiyin, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Weruh kawontenan kaja ngono mau kabeh pada gembira seneng, nganti lali menjang kaprajitnan, lali menjang pendjagaan, kurang waspada, kurang deduga. (Kaca 44)

Kirangipun waspada lan deduga ingkang dipunlampahi dening Yanto sakanca andadosaken piyambakipun keduwung. Kang mangka sampun kathah tulahanipun, inggih menika unen-unen ‘sapa lena kena’. Pitutur saking tiyang sepuh jaman kino ugi salebeting suka menika kedah eling lan waspada.

Pungkasaning konflik ingkang kedadosan kados ing inggil menika, saged dipunmangertosi kutipan wonten ing ngandhap menika.

Nanging apese, lagi meh tekan panggonan sumber mau, dumadakan mak dreeeeeeeeeeeel..... det..... det..... det..... Janto karo Sutopo dibrondong mimis dening mungsuh sing lagi ndelik ana sanduwuring sendang kono. (Kaca 44)

Saking lelampahan ingkang kados menika, Yanto lan Sutopo ingkang dereng dumugi panggenan sumber kala wau, dumadakan mak dredet, Yanto lan Sutopo dipunbrondong mimis dening mengsah ingkang saweg ndhelik wonten ing sainggilipun sendhang menika. Yanto lan Sutopo ingkang ngraos keduwung amargi boten prayitna dhateng lelampahan kala wau, lajeng kekalihipun sami ndhelik supados boten kenging seranganipun mengsah.

14)Pasrah

Yanto pasrah nalika yuswanipun kantun kalih welas jam. Menika ingkang ndadosaken wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Umure mung kari rolas.....djam. (Kaca 57)

Yanto sampun pasrah dhumateng Gusti Allah. Piyambakipun yaksih tenguk-tenguk lenggah sangga uwang kaliyan nyawang gambaripun Erlinah boten kedhep-kedhep. Wujudipun psikologis nalika konflik menika dipuntandhani tetem

bungan "*Atine wis suwung, awit ing dina iku deweke bakal dipatrapi paukuman pati"*. Yanto nglampahi Wujudipun psikologis nalika konflik pasrah nalika piyambakipun badhe dipunukum pejah, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Janto dewe isih tenguk2 lungguh sangga uwang karo njawang gambare kekasihe ora kedep2. Atine wis suwung, awit ing dina iku deweke bakal dipatrapi paukuman pati. Janto wis ora bisa suwala maneh. Arep nangis wis ora bisa, mula bisane mung lungguh lenger2 tanpa obah. (Kaca 58)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Yanto saged dipunpungkasi amargi Inspektur Pulisi wonten ing mrika remen kaliyan gambaripun Erlinah ingkang dipundamel dening Yanto. Piyambakipun dipunaturi gambar sanesipun kados dene sesawangan ingkang endah-endah, putri ayu, gunung, sabin-sabin, lan sanes-sanenipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Janto saiki kondang gambare. Kamare kebak gambar maneka rupa, ana gambar sesawangan kang endah2, ana gambar putri aju, ana gambar gunung, ana gambar sawah2, tjekake rupa2. Kabeh mau jen disenengi bandjur diwenehake, malah ana sing paju didol, agawe senenge Janto. Saiki Janto oleh sebutan anjar, jaiku : Pelukis Pendjara. (Kaca 59)

Pungkasaning konflik ingkang kalampahan dening Yanto dipuntandhani nalika piyambakipun sakmenika boten siyos dipunukum pejah, malah dipunaturi nggambar gambar sanesipun dhateng Inspektur Pulisi wonten ing kepulisiyan mrika. Yanto samenika boten namung dipunsebat tawanan, ananging ugi dipunsebat *Pelukis Penjara*.

b. Sebabipun saha Pungkasaning Konflik paraga Yatun.

1) Kuwatos

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunlampahi dening Yatun dipunsebabaken amargi piyambakipun mangertos sampun pinten-pinten dinten kangmasipun sajak mbesengut, pasuryanipun katingal sedhih, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

... awit ngerti wis pirang-pirang dina kakange sadjak mbesengut ulate katon sedih. (Kaca 8)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunlampahi dening Yatun inggih menika piyambakipun ngraos boten sekeca manahipun. Kuwatos kaliyan Yanto kangmasipun amargi sampun pinten-pinten dinten sadjak mbesengut, pasuryanipun kalingal sedhih, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Jatun bareng ngerti kakange durung katon metu atine ora kepenak, awit ngerti wis pirang-pirang dina kakange sadjak mbesengut ulate katon sedih. (Kaca 8)

Kangge mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik awujud kuwatos ingkang dipunlampahi dening Yatun inggih menika piyambakaipun lajeng mlebet dhateng griya marani kamaripun kangmasipun ingkang taksih ungkeb-ungkeb wonten ing kamar. Lajeng dipuncedhaki alon-alon lan lenggah wonten ing sandhingipun kaliyan nggugah kangmasipun supados enggal wungu, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Mula bareng ora katon Jatun bandjur mlebu menjang ngomah marani kamare kakange, tinemu Janto isih ungkeb2. Alon2 ditjedaki lungguh ing sandhinge karo nggugah kakange alon, rekane arep mebeda kakange supaja enggal tangi. (Kaca 8)

Kanthi cara mlebet dhateng kamaripun Yanto lajeng nggugah kangmansipun supados enggal wungu, Yatun saged mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik ing awujud kuwatos menika ingkang kalampahan nalika semanten.

c. Sebabipun saha Pungkasaning Konflik paraga Pak Karyo.

1) Duka

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Pak Karyo inggih menika dipunsebabaken amargi mireng ginemipun Yanto ingkang dipunraos-raosaken kados dene dipunwucal dening anak. Yanto matur bilih, tiyang gesang menika kangge makarya, sanes tiyang makarya kangge gesang, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

"Tiyang punika kedah : urip kanggo njambutgawe. Liripun makaten : Tiyang gesang kedah anggadahi, pikiran gesang utawi inisijatip. Sanes kalijan tembung :

njambutgawe kanggo urip. Punika ateges ingkang gesang namung badan djasmani kemawon, nanging pikiran pedjah". (Kaca 10)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunraosaken dening Pak Karyo (bapakipun Yanto), inggih menika duka nalika panjenenganipun mireng tembung ingkang dipunaturaken dening Yanto, sanalika muntab nepsunipun, amargi rumaos dipunwucal dening anak. Pasuryanipun sanalika dados abang mranang, wajan gathik kerot-kerot, mripatipun andrik, kados dene kutipan wnten ing ngandhap menika.

Krungu tembung sing kaja mangkono mau P. Karjo sanalika muntab nepsune, awit rumangsa diwulang dening anak. Praupane sanalika dadi abang mranang, untu gatik kerot-kerot, mripat andrik. Kaja-kaja Janto kena-kenaha mono arep diuntal malang. Mula wangsulane sengit. (Kaca 10)

Kanthi manah ingkang duka sanget, Pak Karyo mangsuli ginemipun Yanto kala wau bilih nembe menika wonten tiyang sepuh dipunwucal dening lare ingkang dereng puput sawanipun. Ginemipun Yanto waton megar kemawon. Yanto menika lare kala wingi sonten, durung tutug anggenipun nedha sarem. Yanto menika taksih piyik. Ginemipun sangsaya nggladrah kados dene bakul jampi. Bapakipun boten betah kaliyan ginemipun Yanto menika. Menawi Yanto boten sendika dhateng bapakipun, nggih sakkersanipun Yanto, bapakipun boten badhe ngragadi sekolahipun Yanto, lan boten badhe menggalih kaliyan Yanto. Ical-icalan tigan setunggal, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

"Hem..... nembe iki ana wong tuwa diwulang karo botjah sing durung puput sawane. Janto gunemu waton megar bae. Kowe botjah wingi sore, durung tutug anggonmu mangan ujah. Ngertiya kowe isih pijik. Gunemu saja nggladrah kaja bakul jamu. Aku ora butuh karo gunemu kuwi. Yen kowe ora nggugu karo aku, ya sakarepmu, aku ora arep ngragadi sinahumu, lan ora arep mikir karo kowe. Ilang-ilangan endog sidji". (Kaca 10)

Kangge mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang awujud duka ingkang dipunlampahi dening Pak Karyo inggih menika panjenenganipun bibar ngendika kados dene kutipan wonten ing inggil kala wau, lajeng mlebet dhateng kamar, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Bubar guneman kaja ngono P. Karjo nggebrag medja terus mlebu menjang kamar. (Kaca 10)

Kanthi cara nggebrag meja lajeng mlebet dhateng kamaripun, Pak Karyo saged mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang awujud duka ingkang kalampahan nalika semanten.

d. Sebabipun saha Pungkasaning Konflik paraga Erlinah.

1) Sedhih

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening para Erlinah wonten ing novel *Adiling Pangeran* inggih menika dipunsebabaken amargi piyambakipun badhe dipuntilar dening Yanto geganthilaning manahipun. Erlinah

sedhih sanget, badhe nggondheli Yanto, boten pikantuk kesah, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

..... awit bakal ditinggal lunga dening gegantilaning atine. Kena-kenaha kae Janto arep digondeli, ora oleh lunga. (Kaca 34)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunlampahi dening Erlinah inggih menika piyambakipun ngraos sedhih sanget, amargi badhe dipuntilar dening Yanto tindak wonten ing medhan perang. Kekajenganipun Erlinah menika Yanto boten pikantuk kesah, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Kurang rong dina saka budhale Janto, Erlinah atine katon sedih, awit bakal ditinggal lunga dening gegantilaning atine. Kena-kenaha kae Janto arep digondeli, ora oleh lunga. (Kaca 34)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang awujud sedhih ingkang kalampahan dening Erlinah saged dipunpungkasi nalika Yanto matur kathah dhateng Erlinah supados boten kathah menggalih dhateng Yanto, lan malah kedah sregep anggenipun sinau, supados enggal rampung sekolahipun. Yanto mangertos dhateng kasedhihanipun Erlinah, ewadene manahipun ugi awrat menawi nilaraken Erlinah, ananging dipunyem-yemi, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Janto ngerti menjang kasedihane Erlinah, senadjan atine dewe ja abot rasane arep ninggal Erlinah, nanging meksa disabarake,dijem-jemi. Malah Janto bandjur nuturi pirang2 karo Erlinah, supaja adja kakehen anggone mikir karo deweke, malah disregepa sinahu, supaja sekolahe enggal tutug. (Kaca 34)

Kanthi cara ngendika kathah dhateng Erlinah, supados boten kathah menggalih dhateng Yanto, lan supados enggal rampung sekolahipun kedah sregep anggenipun sinau, saged kangge mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang awujud sedhih ingkang dipunlampahi dening Erlinah. Nalika semanten ugi Erlinah manut kaliyan aturipun Yanto.

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Erlinah salajengipun inggih menika dipunsebabaken amargi piyambakipun sampun dangu boten nampi warta saking Yanto. Lajeng saderengipun menika, inggih menika tigang dinten saderengipun slametan, Erlinah nate ngimpi pinanggih kaliyan Yanto ingkang saweg sedhih astanipun sedhakep, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Kabeh mau merga aku wis lawas ora ketemu lan krungu kabar pandjenengan. Sadurunge iku, jaiku telung dina sadurunge slametan, aku turu ngimpi ketemu pandjenengan. Kana-kanane pandjenengan lagi sedih, tangane sedakep. (Kaca 67)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunlampahi dening Erlinah inggih menika nalika Sasampunipun bibar olah-olah damel slametan kangge Yanto, manahipun Erlinah kok lajeng ngondhok-ondhok. Mripatipun Erlinah boten saged dipunsayuti malih, piyambakipun lajeng nangis ngguguk kados lare alit, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

“sawise bubar olah-olah gawe slametan kanggo pandjenengan, atiku teka bandjur ngondok-ondok. Mripatku ora kena disajuti maneh, aku terus nangis ngguguk kaja botjah tjilik. (Kaca 67)

Kangge mungkasi konflik ingkang kalampahan dening Erlinah inggih menika nalika piyambakipun dipundangu kathah kaliyan bapakipun, lajeng dipundhawuhi damel slametan kangge Yanto supados enggal slamet, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Aku bandjur didangu pirang2, malah bapak bandjur paring dhawuh, dikon njlameti, supaja pandjenengan slamet. (Kaca 67)

Kanthi cara damel slametan supados Yanto enggal slamet, saged kangge mungkasi konflik ingkang kalampahan dening Erlinah nalika semanten.

2) Kuwatos

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Erlinah sanesipun inggih menika awujud kuwatos. Kuwatos menika dipunsebabaken amargi wiwit kesah dumugi samenika boten wonten kabar saking Yanto, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Awit wiwit lunga nganti seprene tanpo ana kabar. (Kaca 63)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunlampahi dening Erlinah inggih menika nalika piymbakipun mireng warta bilih Yanto dipuntawan dening

mengsah, lajeng mireng warta kados mekaten manahipun Erlinah dados sedhih, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Malah ana kabar bae ala, djarene Janto ditawan, jaiku sing andadekna susahing atine. (Kaca 63)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Erlinah ingkang awujud kuwatos menika saged dipunpungkasi kanthi cara Erlinah badhe ngadani slametan kangge Yanto, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Bubar mepeni bandjur ribut ana pawon masak2, rekane dina iku arep slametan. (Kaca 64)

Kanthi cara Erlinah damel slametan kangge Yanto ingkang dumugi samenika dereng wonten wartanipun, saged kangge mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunraosaken dening piyambakipun nalika semanten.

3) Grogi

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Erlinah salajengipun inggih menika awujud grogi. Grogi menika dipunsebabaken amargi nalika Erlinah pirsa Yanto ing dalu menika manahipun ntratab, pasuryanipun kumepyur, amargi menawi dipuntandhngaken kaliyan dhayoh ing sakiwa-tengenipun, Yanto menang sedayanipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Erlinah bareng weruh Janto ing bengi iku atine ntratab panone kumepjur, awit jen ditanding karo dhayoh ing kiwa-tengene, Janto menang ing sakabehe, ja gagahe, ja baguse, ja nggantenge, ja sandangane. Tempuking mripat wong loro mahanani saja kumelap lan kumepjur. (Kaca 30)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunlampahi dening Erlinah inggih menika nalika piyambakipun karaos ndredheg, pasuryanipun kumepyuran, manahipun tab-taban, ingkang mujudaken menawi piyambakipun menika grogi pinanggih enika grogi pinanggih Yanto ingkang bagus piyambak ing dalu menika. Erlinah lajeng ical kekiyatanipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Embuh apa sebabe, apa merga saka kesele, embuh merga saka sajahe, embuh saka keprije, Erlinah sanalika bandjur ndredeg, panone kumepjur, ati tab-taban, wusana Erlinah bandjur ilang kekuwatane, sanalika.....ambruk ..... arep tiba. (Kaca 30)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunraosaken Erlinah menika saged dipunpungkasi nalika kanthi trengginas Yanto nyandhak bangkekanipun Erlinah nalika badhe ambruk, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Trengginans Janto kanti gerakan refleg tangane nyandak bangkekane Erlinah. (Kaca 30)

Kanthi cara nyandhak bangkekanipun Erlinah nalika badhe ambruk, saged kangge mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik ingkangawujud grogi ingkang dipunlampahi dening Erlinah nalika semanten.

4) Isin

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Erlinah sanesipun inggih menika ingkang awujud Isin. Isin menika dipunsebabaken amargi piyambakipun ningali ing sandhingipun sampun wonten Yanto ingkang saweg nenggo piyambakipun, kados den kutipan wonten ing ngandhap menika.

Mak.... pjur..... pandelenge nalika weruh Janto ngadeg ing sisihe. (Kaca 31)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Erlinah inggih Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Erlinah inggih menika nalika piyampakipun ngraos isin amargi dirubung tiyang kathah nalika sampun sadhar saking semaput kala wau, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Sadjake semu isin dirubung wong akeh Erlinah ngeremake mripate maneh alon-alon. (Kaca 31)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunlampahi dening Erlinah ingkang awujud isin menika saged dipunpungkasi kanthi cara Erlinah ngeremaken mripatipun malih alon-alon, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Erlinah ngeremake mripate maneh alon-alon. (Kaca 31)

Kanthi cara ngeremaken mripatipun alon-alon saged kangge mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Erlinah ingkang awujud isin nalika semanten.

5) Mangkel

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kedadosan dening Erlinah sanesipun inggih menika mangkel. Mangkel ingkang kedadosan menika dipunsebabaken amargi nalika wekdal enjing-enjing sampun wonten dhayoh ingkang rawuh dhateng dalemipun Erlinah, kang mangka piyambakipun saweg ketalang olah-olah wonten ing wingking, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

..... *esuk-esuk ana tamu, gek lagi ketalang olah-olah pisan, jen ditinggal suwe rak mubah olah-olahane.* (Kaca 64)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Erlinah inggih menika piyambakipun manahipun ngraos radi anyel, amargi ing wekdal enjing-enjing sampun wonten dhayoh, kang mangka piyambakipun saweg ketalang olah-olah. Menawi dipuntilar dangu mangke malah mubah masakanipun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Atine sedjatine rada anjel, esuk-esuk ana tamu, gek lagi ketalang olah-olah pisan, jen ditinggal suwe rak mubah olah-olahane. (Kaca 64)

Kangge mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang awujud mangkel ingkang dipunraosaken dening Erlinah menika, pramila piyambakipun kanthi aras-arasen medal kaliyan mangsuli "*mangga..... sinten*?", kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Mula kanti aras-arasen deweke metu karo mangsuli :

"Mangga..... sinten?" (Kaca 64)

Kanthi cara medal kaliyan mangsuli dhayoh ingkang rawuh nalika enjing-enjing menika, Erlinah saged mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening piyambakipun nalika semanten.

6) Trenyuh

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Erlinah ingkang pungkasan inggih menika awujud trenyuh. Trenyuh menika kadadosan dipunsebabaken amargi piyambakipun mireng cariyosipun lelampahanipun Yanto nalika wonten ing medhan perang, lan nalika piyambakan wonten ing tengahing alas, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Bubar mangan djadah Janto wiwit tjrita, kawitan tekan pungkasan. (Kaca 66)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Erlinah ingkang awujud trenyuh inggih menika nalika piyambakipun mirengaken cariyos lelampahanipun Yanto nalika piyambakan wonten ing tengahing alas. Erlinah ingkang mirengaken sinambi kembeng luh, amargi cariyosipun panci nyedhihaken. Menapa malih nalika mireng bilih Yanto dipuntawan, dipungebugi,

lan badhe dipunukum pejah, ngantos Erlinah dados nangis, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Erlinah sing ngrukokake karo kembeng luh, awit tjritane pantjen nyedihake, saja nalika deweke ditawan digebugi, bandjur arep diukum pati, nganti Erlinah dadi nangis. (Kaca 66)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunlampahi dening Erlinah saged dipunpungkasi nalika Yanto ngendika sampun nangis dhateng Erlinah. Menawi Erlinah nangis, Yanto mindhak kelara-lara, kelingan nalikanipun piyambakipun wonten alan ijen tanpa kanca. Kang mangka Yanto samenika sampun slamet kanthi bagas waras, kados dene kutipan wonten ingandhap menika.

Wis ta dik, adja nangis, wong aku saiki wis slamet. Jen kowe nangis, mundak atiku kelara-lara, kelingan nalika aku urip ana alas idjen tanpo rewang. (Kaca 66)

Kanthi cara Yanto ngendika supados Erlinah sampun nangis, Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunraosaken Erlinah ingkang awujud trenyuh menika saged dipunpungkasi nalika semanten.

e. Sebabipun saha Pungkasaning Konflik paraga Pak Suradiman.

1) Kuwatos

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening paraga Pak Suradiman inggih menika awujud Kuwatos. Kuwatos menika dipunsebabaken amargi piyambakipun lan andhahanipun dipunpadosi dening mengsah sarana wadyabala, motor mabur, capung, saha halycopter ingkang dipunsebar wonten ing pundi-pundi, kados dene kutipan wonten ing gandhap menika.

Ora mung wadyabala bae sing disebar nggoleki, nanging motor mabur, tjapung, lan hylycopter uga pada disebar menjang endi2, swarane pating brengengeng kakiteran ing tawang ora ana pedote. (Kaca 41)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Pak Suradiman inggih menika piyambakipun ribut, lajeng sami dipunwungokake andhahanipun ingkang taksih sami eca-eca nglempus anggenipun tilem, boten mangertos badhe wonten bebaya dhateng, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Pak Suradiman ribut, bandjur pada nggugahi andhahane kang isih pada enak-enak nglempus anggone turu, ora ngerti bakal ana bebaja teka. (Kaca 41)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kedadosan dening Pak Suradiman menika saged dipunpungkasi nalika piyambakipun lan andhahanipun sedaya sami ndhelik. Ewadene badanipun gerah mentas kecantol ri bebondhotan ananging piyambakipun tetep mendel kemawon boten sami obah, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Kabeh pada ndelik lan ora ana sing wani obah, senadjan awake lara mentas ketjantol ri bebondotan tetep meneng. (Kaca 41)

Kanthi cara Pak Suradiman lan andhahanipun sedaya sami ndhelik saged kangge mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunraosaken dening Pak Suradiman ingkang awujud Kuwatos nalika semanten.

Wujudipun psikologis nalika konflik ngkang kalampahan dening Pak Suradiman salajengipun inggih menika dipunsebabaken amargi nalika piyambakipun nropong saking sisih wetan, lajeng katingal wonten regemenging tiyang miyos ingakng kathah cacahipun. Lajeng nalika dipuntamataken sejatosipun ingkang miyos kala wau patroli ingkang kangge seragam sarwa becik, lan sedaya personilipun ngasta gegaman dipuncangklong wonten ing pundhakpun, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Nanging bareng ditropong saka sisih wetan, bandjur katon ana regemenging wong liwat, akeh tjatjahe. Bareng ditamatake djebule sing lagi liwat mau patroli, panganggone seragam apik. Kabeh nggawa gegaman ditjangklong ing pundake. (Kaca 42)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Pak Suradiman inggih menika nalika piyambakipun lajeng paring sasmita supados sedaya ndhelik, kuwatos dipuntingali mengsah. Saking tembung ‘kuwatir diwerunhi mungsuh’, menika ingkang dados pratandha bilih konflik menika awujud konflik kuwatos, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Pak Suradiman banjur aweh sasmita, supaya kabeh ndelik, kuwatir diweruhi mungsuh. (Kaca 42)

Kangge mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Pak Suradiman, sedaya andhahanipun lajeng sami ndhelik, sinambi ngawasake ingkang saweg sami miyos, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Kabeh sanalika bandjur pada ndelik, karo ngawasake sing lagi pada liwat. Saka rumangsane kabeh pada mlaku ngener papan pandelikane. (Kaca 42)

Kanthi cara Pak Suradiman lan sedaya andhahanipun sami ndhelik saged kangge mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Pak Suradiman ingkang awujud kuwatos nalika semanten.

2) Males

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Pak Suradiman ingkang pungkasan inggih menika awujud males utawi *balas dendam*. Males menika dipunsebabaken amargi nalika Yanto lan Sutopo dipunbrondong mimis dening mengsah ingkang saweg ndhelik wonten ing sanginggilipun sendhang ing mrika, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Janto karo Sutopo dibrondong mimis dening mungsuh sing lagi ndelik ana sanduwuring sendang kono. (Kaca 44)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalmpahan dening Pak Suradiman inggih menika nalika piyambakipun lan andhahanipun ingkang taksih wonten ing wingking nalika mangertos Yanto lan Sutopo dipunbrondong mimis

dening mengsah, lajeng nulungi, males mbrondong mengsah, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Pak Suradiman lan kantja-kantjane sing isih ana mburi, bareng ngerti Janto lan Sutopo dibrondong mimis dening mungsuh, bandjur nulungi, males mbrondong mungsuh. (Kaca 44)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang dipunlampahi dening Pak Suradiman ingkang awujud males menika saged dipunpungkasi kanthi cara nalika wusananipun lajeng dados pertempuran ingkang ageng, Yanto lan Sutopo saged lolos saking pambrondonging mengsah, kados dene kutipan wonteni ng ngandhap menika.

Wusana bandjur dadi pertempuran rame. Janto lan Sutopo bisa mlaju, lolos saka pambrondonging mungsuh, mlaju metu dalan perengan. (Kaca 44)

Kanthi cara males mbrondong mengsah ingkang dipuntindakaken dening Pak Suradiman lan andhahanipun, Yanto lan Sutopo saged lolos saking pambrondonging mengsah. Menika sedaya saged kangge mungkasi konflik ingkang dipunlampahi dening Pak Suradiman nalika semanten.

f. Sebabipun saha Pungkasaning Konflik paraga Sutopo.

1) Kuciwa

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening paraga Sutopo inggih menika awujud kuciwa. Kuciwa menika dipunsebabaken amargi

piyambakipun sampun ngentosi Pak komandhan lan kanca-kancanipun ngantos badhe setugel dinten, ananging sedaya boten wonten ingkang satingal, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Wis dianti meh setugel dina, nanging kabeh ora ana sing katon sidji-sidjija. (Kaca 45)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Sutopo inggih menika kuciwa amargi dipuntengga dumugi enjing ananging pak komandhan lan kanca-kancanipun boten ingkang sami katingal. Kang mangka Sutopo lan Yanto ing dalu menika sami mapan tilem wonten ing wit-witan, sinambi ngentosi kanca-kancanipun, mbokmenawi wonten ingkang wangsul wonten ing mrika, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Bengi iku botjah loro pada mapan turu ing wit-witan, karo ngenteni kantja-kantjane, mbok menawa ana sing bali mrono, nanging sing ditunggu nganti gagat esuk ora ana katon sidji-sidjija. (Kaca 45)

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening Sutopo ingkang awujud kuciwa menika saged dipunpungkasi nalika piyambakipun lajeng nggadhahi pangira-ira, mbokmenawi kanca-kancanipun lan pak komandhan dipuncepeng dening mengsah, lajeng namung Sutopo lan Yanto kemawon ingkang saged lolos, kados dene kutipan wonten ing ngandhap menika.

Saiki sakarone bandjur pada nduweni pangira-ira, menawa kantja2 kabeh lan pak komandan ditawan mungsuh, mung Janto lan Sutopo dewe sing bisa lolos. (Kaca 45)

Kanthi cara nggadhahi pangira-ira sakintenipun pak komandhan lan kanca-kancanipun sampun kacepen dening mengsah, lajeng Yanto lan Sutopo kemawon ingkang saged lolos, saged kangge mungkasi Wujudipun psikologis nalika konflik awujud kuciwa ingkang kalampahan dening Sutopo nalika semanten.

Saking pirembaganipun panaliten menika saged kadudut bilih wujudipun psikologis nalika konflik wonten ing novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara wonten enem paraga ingkang ngraosaken Wujudipun psikologis nalika konflik, inggih menika paraga Yanto nglampahi 14 wujudipun psikologis nalika konflik, ing antawisipun sedhih, meri (iri), kuciwa, nekad, sadhar, bingung, kaget, grogi, mareming manah, ajrih, *berontak*, kuwatos, keduwung lan pasrah. Lajeng paraga Yatun nglampahi wujudipun psikologis nalika konflik awujud kuwatos, paraga Pak Karyo nglampahi Wujudipun psikologis nalika konflik awujud duka, paraga Erlinah nglampahi Wujudipun psikologis nalika konflik awujud sedhih, kuwatos, grogi, isin, mangkel, lan trenyuh. Lajeng paraga Pak Suradiman nglampahi Wujudipun psikologis nalika konflik awujud kuwatos lan males, saha paraga Sutopo nglampahi Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang awujud kuciwa.

Wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kedadosan dening para paraga wonten ing novel Adiling Pangeran saged kalampahan amargi wonten sebabipun konflik, lan saged dipunpungkasi kanthi pungkasaning konflik.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembaganipun dhateng novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara pramila saged kadudut kanthi mekaten.

1. Asiling panaliten dhateng wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kedadosan dening para paraga wonten ing novel *Adiling Pangeran* ngandharaken bilih paraga Yanto nglampahi sekawan welas wujudipun psikologis nalika konflik, ing antawisipun sedhih, meri (iri), kuciwa, nekad, sadhar, bingung, kaget, grogi, mareming manah, ajrih, berontak, kuwatos, keduwung, lan pasrah. Salajengingun wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening paraga Yatun inggih menika kuwatos, wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening paraga Pak Karyo inggih menika awujud duka, wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening paraga Erlinah inggih menika awujud sedhih, kuwatos, grogi, isin, mangkel, saha trenyuh. Lajeng

wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening paraga Pak Suradiman inggih menika awujud kuwatos lan males, saha wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kalampahan dening paraga Sutopo awujud kuciwa. Saking wujudipun psikologis nalika konflik ingkang kedadosan dening para paraga wonten ing novel *Adiling Pangeran*, saged kadudut bilih para paraga nglampahi Wujudipun psikologis nalika konflik sejatosipun kawiwitan saking dhorongan *id* ingkang dipunraosaken.

2. Asiling panaliten dhateng sebabipun konflik saha pungkasaning konflik ingkang kedadosan inggih menika awujud: sebabipun konflik – wujudipun psikologis nalika konflik – pungkasaning konflik ingkang kedadosan, saking para paraga wonten ing novel *Adiling Pangeran*.

Panaliten ngengingi psikologi sastra wonten ing novel sampun kathah ingkang dipunlampahaken. Panaliten wonten ing jurnal ingkang dados acuan inggih menika *Penokohan dalam Novel Nalika Langite Obah Karya Esmiet (Sebuah Tinjauan Psikologi Sastra)* dening Dian Putri Jauhari, saha *Perwatakan Tokoh Utama dalam Novel Astirin Mbalela Karangan Peni Sebuah Tinjauan Psikologi Sastra* dening Chendy Mayayuanita M. Bedanipun panaliten menika kaliyan panaliten ing sampun kalampahan inggih menika panaliten ngandharaken babagan wujudipun psikologis nalika konflik, sebabipun saha pungkasaning konflik ingkang kalampahan dening para paraga kanthi migunakaken teori *psikoanalisis Sigmund Freud*, inggih menika *id*, *ego*, lan *superego* ingkang dados gegaran wonten ing panaliten menika. Kejawi mekaten, novel ingkang dipunginakaken

kangge neliti wonten ing panaliten menika inggih menika novel kanthi migunakaken Basa Jawi.

B. Implikasi

Panaliten menika saged dipunginakaken minangka *media alternatif* dhateng para guru kangge mbikak wosipun lan makna saking karya sastra. Panaliten psikologi sastra ingkang adhedhasar *teori psikoanalisis* Sigmund Freud inggih menika salah satunggaling teori ingkang saged dipunginakaken kangge ngrembag babagan karya sastra.

Asiling panaliten menika saged dipunginakaken dados pangertosan ing babagan sastra lan saged dipunginakaken minangka *bahan referensi* wonten ing panaliten ingkang jumbuh utawi panaliten sanes mliginipun ingkang gegayutan kaliyan ngelmu kasusastran ingkang objek kajianipun arupi novel.

C. Pamrayogi

Panaliten dhateng novel *Adiling Pangeran* anggitanipun Any Asmara menika taksih dipunwatesi dhateng wujudipun psikologis nalika konflik, sebabaipun saha pungkasaning konflik ingkang kedadosan kemawon. Paneliti atur pamrayogi bilih mangke wonten paneliti salajengipun ingkang saged ngandharaken babagan *perwatakan* ingkang migunakaken pendekatan psikologi sastra dhateng novel *Adiling Pangeran* menika.

KAPUSTAKAN

Asmara, Any. 1967. *Adiling Pangeran*. Semarang : Adidjaya.

Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi* . Yogyakarta : Pustaka Widyatama.

_____ 2008. *Metode Penelitian Psikologi Sastra: Teori, Langkah, dan Penerapannya*. Yogyakarta: MedPress.

Dirgagunarsa, Singgih. 1978. *Pengantar Psikologi*. Jakarta: Mutiara.

Hall, Calvin S. & Gadrner Lindzey. 1993. *Psikologi Kepribadian 1: Teori-Teori Psikodinamik (Klinis).* Yogyakarta: Kanisius.

Hardjana, Andre. 1985. *Kritik Sastra Sebuah Pengantar*. Jakarta: Gramedia.

Jauhari, Dian Putri. 2009. *Penokohan Dalam Novel Nalika Langite Obah Karya Esmiet Suatu Tinjauan Psikologi Sastra*. Skripsi S-1. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.

Koeswara, E. 1991. *Teori-teori Kepribadian*. Bandung: PT Eresco.

Mayayuanita, Chendy. 2011. *Perwatakan Tokoh Utama dalam Novel Astirin Mbalela Karangan Peni Sebuah Tinjauan Psikologi Sastra.* Skripsi S-1. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.

Minderop, Albertine. 2011. *Psikologi Sastra: Karya Sastra, Metode, Teori, dan Contoh Kasus. Jakarta* : Yayasan Pustaka Obor Indonesia.

Nurgiyantoro, Burhan. 2012. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.

Pusat Bahasa Deparetemen Pendidikan Nasional. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga*. Jakarta: Balai Pustaka.

Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar.

Siswantoro. 2005. *Metode Penelitian Sastra: Analisis Psikologis*. Surakarta: Muhammadiyah University Press

Sayuti, Suminto A. 2000. *Berkenalan Dengan Fiksi*. Yogyakarta: Gama Media.

Sujanto, Agus dkk. 1993. *Psikologi Kepribadian*. Jakarta: Bumi Aksara.

Utomo, Imam Budi, dkk. 2002. *Eskapisme Sastra Jawa*. Balai Bahasa Yogyakarta: Yogyakarta.

Wellek, Rene dan Austin Werren. 1990. *Teori Kesuastraan.* Terjemahan dalam bahasa Indonesia oleh Melani Budianta. Jakarta: Gramedia.

Wiyatmi. 2011. *Psikologi Sastra*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.

Zaidan, Agus Razak, dkk. 1994. *Kamus Istilah Sastra*. Jakarta: Balai Pustaka.

LAMPIRAN I SINOPSIS NOVEL *ADILING PANGERAN* ANGGITANIPUN ANY ASMARA

ADILING PANGERAN

Wektu semono wayahe lagi jam lima sore, srengenge wis gumlewang ing bang kulon, cahyane abang kapuranta kaya gambaran pinulas asri, kaling-kalingan gunung, endah dinulu sumunar ngebaki antariksa. Katon ana nonoman kang lagi nggambar, umure bangsane 19 taun, ulate kaya katon sajak suntrut sedhih. Lungguhe tanpa mobah-mosik kaya tugu sinukarta. Malah banjur mak brebel, luhe dleweran metu nibani pipine. Sesawangan sakiwa-tengene kono kang maune gawe lam-lamaning atine, banjur malah gawe lara-lapaning atine, gawe panglanguting jiwane. Gagasane saya nglambrang adoh banget, kelingan karo ibune dhewe sing saiki wis pisahan karo bapake wiwit umur limang taun. Adhine wadon, Yatun jenenge, sing tansah sok dicritani kasedhihane, nelakaken pepenginane anggone kepengin sinau maneh kaya kanca-kancane. Kang mangka Yanto anggone melu ujian wis bisa lulus, mung kari mlebu bae ditampa, nanging bapake puguh tetep ora gelem ngragadi.

Karepe bapake katimbang dhuwit kanggo ragad sekolah kang akeh, iya yen pinter, yen mogol rak saya sengsara. Mula becike kanggo tuku sapi bae kena kanggo nggarap sawah. Yen ana begjane setaun wis bisa oleh bathi pedhet.

Nanging sing dirasakake Yanto iku urip kanggo nyambut gawe, dudu nyambut gawe kanggo urip. Krungu tembung sing kaya ngono sanalika bapake Yanto (Pak Karyo), muntab nepsune, awit rumangsa diwulang dening anak. Pak Karyo ora arep ngragadi lan ora arep mikir marang Yanto.

Yanto sedhih banget krungu ngendikane bapake. atine kaya dirujit-rujit. Wetuning luhe kaya udan. Niyate sumedya oncat saka desane, arep ninggal adhine lan wong tuwane, arep ngumbara. Banjur njupuk dluwang gawe layang kanggo adhine. Layang nuli ditinggal ana mejane, wektu kuwi wayah jam telu esuk, Yanto metu liwat lawang butulan.

Dina candhake nalika Yanto ngaso ana sawijining warung, karo mijeti sikile sing krasa njarem, wong tuwa sing duwe warung bareng ngerti yen Yanto ulate katon sedhih, banjur diaturi nyang daleme mBah Bakri, panggonan sing bisa gawe padhanging pikir.

Nganti sewulan Yanto ana daleme mBah Bakri, saben bengi diwulang ngelmu kasampurnan, kanggo pathokaning wong urip. Banjur mulih menyang omahe ibune neng desa Karangkitri, mung telung dina. Banjur pamit arep ngumbara golek kapinteran menyang Jakarta.

Sawise tekan Jakarta, Yanto bingung papan endi sing arep dituju. Dumadakan ana mobil sing arep menyang Bogor nawani tumpangane menyang Yanto, ora dipikir dawa Yanto katut mobil mau.

Sawise tekan Bogor, Yanto bingung maneh, wis wayah bengi ora ngerti papan sing arep dituju. Banjur nemu akal, arep menyang pos polisi. Sing jaga pos polisi bengi iku kebeneran isih sedulure Yanto dhewe, Inspektur Sukaji asmane. Yanto

crita pirang-pirang anggone lunga saka omah kepengin sekolah. Malah karepe Inspektur Sukaji Yanto ana Bogor bae, arep disekolahake dening Inspektur Sukaji.

Dhasar pikirane landhep, Yanto dadi pangalembana para gurune kabeh, pinter, kendel, tur elingan. Malah saka karepe gurune Yanto dikon nerusake tugas belajar menyang Amerika.

Bareng wis tamat pendhidhikane ana Amerika, Yanto mulih, andakekaken Inspektur Sukaji bungah lan bangga karo dheweke. Yanto ana ing Bogor mung telung dina, banjur mulih menyang desane, awit wis kangen banget karo ibune, adhine, lan sedulur kabeh.

Nalika Yanto lagi ngenteni taksi sing arep menyang desane ibune, dumadakan saka sisih kidul ana sawijining kenya liwat tumuju mrono. Kenya mau dedege lencir, pakulitane kuning nemu giring, mripat blalak-blalak, rai bunder, irung ngrunggih. Yanto weruh kenya ayu mau atine banjur tab-taban. Wangune ora Janto dhewe sing atine tab-taban. Kenya ayu mau uga mangkono, bareng weruh ana nonoman gagah bregas, lambene tinumpangan brengos kang njlirit cilik mantesi, kang nuwuhi gagahe, sanalika panone kumepyur, atine dhag-dhog-dhig, kaya lakuning jam. E jebul sakloron wis padha tepung, lan padha senenge.

